

SONY[®]

XPERIA

sola

Buku tuntunan

Isi

Informasi penting.....	7
Android™ – apa lan ngapa?.....	8
Aplikasi.....	8
Persiyapan.....	9
Ngrakit.....	9
Nguripake lan mateni telpon	10
Panuntun persiyapan.....	11
Kunci layar.....	11
Akun lan layanan.....	12
Ngerteni telpon.....	13
Ringkesan telpon.....	13
Baterei.....	13
Nggunakake tombol.....	16
Nggunakake layar demek.....	16
Layar Ngarep.....	19
Kanggo ngakses lan nggunakake aplikasi.....	21
Status lan kabar.....	22
Menu setelan telpon.....	23
Ngetik teks.....	24
Nyelarasake telpon miturut kabutuhan.....	28
Memori.....	31
Nggunakake headset karo telpon.....	32
Setelan Internet lan olahpesen.....	32
Nggunakake Data monitor.....	33
Mateni lalu lintas data.....	34
Roaming data.....	34
Setelan jaringan.....	34
Nelpon.....	36
Telpon darurat.....	36
Nangani telpon.....	36
Surat swara.....	37
Telpon multi.....	38
Telpon konferensi.....	38
Setelan telpon.....	39
Kontak	41
Ngirim kontak menyang telpon anyar.....	41
Kontak ikhtisar layar.....	43
Pangaturan kontak.....	43
Komunikasi karo kontak sampeyan.....	45

Nuduhake kontak.....	45
Nggawe serep kontak.....	45
Olahpesen.....	47
Nggunakake olahpesen teks lan multimedia.....	47
Pilihan pesen teks lan pesen multimedia.....	48
Email.....	50
Nggunakake email.....	50
Nggunakake akun email.....	53
Gmail™ lan layanan Google™ liyane	54
Google Talk™	55
Timescape™.....	56
Pandheleng utama Timescape™.....	56
Nggunakake Timescape™.....	56
Setelan Timescape™.....	58
Widget Timescape™ Feed.....	58
Widget Timescape™ Friends.....	59
Widget Timescape™ Share.....	60
Miwiti Android Market™.....	61
Ngundhuh saka Android Market™.....	61
Mbusak data aplikasi.....	61
Ijin.....	62
Nginstal aplikasi ora saka Android Market™	62
Layanan PlayNow™.....	63
Sadurunge ngundhuh isi.....	63
Ngundhuh saka layanan PlayNow™.....	63
Video Unlimited™.....	64
Ringkesan menu Video Unlimited™.....	64
Nggawe akun Video Unlimited™.....	64
Njelajahi pilihan video Video Unlimited™.....	64
Nyewa utawa tuku video.....	64
Nonton video saka Video Unlimited™.....	65
Music Unlimited™.....	66
Diatur.....	67
Tanggalan.....	67
Jam weker.....	67
Mindhahi nganggo aplikasi NeoReader™.....	70
Ringkesan menu aplikasi NeoReader™.....	70
Sinkronisasi data ing telpon.....	71
Nyelarasake nganggo Google™.....	71
Nyelarasake email, tanggalan lan kontak perusahaan.....	72
Sinkronisasi karo Facebook™.....	72

Nyelarasake nganggo SyncML™.....	73
NFC.....	75
Area deteksi NFC.....	75
Nyambung menyang jaringan nirkabel.....	78
Wi-Fi®	78
Jaringan pribadi virtual (VPN).....	83
Browser web.....	85
Toolbar.....	85
Njelajah web.....	85
Navigasi kaca web.....	86
Ngatur tetenger.....	86
Ngatur teks lan gambar.....	87
Jendhela multi.....	88
Ndownload saka web.....	88
Setelan browser.....	88
Musik.....	90
Njaga pangrungon.....	90
Nyalin file media menyang kertu memori	90
Ngunakake pamuter musik	90
Ngenali musik nggunakake teknologi TrackID.....	96
Ngunakake kasil teknologi TrackID™.....	96
Ngunakake TrackID™ kanggo ngenali radio FM.....	97
Ngunakake radio FM.....	98
Ringkesan radio FM.....	98
Ngunakake saluran radio favorit.....	99
Nggawe telusuran saluran radio anyar.....	99
Ngalihake swara radio ing antarane sawetara piranti.....	99
Ngoper antarane mode swara mono lan stereo.....	99
Ngenali trek radio nggunakake TrackID™.....	100
Enggo bareng rincian musik sing disenengi ing Facebook™.....	100
Njupuk foto lan ngrekam video.....	101
Ringkesan kontrol kamera.....	101
Ngunakake kamera foto.....	101
Ngunakake kamera video.....	108
Kamera 3D	112
ringkesan kamera 3D.....	112
Ndeleng potret lan video ing Galeri.....	114
Mobile BRAVIA® Engine.....	114
Kanggo nggarap album.....	115
Ngarap potret ing Galeri.....	116

Ndeleng foto ing Album 3D.....	119
Ngatur potret ing Album 3D.....	119
teknologi nirkabel Bluetooth™.....	120
Njenengi telpon.....	120
Masangake karo piranti Bluetooth™ liyane.....	120
Ngirim lan nampa item kanthi nggunakake teknologi Bluetooth™....	121
Nyambungake telpon menyang komputer.....	123
Nransfer lan nangani konten nggunakake kabel USB.....	123
Nransfer file nggunakake mode Transfer media liwat Wi-Fi®.....	123
PC Companion.....	124
Media Go™	124
Nggunakake layanan lokasi kanggo nggoleki posisi sampeyan.....	126
Nggunakake GPS.....	126
Google Maps™.....	127
Nggunakake Google Maps™ kanggo mangerteni arah.....	127
Nggawe serep lan mulihake konten telpon.....	129
Jinis konten sing bisa digawe serep.....	129
Ngunci lan nglindhungi telpon.....	130
Nomer IMEI.....	130
Perlindungan kertu SIM.....	130
Setelan kunci layar.....	131
Nganyari telpon.....	133
Nganyari telpon kanthi nirkabel.....	133
Nganyari telpon nggunakake sambungan kabel USB.....	133
Ringkesan setelan telpon.....	135
Ringkesan lambang kabar lan status.....	136
Lambang status.....	136
Lambang kabar.....	136
Ringkesan aplikasi.....	138
Dhukungan pangguna.....	140
Ngatasi masalah.....	141
Telpon ora bisa digunakake kaya samesthine.....	141
Ngreset telpon.....	141
Lambang ngisi baterei ora katon nalika telpon wiwit ngisi daya.....	142
Kinerja baterei kari sethithik.....	142
Aku ora bisa nransfer isi antarane telpon lan komputer, yen nggunakake kabel USB.....	142
Ora bisa nggunakake layanan basis Internet.....	142
Pesen kesalahan.....	142
Daur-ulang telpon sampeyan.....	143

Informasi hukum.....	144
Indeks.....	145

Informasi penting

Waca bagean *Informasi penting* sadurunge nggunakake ponsel.

- ! Sawetara layanan lan fitur sing diterangake ing Buku tuntunan iki ora didhukung ing kabeh negara/wilayah utawa dening kabeh jaringan lan/utawa panyedhiya layanan ing kabeh wilayah. Tanpa watesan, iki ditrapake kanggo Nomer Darurat Internasional GSM 112. Hubungi operator jaringan utawa panyedhiya layanan kanggo nemtokake kasedhiyan layanan utawa fitur tartamtu lan manawa dikenani biaya akses utawa panggunaan tambahan.

Android™ – apa lan ngapa?

Telpon cerdas Xperia saka Sony mlaku nganggo platform Android. Telpon Android bisa nglakokake akeh fungsi sing padha minangka komputer lan bisa disetel miturut kabutuhan sampeyan. Misale, sampeyan bisa nambah lan mbusak aplikasi, utawa ningkatake aplikasi sing ana kanggo ngapikake fungsi. Ing Android Market™ sampeyan bisa ngundhuh sawetara aplikasi lan game saka koleksi sing terus saya akeh. Sampeyan uga bisa nggabungake aplikasi ing telpon Android™ karo aplikasi liyane lan layanan online sing sampeyan gunaake. Umpamane, sampeyan bisa nggawe serep kontak telpon, ngakses akun email lan tanggalan liyane saka sakpanggonan, nglacak janji, lan aktif ing jaringan sosial.

Telpon Android™ saya suwe saya apik. Yen kasedhiya versi piranti lunak anyar lan telpon ndhukung piranti lunak anyar iki, sampeyan bisa nganyarake telpon kanthi njupuk fitur-fitur anyar lan pangapikan pungkasan.

💡 Telpon Android™ wis diiseni layanan Google™. Kanggo ngoptimalake layanan Google™ sing kasedhiya, sampeyan kudu nggawe akun Google™ lan mlebu ing akun kasebut nalika sapisanan miwiti telpon. Sampeyan uga kudu duwe akses internet kanggo nggunakake fitur-fitur ing Android™.

! Rilis piranti lunak anyar bisa uga ora kompatibel karo kabeh telpon.


Aplikasi

Aplikasi iku sawinine program telpon sing mbantu sampeyan nindakake tugas. Umpamane, ana aplikasi sing dianggo nelpon, njupuk foto lan ngundhuh aplikasi liyane.

Persiapan

Ngrakit


Nyopot tutup mburi



- Gunakake jempol, penet manet tutup mburi, banjur geser munggah.


Nglebokake kertu memori lan kertu SIM

- ! Aja nglebokake kertu SIM sing ora kompatibel ing slot kertu SIM. Yen kuwi ditindakake kertu SIM utawa telpon bisa rusak saklawase.




- Pateni telpon lan copot tutup mburi, banjur lebokake kertu memori menjang slot sing ana hubungane.
- ! Kertu memori mbokmenawa ora kalebu dituku ing kabeh pasar.

Nyopot kertu SIM




- 1 Pateni telpon.
- 2 Copot tutup mburi.
- 3 Selehake pucuk driji menyang kertu SIM lan seret metu saka slot.

Nyopot kertu memori



- 1 Pateni telpon, utawa copot kertu memori saka **Setelan > Panyimpanan > Copot kertu SD**.
- 2 Copot tutup mburi, banjur tarik kertu memori metu kanggo nyopot.

Masang tutup mburi




- 1 Selehake tutup mburi ing bagean mburi telpon, banjur dipenerake menyang slote.
- 2 Geser tutup menyang bagean ngisor telpon. Sampeyan bakal krungu swara klik yen kunci tutup mburi wis semeleh.

Nguripake lan mateni telpon

Nguripake telpon

- ! Priksa manawa baterai wis kebak kanggo paling sethithik 30 menit sadurunge nguripake telpon kaping pisanan.



- 1 Pencet terus tombol daya ⓘ sing ana ing sisih kiwa telpon nganti telpon kedher.
 - 2 Yen layar dadi peteng, pencet tombol daya ⓘ sedhela kanggo nguripake layar.
 - 3 Kanggo mbukak kunci layar, seret ⓘ menyang sisih tengen layar.
 - 4 Ketik PIN kertu SIM yen dijaluk, banjur pilih **OK**.
 - 5 Enteni sedhela nganti telpon urip.
- 💡 PIN kertu SIM diwenehake dening operator jaringan, nanging sampeyan bisa ngganti mengko saka menu **Setelan**. Kanggo ngoreksi kesalahan sajrone ngetik PIN kertu SIM, tunyuk ⓘ.


Mateni telpon

- 1 Penet terus tombol daya ⓘ nganti menu pilihan mbukak.
 - 2 Ing menu pilihan, tunyuk **Daya mati**.
 - 3 Tunyuk **OK**.
- ! Butuh sawetara wektu nganti telpon mati.

Panuntun persiapan

Nalika sapisanan sampeyan miwiti telpon, panuntun persiapan mbukak kanggo nerangake fungsi-fungsi dhasar ing telpon lan mbantu sampeyan ngatur setelan-setelan sing penting. Iki wektu sing apik kanggo ngatur telpon supaya cocog karo kabutuhan tartamtu. Sampeyan uga bisa mlumpat sawetara langkah lan ngakses panuntun persiapan kanthi manual ing tahap sabanjure.

Ngakses panuntun persiapan kanthi manual

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Pandhuan persiapan**.



Kunci layar

Nalika telpon urip lan dienengake sawetara wektu, layar dadi peteng kanggo ngirit daya baterai, lan ngunci sakcara otomatis. Kunci iki ngalangi tumindak tanpa kasengaja ing layar demek nalika sampeyan lagi ora nggunakake telpon. Ing layar sing dikunci, sampeyan isih bisa ndeleng kabar, contone, kabar yen ana telpon ora kejawab sing mlebu wiwit telpon dikunci. Sampeyan uga bisa ngontrol puter maneh trek audio tanpa mbukak kunci layar.

Ngaktifake layar



- Penet sedhela tombol daya .

Kanggo ndeleng panggilan ora kejawab saka layar kemunci

- 1 Kanggo nguripake layar, penet sedhela tombol daya .
- 2 Seret  menyang sisih tengen layar.





Ndeleng pesen teks anyar saka layar kemunci



- 1 Kanggo nguripake layar, penet sedhela tombol daya .
- 2 Seret  menyang sisih tengen layar.






Muter trek audio saka layar kemunci

- 1 Kanggo nguripake layar, penet sedhela tombol daya .
- 2 Kanggo nampilake kontrol pamuter musik, selehake driji ing area wektu lan tanggal banjur geser ngiwa.
- 3 Tunyuk .

Ngaso trek audio saka layar kunci

- 1 Kanggo cepet ngaktifake layar, penet tombol daya  sedhela wae.
- 2 Yen ditampilake kontrol pamuter musik, tutul .

Ngganti trek audio sing lagidiputer saka layar kunci

- 1 Kanggo cepet ngaktifake layar, penet tombol daya  sedhela wae.
- 2 Yen ditampilake kontrol pamuter musik, tutul  utawa .

Kanggo mbukak kunci layar



- Seret  menyang sisih tengen layar.

Ngunci layar kanthi manual

- Nalika layar aktif, penet sedhela tombol .

Akun lan layanan

Mlebu menyang akun layanan online saka telpon lan entuk manfaat saka sawetara layanan. Layanan kombinasi lan njupuk mupangat sing saya akeh. Umpamane, ngumpulake kontak saka akun Google™ lan Facebook™ banjur nggabungake akun mau menyang buku telepon, supaya kabeh disimpen ing sak panggonan.

Sampeyan bisa mlebu ing layanan online saka telpon lan uga saka komputer. Nalika mlebu pisanan, ana akun sing digawe nganggo jeneng pangguna, sandhi, setelan lan informasi pribadhi sampeyan. Liya wektu yen sampeyan mlebu, sampeyan bisa ndeleng data sing wis digawe pribadhi.

Akun Google™

Duwe akun Google kuwi kunci kanggo nggunakake rerangken aplikasi lan layanan ing telpon Android. Sampeyan mbutuhake akun Google™, contone, kanggo nggunakake aplikasi Gmail™ ing telpon, kanggo ngobrol karo kanca-kanca kanthi nggunakake Google Talk™, kanggo nyelarasake tanggalan sampeyan kanthi nganggo Google Calendar™, lan kanggo ngundhuh aplikasi sarta game saka Android Market™.

Microsoft® Exchange ActiveSync® account

Selarasake telpon karo akun Microsoft® Exchange ActiveSync® perusahaan sampeyan. Kanthi mangkene, sampeyan bisa nglacak email, kontak lan acara tanggalan perusahaan kapan wae.

Akun Facebook™



Facebook™ nyambungake sampeyan karo kanca-kanca, kaluwarga lan kolega sak ndonya. Mlebu saiki kanggo nuduhake donyamu menyang liya-liyane.

Akun SyncML™

Sinkronisasi telpon karo server Internet nggunakake SyncML™. Deleng lan atur kontak, acara tanggalan lan tetenger saka telpon kanthi gampang kaya nalika ngatur nganggo komputer.

Ngerteni telpon

Ringkesan telpon




- | | |
|------------------------------------|----------------------|
| 1. Konektor headset | 11. Layar tutul |
| 2. Earphone | 12. Tombol daya |
| 3. Sensor cahya | 13. Lampu LED kamera |
| 4. Sensor jarak | 14. Mikropon kaloro |
| 5. Konektor pangisi daya/Kabel USB | 15. Lensa kamera |
| 6. Tombol Volume/Zoom | 16. Area deteksi NFC |
| 7. Tombol kamera | 17. Speaker |
| 8. Tombol menu | 18. Bolongan tali |
| 9. Tombol Ngarep | 19. Mikropon utama |
| 10. Tombol bali | |

Baterei


Telpon wis ditempli baterei.

Ngisi daya baterai

Isi daya telpon kanggo paling sethithik 30 menit sadurunge nguripake telpon nalika kaping pisanan. Nalika sampeyan nyambungake kabel pangisi daya menyang sumber listrik, kayata port USB utawa pangisi daya telpon, perlu sawetara menit nganti lambang baterai  metu ing layar. Sampeyan isih bisa nggunakake telpon nalika diisi daya. Ngisi daya telpon nganti suwe banget, umpamane sawengi nutug, ora bakal ngrusak baterai utawa telpon.

- ! **Baterai bakal kalong sethithik sawise diisi daya nganti kebak banjur ngisi maneh daya sawise sawetara wektu nalika pangisi daya disambungake. Iki tujuane supaya umur baterai awet lan status pangisian daya nuduhake tingkat kurang saka 100 persen.**

Ngisi daya telpon



- 1 Tancepake pangisi daya telpon menyang stopkontak.
- 2 Tancepake kabel USB menyang pangisi daya (utawa menyang port USB ing komputer).
- 3 Tancepake pucuk kabel USB sijine menyang port micro USB ing telpon, kanthi simbol USB madhep munggah. LED status baterai bakal urip nalika ngisi daya diwiwiti. Yen daya baterai kosong, bisa diperlokake sawetara menit sadurunge lampu LED murup sawise kabel pangisi daya telpon disambungake menyang sumber daya.



- 4 Yen warna LED status baterai ijo, tegese daya telpon wis kebak. Jabut kabel USB saka telpon kanthi narik nanging aja nganti nekuk. Aja nganti nekuk konektor nalika njabut kabel saka telpon.



Status baterai LED

Ijo	Isi daya baterai wis kebak
Abang kethip-kethip	Baterai kari sethithik
Oranye	Baterai lagi diisi daya. Tingkat baterai sedheng

Mriksa level baterai


- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Babagan telpon > Status**.

Ngapiki kinerja baterai

Tips ing ngisor iki bisa mbantu ningkatake kinerja baterai:

- Kerep isi daya baterai. Iki ora bakal mengaruhi umur panggunaan baterai.
- Ngundhuh data saka Internet nggunakake daya akeh. Yen lagi ora nggunakake internet, sampeyan bisa ngirit daya kanthi mateni kabeh sambungan data liwat jaringan seluler. Setelan iki ora ngalangi telpon ngirim data liwat jaringan nirkabel liyane.
- Pateni GPS, Bluetooth™ lan Wi-Fi® nalika ora mbutuhake fitur-fitur kasebut. Sampeyan bisa nguripake lan mateni fitur-fitur kasebut kanthi luwih gampang kanthi nambahake widget setelan Cepet menyang Layar Ngarep. Sampeyan ora perlu mateni 3G.
- Gunakake fitur **Panyimpen Daya** kanggo ngurangi konsumsi daya baterai. Sampeyan bisa milih mode hemat daya sing paling cocok karo cara panggunaan telpon sampeyan. Sampeyan uga bisa matutake setelan saben mode hemat daya.
- Setel aplikasi sinkronisasi (kanggo nyelarasake email, tanggalan, lan kontak) kanggo nyelarasake kanthi manual. Sampeyan uga bisa nyelarasake kanthi otomatis, nanging bakal nambah interval sinkronisasi.
- Priksa menu panggunaan baterai ing telpon kanggo ndeleng aplikasi endi sing nggunakake daya paling akeh. Baterai nganggo daya luwih akeh nalika sampeyan nggunakake aplikasi video lan streaming musik, kayata YouTube™. Sawetara aplikasi Android Market™ uga nganggo daya luwih akeh.
- Tutup lan metu saka aplikasi sing ora digunakake.
- Suda level padhange tampilan layar.
- Pateni telpon utawa aktifake **Mode pesawat** yen sampeyan ana ing wilayah sing ora dijangko jaringan. Yen ora, telpon bakal bola-bali mindai jaringan sing kasedhiya, lan iki ngentekake daya.
- Gunakake piranti handsfree asli saka Sony kanggo ngrungokake musik. Piranti handsfree nggunakake daya baterai luwih sethithik tinimbang speaker telpon.
- Aktifake telpon ing mode siyaga kapan wae yen bisa. Wektu siyaga nuduhake wektu sajrone telpon disambungake menyang jaringan lan lagi ora digunakake.
- Bukak www.sonymobile.com kanggo entuk tips kinerja baterai paling anyar kanggo model telpon sampeyan.


Ngakses menu panggunaan baterai

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan** > **Babagan telpon** > **Panggunaan baterai** kanggo ndeleng aplikasi endi sing diinstal sing paling akeh nggunakake daya baterai.

Nambahake widget Lalu lintas data menyang layar Ngarep

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
- 2 Tunyuk **Tambah** > **Widget** > **Alat**.
- 3 Gulung cepet ngiwa lan pilih widget **Lalu lintas data**. Sampeyan saiki bisa nguripake lan mateni sambungan data kanthi luwih gampang.

Nambahake widget setelan Quick menyang layar

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
- 2 Tunyuk **Tambah** > **Widget** > **Alat**.
- 3 Milih widget **Setelan cepet**.


Ngurangi konsumsi daya baterai nganggo Power Saver

Gunakake mode hemat daya prasetel kanggo ngatur aplikasi sing nguras daya lan ngurangi konsumsi daya baterai. Nganggo Power Saver, sampeyan uga bisa matutake setelan ing saben mode hemat daya supaya cocog karo cara panggunaan telpon sampeyan.

Ngaktifake mode hemat daya

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Panyimpen Daya**.
- 3 Tutul lambang ing jejere mode hemat daya sing pengin diaktifake.



Mateni mode hemat daya

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Panyimpen Daya**.
- 3 Tutul lambang sing murup ing jejere mode hemat daya sing aktif kanggo mateni.


Ngganti setelan kanggo mode hemat daya

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Panyimpen Daya**.
- 3 Kanggo mbukak menu setelan, tutul jeneng mode hemat daya.
- 4 Centhang fitur sing pengin dipateni kanggo ngirit daya.
- 5 Tutul **Rampung**.

Kanggo nampilake kabar panyimpen daya

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Panyimpen Daya**.
- 3 Pencet , banjur pilih **Setelan**.
- 4 Centhang kothak **Kabar**.

Nggunakake tombol



Bali

- Bali menyang layar sadurunge
- Nutup papan tombol layar, kothak dialog, menu pilihan, utawa panel Kabar



Ngarep

- Mbukak Layar Ngarep
- Penet terus kanggo mbukak jendhela sing nuduhake aplikasi sing lagi wae kanggo



Menu

- Mbukak dhaptar pilihan sing kasedhiya ing layar utawa aplikasi saiki

Nggunakake layar demek

Lembar plastik pelindung ditempelake ing layar telpon nalika sampeyan tuku telpon anyar. Lembaran iki kudu diklethek sadurunge nggunakake layar demek. Yen ora, layar demek ora bisa digunakake kanthi bener.

Nalika telpon urip lan dienengake sawetara wektu, layar dadi peteng kanggo ngirit daya baterai, lan ngunci sakcara otomatis. Kunci iki ngalangi tumindak tanpa kasengaja ing layar demek nalika sampeyan lagi ora nggunakake telpon. Sampeyan uga bisa nyetel kunci pribadi kanggo nglindhungi langganan lan mesthekake yen mung sampeyan bisa ngakses isi telpon.

- ! Layar telpon sampeyan digawe saka kaca. Aja ndemek layar yen kaca retak utawa pecah. Aja njajal ndandani dhewe layar sing rusak. Layar kaca sentisif kena benturan lan goncangan mekanis. Rusak amarga sembrono ora dijamin dening layanan garansi Sony.

Mbukak utawa nyorot item

- Tunyuk item.

Nyenthang utawa mbusak pilihan



- Tutul kothak sing cocog utawa pilihan dhaptar.

- Kothak sing dicenthang
- Kothak sing ora dicenthang
- Pilihan dhaptar sing dicenthang
- Pilihan dhaptar sing ora dicenthang


Zoom

Pilihan zoom sing kasedhiya gumantung menyang aplikasi sing digunakake.

Zoom

- Yen kasedhiya, tonyuk  utawa  kanggo nggedhekake utawa nyilikake.
- ! Sampeyan bisa uga kudu nyeret layar (sembarang arah) supaya lambang zoom ditampilake.

Zoom nganggo rong driji




- Tempelake rong driji ing layar banjur ciutake bareng-bareng (kanggo nyilikake) utawa ambakake (kanggo nggedhekake).
- 💡 Gunakake fungsi zoom nalika ndeleng foto lan peta, utawa nalika nelusuri web.

Nggulung

Gulung kanthi ngobahake driji menduwur utawa mengisor ing layar. Ing sawetara kaca web sampeyan bisa uga nggulung nyamping.


- ! Nyeret utawa nggulung cepet ora bakal mengaruhi layar.

Nggulung



- Seret utawa gulung cepet driji menyang arah sing arep digulung ing layar.
- 💡 Kanggo nggulung luwih cepet, geser cepet driji menyang arah sing dipengini ing layar.

Nggulung cepet




- Kanggo nggulung luwih cepet, geser cepet driji menyang arah sing dipengini ing layar. Sampeyan bisa nggenteni obahe nggulung nganti mandheg dhewe, utawa bisa dumadakan nyetop kanthi nunyuk layar.


Sensor

Telpon sampeyan nduweni sensor sing ndeteksi cahya lan jarak. Sensor cahya ndeteksi tingkat cahya sekitar banjur nyetel padhange layar. Sensor jarak mateni lampu layar tutul nalika ana praupan nutul layar. Iki ngindhari saka ora sengaja ngaktifake sawetara fungsi telpon nalika sampeyan nelpon.

Layar Ngarep


Layar Ngarep telpon sampeyan padha karo desktop ing komputer. Layar iki minangka gateway menyang fitur utama ing telpon. Sampeyan bisa ngatur Layar Ngarep karo widget, trabasan, folder, tema, wallpaper lan item liyane.

Ambane Layar Ngarep ngluwihi tampilan layar biasane, dadi sampeyan kudu nggulung cepet ngiwa utawa nengen kanggo ndeleng konten ing salah siji saka patang ekstensi layar.  nuduhake bagean Layar Ngarep sing saiki dipanggoni.



Item ing garis ing sisih ngisor layar tansah kasedhiya kanggo akses cepet.



Kanggo pindhah menyang layar Ngarep

- Pencet .

Kanggo nelusur layar Ngarep

- Gulung cepet nengen utawa ngiwa.


Nganggo bareng item saka layar Ngarep

- 1 Penet  kanggo mbukak Layar Ngarep.
- 2 Demek terus sawijine item nganti dadi gedhe lan telpon geter, banjur seret item menyang .
- 3 Pilih salah siji opsi banjur konfirmasi, yen prelu. Sampeyan saiki bisa nganggo bareng aplikasi lan widget sing dipengini karo kanca sing bisa ngundhuh lan nggunakake bebarengan.

Widget

Widget yaiku aplikasi cilik sing bisa langsung digunakake ing Layar Ngarep. Umpamane, widget pamuter Musik ngidini sampeyan miwiti muter musik kanthi langsung.

Nambahake widget menyang layar Ngarep

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
- 2 Tunjuk **Tambah > Widget**.
- 3 Tutul widget.

Njupuk ringkesan kabeh widget ing layar Ngarep


- Ciutake Layar Ngarep ing sisih endi wae. Kabeh widget saka bagean Layar Ngarep sing beda-beda ing saiki ditampilake ing saklayar.
- 💡 Nalika kabeh widget Layar Ngarep digabungake ing saklayar, tunjuk widget endi wae kanggo mbukak bagean ing Layar Ngarep sing ngemot widget kasebut.

Ngatur maneh layar Ngarep



Ngatur tampilan layar Ngarep lan ngganti fitur sing bisa diakses saka layar kasebut. Ngganti latar mburi layar, mindhah item, nggawe folder, lan nambahake trabasan menyang kontak.

Mbukak menu pilihan ing layar Ngarep



Sampeyan bisa mbukak menu pilihan Layar Ngarep kanthi rong cara:

- Saka Layar Ngarep, penet .
- Tutul terus Layar Ngarep ing sisih endi wae.

Nambahake trabasan menyang layar Ngarep

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
 - 2 Tunyuk **Tambah** > **Trabasan**.
 - 3 Golek banjur pilih trabasan.
-  Tambahake trabasan aplikasi langsung saka layar Aplikasi kanthi ndemek terus aplikasi kasebut.

Nambahake folder menyang layar Ngarep

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
 - 2 Tutul **Tambah** > **Folder**.
 - 3 Tik jeneng folder banjur tutul **Rampung**.
-  Seret lan selehake item ing sisih ndhuwur item liyane ing layar Ngarep kanggo nggawe folder kanthi otomatis.


Kanggo nambah item menyang folder

- Tutul terus sawijine item nganti dadi gedhe lan telpon geter, banjur seret item menyang folder.


Ngganti jeneng folder

- 1 Tunyuk folder kanggo mbukak.
- 2 Demek terus garis judhul folder kanggo nuduhake kolom **Jeneng folder**.
- 3 Ketik jeneng folder anyar banjur tunyuk **Rampung**.

Mindhah item ing layar Ngarep

- 1 Penet  kanggo mbukak Layar Ngarep.
- 2 Tutul terus item nganti dadi gedhe lan telpon kedher, banjur seret item menyang lokasi anyar.



Kanggo mbusak item saka layar Ngarep

- Tutul terus sawijine item nganti dadi gedhe lan telpon geter, banjur seret item menyang .



Ngganti latar mburi layar Ngarep

Atur Layar Ngarep kanthi gaya sing dikarepake nggunakake macem-macem wallpaper lan tema.

Ngganti wallpaper layar Ngarep

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
 - 2 Tunyuk **Wallpaper**, banjur pilih salah siji wallpaper.
-  Sampeyan bisa nggunakake foto sing wis dijupuk, utawa animasi. Bukak Android Market™ lan sumber liyane supaya bisa ngundhuh, umpayane, wallpaper nyata sing bisa gonti-ganti bebarengan karo gantine jam saben dinane.

Nyetel tema

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
 - 2 Tunyuk **Tema**, banjur pilih tema.
-  Nalika ngganti tema, ing sawetara aplikasi, latar mburi uga bakal diganti.

Kanggo ngakses lan nggunakake aplikasi


Mbukak aplikasi saka trabasan ing Layar Ngarep utawa saka layar Aplikasi.

Layar aplikasi

Layar Aplikasi, sing dibukak saka Layar Ngarep, ngemot aplikasi sing katut diinstal nganggo telpon bebarengan karo aplikasi sing diunduh.

Layar Aplikasi bisa ngluwihi ambane layar reguler, dadi sampeyan perlu nggulung cepet ngiwa lan nengen kanggo ndeleng kabeh isi.

Kanggo mbukak layar Aplikasi



- Saka Layar Ngarep, tunyuk .



Kanggo nelusur layar Aplikasi

- Bukak layar Aplikasi, banjur gulung cepet nengen utawa ngiwa.

Kanggo nggawe trabasan menyang aplikasi ing layar Ngarep

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tutul terus aplikasi nganti katon ing Layar Ngarep, banjur seret menyang lokasi sing dipengini.

Nganggo bareng aplikasi saka layar Aplikasi



- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tutul terus aplikasi nganti katon ing Layar Ngarep, banjur seret item kasebut menyang .
- 3 Pilih salah siji opsi banjur konfirmasi, yen prelu. Sampeyan saiki bisa nganggo bareng aplikasi sing dipengini karo kanca sing bisa ngundhuh lan nggunakake aplikasi kasebut.

Mbukak lan nutup aplikasi

Kanggo mbukak aplikasi

- Saka Layar Ngarep utawa layar Aplikasi, tutul aplikasi.


Kanggo mindhah aplikasi

- Pencet .
- 💡 Sawetara aplikasi dadi ngaso yen sampeyan menet  kanggo metu, nanging aplikasi liyane bisa terus aktif ing latar mburi. Yen mengkono, liya wektu yen sampeyan mbukak aplikasi, sampeyan bisa nerusake sing ketundha.


Jendhela aplikasi sing bubar digunakake


Sampeyan bisa ndeleng lan ngakses aplikasi sing bubar digunakake saka jendhela iki.

Mbukak jendhela aplikasi sing bubar digunakake


- Pencet terus .

Menu aplikasi

Sampeyan bisa mbukak menu sawayah-wayah nalika nggunakake aplikasi kanthi mencent tombol  ing telpon. Menu katon beda-beda gumantung saka aplikasi sing digunakake.




Mbukak menu ing aplikasi

- Nalika nggunakake aplikasi, pencet .
- ! Menu ora kasedhiya ing kabeh aplikasi.




Ngatur maneh layar Aplikasi

Mindhah-mindhah aplikasi mubeng ing layar Aplikasi miturut pilihan.




Ngatur aplikasi ing layar Aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk  kanggo mbukak layar Aplikasi .
- 2 Tunyuk  banjur pilih salah siji.

Kanggo mindhah aplikasi ing layar Aplikasi

- 1 Bukak layar Aplikasi, banjur tutul .
 - 2 Tutul terus item nganti dadi gedhe lan telpon geter, banjur seret item menyang lokasi anyar.
 - 3 Tutul  kanggo metu mode owahi.
- ! Sampeyan mung bisa mindhah aplikasi yen  dipilih.

Mbusak instal aplikasi saka layar Aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tunyuk . Kabeh instalasi aplikasi sing ora bisa dibusak ditandhani nganggo lambang .
- 3 Tunyuk aplikasi sing pengin dibusak instal, banjur tunyuk **OK**.

Status lan kabar

Garis status ing layar paling dhuwur ngatonake apa sing lagi aktif ing telpon. Ing sisih kiwa sampeyan entuk kabar yen ana sing anyar utawa sing lagi aktif. Umpamane, pesen anyar lan kabar tanggalan ditampilake ing kene. Sisih tengan ngatonake kekuatan sinyal, status baterai, lan informasi liyane.



Lampu kabar uga menehi informasi status baterai lan sawetara kabar. Umpamane, lampu biru kelip-kelip tegese ana pesen anyar utawa telpon ora kejawab. Lampu kabar bisa uga ora murup yen baterai kari sethithik.



Priksa kabar lan aktivitas sing lagi ditindakake


Sampeyan bisa nyeret garis status kanggo mbukak panel Kabar lan njupuk informasi liyane. Umpamane, sampeyan bisa nggunakake panel kanggo mbukak pesen anyar utawa ndeleng acara tanggalan. Sampeyan uga bisa mbukak sawetara aplikasi sing mlaku ing latar mburi, kayata pamuter musik.

Mbukak panel Kabar



- Seret mudhun baris status.

Kanggo nutup panel Kabar



- Seret munggah tab ing bagian ngisor panel Kabar.

Mbukak aplikasi sing mlaku saka panel Kabar

- Saka panel Kabar, tuncuk lambang aplikasi sing mlaku kanggo mbukak aplikasi.

Mbusak panel Kabar

- Saka panel Notifikasi, tuncuk **Busak**.

Menu setelan telpon

Ndeleng lan ngganti setelan telpon saka menu Setelan.

Ngakses setelan telpon


- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tunyuk **Setelan**.

Ngetik teks

Keyboard layar

Tunyuk tombol ing keyboard QWERTY sing ana ing layar kanggo ngetik. Sawetara aplikasi mbukak keyboard layar kanthi otomatis. Sampeyan uga bisa mbukak keyboard iki kanthi nutul kolom teks.

Nggunakake keyboard layar



- 1 Ganti huruf gedhe-cilik banjur uripake tombol huruf kapital. Kanggo sawetara basa, tombol iki digunakake kanggo ngakses huruf ekstra ing basa kasebut.
- 2 Nutup tampilan tombol layar. Cathet yen lambang iki ora katon ing mode ngadeg.
- 3 Tampilake nomer lan simbol.
- 4 Nampilake smileys.
- 5 Tik spasi.
- 6 Bukak menu setelan input kanggo nggenti, contone, ing **Basa tulis**. Tombol iki uga ngganti basa nulis nalika dipilih luwih saka siji basa input.
- 7 Penet tombol bali utawa konfirmasi input teks.
- 8 Mbusak karakter sadurunge kursor.

! Kabeh ilustrasi mung ditujokake kanggo ilustrasi lan ora kanthi nyata nggambarake telpon.

Nuduhake keyboard layar kanggo ngetik teks

- Tunyuk kolom entri teks.

Ndhelikake keyboard layar

- Nalika tombol layar mbukak, penet .



Nggunakake keyboard layar ing orientasi malang

- Nalika ngetik teks, puter telpon ing posisi miring.
- 💡 Supaya keyboard ndhukung fitur iki, aplikasi sing digunakake kudu ndhukung mode malang, lan setelan orientasi layar kudu disetel menyang otomatis.

Ngetik teks nggunakake keyboard layar

- Kanggo ngetik karakter sing ana ing keyboard, tunyuk karakter kasebut.
- Kanggo ngetik karakter liyane, tutul terus karakter keyboard biasane kanggo entuk dhaptar pilihan sing kasedhiya, banjur pilih saka dhaptar. Umpamane, kanggo ngetik "é", tutul terus "e" nganti ditampilake pilihan liyane, banjur, kanthi tetep menet driji ing keyboard, seret lan pilih "é".



Ngalih antarane huruf kapital lan huruf cilik

- Sakdurunge sampeyan ngetik layang, tunyuk  kanggo ngalih menyang baris ndhuwur , utawa sakwalike.


Ngaktifake huruf kapital

- Sadurunge ngetik tembung, tunyuk  utawa  nganti  katon.


Ngetik angka utawa simbol

- Nalika ngetik teks, tunyuk . Bakal ditampilake keyboard angka lan simbol. Tunyuk  kanggo ndeleng pilihan liyane.


Tik tandha waca sing umum

- 1 Yen wis rampung tik tembung, tutul bar spasi.
 - 2 Pilih tandha waca saka bar calon. Tandha sing dipilih dilebokake sadurunge spasi.
-  Kanggo ngetik titik kanthi cepet, tutul bar spasi kaping pindho yen sampeyan wis rampung ngetik tembung.

Nglebokake smiley

- 1 Nalika ngetik teks, tunyuk .
- 2 Pilih smiley.

Kanggo mbusak karakter

- Tunyuk kanggo nyeleh cursor sakwise karakter sing arep dibusak, banjur tunyuk .

Kanggo ngetik tombol bali

- Nalika ngetik teks, tutul  kanggo ngetik tombol bali.

Ngowahi teks



- 1 Nalika ngetik teks, tutul terus kolom teks nganti menu **Owahi teks** metu.
- 2 Pilih salah siji.

Nganggo guna Input gerak kanggo nulis tembung

Sampeyan bisa nulis teks kanthi ngusapake driji saka huruf menyang huruf liyane ing tombol layar ing layar. Angkat driji antarane tembung supaya telpon bisa ngenali.

- ! **Input gerak** mung kasedhiya yen sampeyan nggunakake tombol layar.

Nggenti setelan Input gerak

- 1 Nalika ngetik teks nggunakake keyboard layar, tutul . Yen wis milih basa tulis luwih saka siji, demek terus tombol basa input. Contone, demek terus .
- 2 Tutul **Setelan papan tombol** > **Setelan input teks**.
- 3 Tandhani utawa busak tandha kothak **Input gerak**.
- 4 Yen sampeyan pengin kanthi otomatis nambah spasi ing antarane obahe driji tanpa kudu saben-saben nutul bar spasi, tandhani kothak **Spasi sadurunge nyeret**.

Ngetik teks kanthi nggunakake fungsi Input gerak

- 1 Nalika sampeyan ngetik teks kanthi nggunakake tombol layar, geser driji saka huruf menyang huruf kanggo ngeja tembung sing arep ditulis. Angkat driji sawise sampeyan rampung ngetik tembung.
 - 2 Telpon nyaranake tembung adhedhasar huruf sing dilacak. Yen perlu, pilih tembung sing bener ing garis calon. Kanggo ndeleng pilihan liyane, gulung nengen utawa ngiwa ing garis calon tembung. Yen sampeyan ora bisa nemu tembung sing dikarepake, tutul sepisan kanggo mbusak kabeh tembung. Banjur coba maneh utawa tutul saben huruf kanggo ngetik tembung.
 - 3 Yen setelan **Spasi sadurunge nyeret** diuripake, geser driji ing papan tombol kanggo ngetik tembung sakbanjure. Yen ora, ketik spasi banjur geser kanggo ngetik tembung sakbanjure.
- 💡 Kanggo ngetik tembung camboran nalika setelan **Spasi sadurunge nyeret** urip, geser menyang bagean kapisan tembung, banjur tutul huruf liyane kanggo ngetik tembung nganti rampung.

Phonepad

Phonepad iku padha karo keypad telpon standar 12 tombol. Phonepad menehi pilihan input teks prediktif lan multitap. Sampeyan bisa ngaktifake cara input teks Phonepad liwat setelan keyboard. Phonepad mung kasedhiya ing orientasi mujur.

Nggunakake Phonepad






- 1 Milih opsi input teks
- 2 Ngganti huruf gedhe-cilik lan nguripake tombol huruf kapital
- 3 Nampilake angka
- 4 Nampilake simbol lan smiley
- 5 Ngetik spasi
- 6 Mbukak menu setelan input kanggo ngganti, umpamane, **Basa tulis**. Tombol iki uga ngganti basa nulis nalika dipilih luwih saka siji basa input.
- 7 Ngetik tombol bali utawa konfirmasi input teks
- 8 Mbusak karakter sadurunge kursor

! Kabeh ilustrasi mung ditujokake kanggo ilustrasi lan ora kanthi nyata nggambarake telpon.

Ngalih ing antarane keyboard layar lan Phonepad

- 1 Nalika ngetik teks, tunjuk . Yen wis milih basa tulis luwih saka siji, demek terus tombol basa input, contone, .
 - 2 Tutul **Setelan papan tombol > Layout papan tombol**, banjur pilih pilihan.
- ! Phonepad mung kasedhiya ing orientasi mujur.


Ngetik teks nggunakake Phonepad

- Nalika ditampilake  ing Phonepad, tonyuk saben karakter mung sapisan, sanajan huruf sing dipengini dudu huruf kaping pisanan ing tombol kasebut. Tonyuk tembung sing ditampilake utawa tonyuk  kanggo ndeleng saran tembung liyane banjur pilih saka dhaptar.
- Nalika ditampilake  ing Phonepad, tonyuk tombol ing layar kanggo karakter sing pengin diketik. Penet terus nganti ditampilake karakter sing dipengini. Banjur tindakake padha kanggo karakter liyane sing pengin diketik.

Ngetik angka nggunakake Phonepad

- Nalika Phonepad mbukak, tonyuk . Phonepad angka bakal ditampilake.



Nyisipake simbol lan smiley nggunakake Phonepad

- 1 Nalika Phonepad mbukak, tonyuk . Ditampilake kothak karo simbol lan smiley.
- 2 Gulung munggah utawa mudhun kanggo ndeleng pilihan liyane. Tonyuk simbol utawa smiley kanggo milih.





Setelan Keyboard lan Phonepad

Sampeyan bisa milih setelan kanggo keyboard layar lan Phonepad, kayata basa nulis lan koreksi otomatis.

Ngakses setelan tombol layar lan Phonepad

- 1 Nalika ngetik teks nggunakake keyboard layar utawa Phonepad, tonyuk . Yen wis milih basa tulis luwih saka siji, demek terus tombol basa input, contone, .
- 2 Tonyuk **Setelan papan tombol**.



Ngganti basa nulis nggunakake keypad layar utawa Phonepad

- 1 Nalika ngetik teks nggunakake keyboard layar utawa Phonepad, tonyuk . Yen wis milih basa tulis luwih saka siji, demek terus tombol basa input, contone, .
- 2 Tutul **Basa tulis** banjur tandhani kothak basa sing pengin digunakake kanggo nulis. Yen wis rampung, penet  kanggo konfirmasi.
- 3 Kanggo ngoper ing antarane basa, tutul tombol basa input, contone, .

Setelan input teks

Nalika ngetik teks nggunakake tombol layar utawa Phonepad, sampeyan bisa ngakses menu setelan input teks sing nulung sampeyan nyetel pilihan kanggo prediksi teks. Umpamane, sampeyan bisa mutusake carane telpon nuduhake alternatif ukara lan ukara sing bener nalika sampeyan ngetik, utawa marakake aplikasi input teks bisa ngeling-ngeling ukara-ukara anyar sing ditulis.

Ngganti setelan input teks





- 1 Nalika ngetik teks nggunakake tombol layar utawa Phonepad, tutul . Yen wis milih basa tulis luwih saka siji, demek terus tombol basa input, contone, .
- 2 Tutul **Setelan papan tombol** > **Setelan input teks**.
- 3 Pilih setelan sing dipengini.

Ngetik teks nggunakake input swara




Nalika ngetik teks, sampeyan bisa nggunakake fungsi input swara tinimbang ngetik. Sebutake tembung sing pengin sampeyan ketik. Input swara iku teknologi eksperimen saka Google™, lan kasedhiya kanggo sawetara basa lan wilayah.

- ! Sampeyan kudu nduweni koneksi data ing jaringan seluler utawa Wi-Fi® kanggo nggunakake layanan iki. Bisa dikenani biaya tambahan.




Ngaktifake input swara

- 1 Nalika ngetik teks, tunyuk . Yen sampeyan wis milih luwih saka siji basa nulis, tunyuk terus tombol basa input, kayata .
- 2 Tutul **Setelan papan tombol > Inp. swa. sk pap. tombol.**
- 3 Tandhani kothak centhang **Tombol ngetik swara Google**, waca informasi kanthi teliti, banjur tunyuk **OK** kanggo ngonfirmasi.
- 4 Kanggo nyetel basa input swara, tunyuk **Basa**, banjur pilih basa sing pengin digunakake.
- 5 Kanggo nyisipake saran tembung sing paling umum kanthi otomatis, tandhani kothak centhang **Gunakake pilihan plg apik.**
- 6 Penet  kanggo nyimpen setelan. Ikon mikropon  muncul ing keyboard layar utawa Phonepad.

Kanggo ngetik teks nggunakake input swara

- 1 Nalika ngetik teks, priksa manawa fungsi input swara diaktifake lan sampeyan nduweni koneksi data sing bisa digunakake.
- 2 Nalika  muncul ing keyboard layar utawa Phonepad, tunyuk kothak kasebut. Yen tombol basa input, misale,  muncul, tutul terus. Muncul panah. Pindhah panah nganti nuding mikropon, banjur angkat dirji.
- 3 Yen **Ucapake saiki** muncul ing layar, sebutake teks sing arep diketik.
- 4 Yen fungsi **Gunakake pilihan plg apik** diaktifake, saran kata sing paling cedhak bakal muncul lan digarisi. Yen tembung salah, tunyuk  ping pisan kanggo mbusak, banjur wiwiti maneh. Yen fungsi **Gunakake pilihan plg apik** ora diaktifake, asil telusuran muncul minangka dhaptar. Pilih tembung sing dipengini.

Ngakses setelan keyboard Xperia™ nalika input swara diaktifake

- Nalika  muncul ing keyboard layar utawa Phonepad, tunyuk terus kothak kasebut, banjur pilih **Setelan papan tombol.**
- Yen tombol basa input, misale,  muncul ing keyboard layar utawa Phonepad, tunyuk terus. Muncul panah. Pindhah panah nganti nuding , banjur angkat dirji.

Nyelasake telpon miturut kabutuhan

Matutake telpon karo kabutuhan kanthi ngatur, umpamane, ringtone pribadhi, basa telpon lan setelan Privasi.

Nyetel volume

Sampeyan bisa nyetel volume nada dering kanggo telpon lan kabar uga kanggo muter maneh musik lan video.


Ngatur volume dering nganggo tombol volume

- Pencet tombol volume munggah utawa mudhun.


Ngatur volume pamuter media nganggo tombol volume

- Nalika muter musik utawa nonton video, pencet tombol volume munggah utawa mudhun.

Nyetel telpon menyang mode bisu lan kedher

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Swara.**
- 3 Centhang kothak **Mode bisu.**
- 4 Pilih **Kedher** banjur pilih opsi.


Mbanterake swara speaker

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Swara.**
- 3 Centhang kothak **xLOUD™.**


Wektu lan tanggal

Sampeyan bisa ngganti wektu lan tanggal ing telpon.


Nyetel tanggal kanthi manual

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Tanggal & wektu**.
- 3 Busak centhang ing kothak **Otomatis**, yen dicenthang.
- 4 Tunyuk **Setel tanggal**.
- 5 Atur tanggal kanthi nggulung munggah utawa mudhun.
- 6 Tunyuk **Setel**.


Nyetel wektu kanthi manual

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Tanggal & wektu**.
- 3 Busak centhang ing kothak **Otomatis**, yen dicenthang.
- 4 Busak centhang ing kothak **Gunakake format 24 jam**, yen dicenthang.
- 5 Tunyuk **Setel wektu**.
- 6 Gulung munggah utawa mudhun kanggo nyetel jam lan menit.
- 7 Tutul **am** kanggo ngganti menyang **pm**, utawa kosok balene.
- 8 Tunyuk **Setel**.

Nyetel zona wektu

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Tanggal & wektu**.
- 3 Busak centhang ing kothak **Otomatis**, yen dicenthang.
- 4 Tunyuk **Pilih zona wektu**.
- 5 Pilih salah siji.

Nemtokake format tanggal

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Tanggal & wektu > Pilih format tanggal**.
- 3 Pilih salah siji.

Setelan nada dering

Nyetel nada dering telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Swara > Nada dering telpon**.
- 3 Pilih nada dering.
- 4 Tutul **Rampung**.


Ngaktifake nada tutul

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Swara**.
- 3 Tandhani kothak centhang **Nada tutul swara** lan **Pilihan swara**.

Milih nada dering kabar



- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Swara > Nada dering kabar**.
- 3 Pilih nada dering.
- 4 Tutul **Rampung**.

Nyetel tandha kedher


- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Swara**.
- 3 Pilih **Kedher** banjur pilih opsi.

Setelan layar

Nyetel padhange layar

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tutul **Setelan > Tampilan > Padhang**.
 - 3 Seret panggeser kanggo ngatur padhange layar.
 - 4 Tutul **OK**.
-  Level padhang nggawa efek marang kinerja baterei. Kanggo tips babagan carane nambah kinerja baterei, waca *Ngapiki kinerja baterei* ing kaca 15.

Ngeset layar supaya kedher

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Swara**.
- 3 Centhang kothak **Saran tutul**. Saiki layar kedher yen sampeyan nutul tombol-tombol ing layar lan aplikasi tartamtu.

Ngatur wektu idle sadurunge layar dipateni

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Tampilan > Layar wektu entek**.
 - 3 Pilih salah siji.
-  Kanggo cepet mateni layar, pencet tombol daya  sedhela wae.





Nguripake layar sajrone ngisi daya telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Aplikasi > Pengembangan**.
- 3 Centhang kothak **Tetep siyaga**.

Basa telpon

Sampeyan bisa milih basa sing pengin digunakake ing telpon.

Ngganti basa telpon




- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Basa & keyboard > Pilih basa**.
 - 3 Pilih salah siji.
 - 4 Tunyuk **Rampung**.
-  Yen sampeyan salah milih basa lan ora bisa maca teks menu, goleki lan tutul **Setelan** sing nganggo lambang . Banjur pilih entri ing jejere , lan pilih entri kapisan ing menu ngisor iki. Sampeyan banjur bisa milih basa sing dipengini.

Mode pesawat

Ing mode Pesawat, jaringan telpon lan transceiver radio dipateni supaya ora marakake gangguan tumrap piranti sing sensitif. Nanging, sampeyan isih bisa main game, ngrungokake musik, nonton klip video lan isi liyane, anggare kabeh isi iki wis disimpen ing kertu memori utawa panyimpenan internal. Sampeyan uga bisa diwenehi kabar nganggo weker, yen weker wis diaktifake.

-  Nguripake mode Pesawat nyuda panggunaan baterei.

Kanggo ngaktifake mode Pesawat

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan**.
 - 3 Centhang kothak **Mode pesawat**.
-  Sampeyan uga bisa milih **Mode pesawat** saka menu **Opsi telpon**. Kanggo ngakses menu **Opsi telpon**, penet terus tombol daya .

Memori

Sampeyan bisa nyimpen konten menyang kertu memori, panyimpenan internal telpon, lan memori telpon. Musik, klip video lan foto disimpen menyang panyimpenan internal utawa kertu memori, nanging aplikasi, kontak lan pesen disimpen menyang memori telpon.

- ! Sampeyan bisa mindhah sawetara aplikasi saka memori telpon menyang panyimpenan internal.

Kanggo mindhah aplikasi menyang panyimpenan internal telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Setelan > Aplikasi > Atur aplikasi**.
- 3 Pilih aplikasi sing pengin dipindhah menyang panyimpenan internal.
- 4 Tutul **Pindhah nyang simpen. intern..**

- ! Sampeyan ora bisa mindhah sawetara aplikasi saka memori telpon menyang panyimpenan internal.

Kertu memori

- ! Sampeyan bisa uga kudu tuku kertu memori kanthi kapisah.

Telpon ndhukung kertu memori microSD™, sing digunakake kanggo isi media. Jinis kertu iki uga bisa digunakake minangka kertu memori portebel karo piranti liya sing cocog.

Njabut kertu memori kanthi aman

Sampeyan bisa nyopot kertu memori saka telpon sakwayah-wayah nalika telpon dipateni. Yen pengin nyopot kertu memori nalika telpon urip, sampeyan kudu njabel kertu memori dhisik sakdurunge nyopot saka telpon. Iki kanggo ngalangi supaya kertu memori ora rusak utawa data sing disimpen ing kertu memori ora ilang.

Medhot pasangan kertu memori

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Panyimpenan > Copot kertu SD**.

Ngowahi format kertu memori

Sampeyan bisa ngowahi format kertu memori ing telpon, umpamane, kanggo mbebasake memori. Iki tegese sampeyan mbusak kabeh data ing kertu.

- ! Kabeh isi ing kertu memori dibusak yen sampeyan ngowahi format kertu. Prikas manawa sampeyan wis nggawe cadangan kabeh data sing pengin disimpen sadurunge ngowahi format kertu memori. Kanggo nggawe cadangan isi sampeyan bisa nyalin isi kasebut menyang komputer. Kanggo entuk informasi sing luwih akeh, waca bab *Nyambungake telpon menyang komputer* ing kaca 123.

Format kertu memori

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Panyimpenan > Copot kertu SD**.
- 3 Sawise sampeyan nyopot kertu memori, tutul **Busak kertu SD**.

Nggunakake headset karo telpon



- ! Gunakake asesori sing kasedhiya karo telpon, utawa aksesoris liyane sing kompatibel, kanggo kinerja sing optimal.

Nggunakake headset

- 1 Sambungake headset menyang telpon.
 - 2 Kanggo njawab telpon, pencet tombol jawab telpon.
 - 3 Kanggo mungkasi telpon iki, pencet tombol nangani telpon.
- ! Yen headset ora gawan saka telpon, sampeyan bisa tuku dhewe.
 - 💡 Yen sampeyan lagi ngrungokake musik, musik mandheg nalika nampa telpon lan diterusake yen telpon rampung.

Setelan Internet lan olahpesen

Kanggo ngirim pesen teks lan pesen multimedia lan kanggo ngakses internet, sampeyan kudu duwe sambungan data seluler 2G/3G lan setelan sing bener. Ana sawetara cara sing beda kanggo njupuk setelan iki:

- Kanggo umume jaringan ponsel lan operator, setelan Internet lan olahpesen wis diinstal sadurunge ing telpon. Sampeyan bisa wiwit langsung nggunakake internet lan kirim pesen.
- Ing sawetara kasus, sampeyan bakal diwenehi pilihan ngundhuh setelan Internet lan olahpesen nalika sapisanan nguripake telpon. Sampeyan uga bisa ngundhuh setelan iki mengko saka menu **Setelan**.
- Sampeyan bisa nambah lan nggenti setelan Internet lan jaringan kanthi manual ing telpon sawayah-wayah. Hubungi operator jaringan kanggo informasi rinci babagan setelan Internet lan olahpesen.

Ngundhuh setelan Internet lan olahpesen





- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Xperia™ > Setelan Internet**.

Ndeleng Access Point Name (APN)/ Jeneng Jalur Akses



- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Jaringan mobile**.
- 3 Tunyuk **Jeneng Jalur Akses**.

- ! Yen sampeyan nduwe sawetara sambungan sing kasedhiya, sambungan jaringan sing urip bakal dituduhake kanthi tandha centhang ing sisih tengen.

Ngatur setelan APN kanthi manual

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Jaringan mobile > Jeneng Jalur Akses**.
 - 3 Penet .
 - 4 Tunyuk **APN anyar**.
 - 5 Tunyuk **Jeneng** banjur ketik jeneng profil jaringan sing pengin digawe.
 - 6 Tunyuk **APN** banjur ketik jeneng jalur akses.
 - 7 Wenehake kabeh informasi sing dijaluk dening operator jaringan.
 - 8 Penet  banjur tunyuk **Simpen** .
- ! Hubungi operator jaringan kanggo rincian informasi babagan setelan jaringan.

Ngreset setelan internet gawan

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Jaringan mobile > Access Point Names**.
- 3 Penet .
- 4 Tunyuk **Reset menyang gawan**.

Info pangguna

Demi kualitas, Sony nglumpukake kanthi anonim laporan kesalahan lan statistik babagan panggunaan telpon. Informasi sing dikumpulake ora kalebu data pribadi. Kanthi gawan, pilihan pangiriman info panggunaan ora diaktifake. Nanging sampeyan bisa milih ngaktifake yen seneng.

Ngirim info panggunaan

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Xperia™ > Info panggunaan**.
- 3 Centhang kothak **Kirim info panggunaan**.


Nggunakake Data monitor

Gunakake Data monitor kanggo nglacak jumlah data sing dikirim lan ditampa telpon. Aplikasi iki nglacak prakiraan lalu lintas data saka jaringan 2G/3G saka tanggal wiwitan sing wis ditemtokake. Nilai direset saben sasi. Umpamane, yen tanggal wiwitan ditemtokake menyang 15, panyacah lalu lintas data direset ing tanggal 15 saben sasine. Nalika sapisanan miwiti Data monitor, tanggal wiwitan ditemtokake menyang 1.


Gunakake Data monitor kanggo menehi tandha manawa jumlah data sing ditransfer wis tekan watesan tartamtu. Sampeyan bisa nyetel watesan kanthi kapisah kanggo data sing dikirim, ditampa dan data total. Sampeyan uga bisa ngaktifake Data monitor minangka widget ing Layar Ngarep.

- ! Jumlah data sing dituduhake mung kira-kira. Hubungi panyedhiya layanan kanggo verifikasi panggunaan data sabenere.
- 💡 Data sing dikirim utawa ditampa liwat sambungan Wi-Fi® utawa Bluetooth™ ora dilacak.


Nyetel dina wiwitan Monitor data

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Ngawasi data**.
- 3 Tunyuk **Setelan > Periode sasi**.
- 4 Setel tanggal wiwitan kanthi nggulung munggah utawa mudhun.
- 5 Yen wis rampung, tunyuk **OK**.

Nyetel tandha Monitor data

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Ngawasi data**.
- 3 Tunyuk lambang lonceng ing jejere **Data dikirim**, **Data ditampa** utawa **Total data**, gumantung saka tandha sing pengin disetel.
- 4 Setel angka kanthi nggulung munggah utawa mudhun.
- 5 Yen wis rampung, tunyuk **OK**.

Kanggo mbusak tandha monitor Data

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Ngawasi data**.
- 3 Tutul lambang lonceng ing jejere **Data dikirim**, **Data ditampa** utawa **Total data**, gumantung marang tandha sing pengin dibusak.
- 4 Tunyuk **Reset**. Watesan tandha direset menyang nul lan tandha dipateni.

Mateni lalu lintas data

Sampeyan bisa mateni kabeh sambungan dhata sing ngluwihi jaringan 2G/3G nganggo telpon kanggo munggel download dhata lan sinkronisasi sing ora dikepengini. Hubungi operator jaringan yen mbutuhake rincian informasi babagan rencana lengganan lan biaya lalu lintas data.

- 💡 Nalika lalu lintas data dipateni, sampeyan isih bisa nggunakake sambungan Wi-Fi® lan Bluetooth™. Sampeyan uga bisa ngirim lan nampa pesen multimedia.

Mateni kabeh lalu lintas data


- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Jaringan mobile**.
- 3 Busak centhang ing kothak **Data aktif**.

Roaming data

Gumantung operator jaringan, bisa uga ngijini sambungan data seluler liwat 2G/3G ing sanjabane jaringan asal (roaming). Elinga, iki bisa dikenani biaya transmisi data. Hubungi operator jaringan kanggo informasi luwih lengkap.

- ! Aplikasi kadang nggunakake sambungan Internet ing jaringan asal tanpa ngabari, contone, nalika ngirim panjaluk sinkronisasi. Biaya tambahan digunakake kanggo roaming data. Hubungi panyedhiya layanan.


Nguripake roaming data

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Jaringan mobile**.
 - 3 Centhang kothak **Roaming data**.
- ! Sampeyan ora bisa nguripake roaming data yen koneksi data ora diuripake


Setelan jaringan

Telpon kanthi otomatis ngalih ing antarane jaringan gumantung saka jaringan sing kasedhiya saka macem-macem lokasi. Kaping pisanan, telpon diatur kanggo nggunakake mode jaringan seluler paling cepet sing kasedhiya kanggo data. Nanging sampeyan bisa ngatur telpon kanthi manual kanggo nggunakake mung mode jaringan 2G sing luwih alon kanggo data, supaya umur baterei luwih awet nganti diisi daya maneh. Sampeyan bisa uga ngatur telpon kanggo ngakses macem-macem mode rangkean jaringan, utawa supaya nindakake cara tartamtu nalika roaming.

Milih mode jaringan


- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Jaringan mobile.**
- 3 Tunyuk **Mode Jaringan.**
- 4 Pilih mode jaringan.

Milih jaringan liya kanthi manual

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Jaringan mobile > Operator jaringan.**
- 3 Tunyuk **Mode telusuran.**
- 4 Nalika ditampilake jendhela sembul, tunyuk **Manual.**
- 5 Pilih jaringan.

! Yen sampeyan milih jaringan kanthi manual, telpon ora bakal nggoleki jaringan liya, sanajan sampeyan ngalih ing sanjabane jaringan sing dipilih kanthi manual.

Nguripake pilihan jaringan otomatis




- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Jaringan mobile > Operator jaringan.**
- 3 Tunyuk **Mode telusuran.**
- 4 Tunyuk **Otomatis.**

Nelpon

Telpon darurat

Telpon ndhukung nomer darurat internasional, contone 112 utawa 911. Biasane, sampeyan bisa nggunakake nomer kasebut kanggo telpon darurat ing negara endi wae, nganggo utawa tanpa masang kertu SIM, yen sampeyan ana ing jangkauan jaringan.

Telpon nomer darurat

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Telpon**.
 - 3 Ketik nomer darurat banjur tunyuk **Telpon**. Kanggo mbusak nomer, tunyuk .
-  Sampeyan bisa nelpon nomer darurat sanajan ora ana kertu SIM sing dipasang utawa yen telpon metu dialangi.

Telpon nomer darurat yen kertu SIM dikunci

- 1 Tunyuk **Telpon darurat**.
- 2 Ketik nomer darurat banjur tunyuk **Telpon**. Kanggo mbusak nomer, tunyuk .

Nangani telpon

Sampeyan bisa nelpon kanthi mencent nomer telpon sakcara manual, kanthi nutul nomer sing disimpen ing dhaptar kontak, utawa kanthi nutul nomer telpon ing layar log telpon.

Nalika nelpon, mikropon utama ing telpon uga mikropon kaloro bareng-bareng nyuda gangguan lan swara ing latar mburi.

-  Aja nutupi mikropon kaloro nalika sampeyan lagi nelpon.


Nelpon kanthi mencent nomer

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Telpon**.
- 3 Ketik nomer panampa banjur tunyuk **Telpon**. Kanggo mbusak nomer, tunyuk .

Mungkasi telpon



- Tunyuk **Pungkasi telpon**.

Telpon nomer internasional

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Telpon**.
- 3 Demek terus 0 nganti ditampilake tandha “+”.
- 4 Ketik kode negara, kode wilayah (tanpa 0), ketik nomer telpon, banjur tunyuk **Telpon**.

Njawab telpon



- Seret  menyang sisih tengen layar.
-  Yen nggunakake headphone biasa tanpa mikropon, sampeyan kudu njabut headphone saka konektor headset supaya bisa njawab telpon.

Nolak telpon

- Seret  mangiwa ngideri layar.

Ngganti volume speaker sajrone nelpon

- Pencet tombol volume munggah utawa mudhun.

Nguripake speaker sajrone nelpon

- Tunyuk .

Nggawe bisu mik sajrone nelpon

- Tunyuk .

Kanggo ngaktifake layar sajrone nelpon

- Pencet .




Ngetik nomer sajrone nelpon

- 1 Sajrone nelpon, tunyuk . Keypad dituduhake.
- 2 Ketik angka.


Nggawe bisu nada dering kanggo telpon mlebu

- Nalika nampa telpon, pencet tombol volume.

Telpon pungkasan

Ing cathetan telpon, sampeyan bisa ndeleng telpon sing ora kejawab , ditampa  lan ditelpon .

Ndeleng telpon ora kejawab

- 1 Nalika ana telpon ora kejawab,  katon ing bar status. Seret mudhun garis status.
- 2 Tunyuk **Telpon ora kejawab**.

Nelpon nomer saka cathetan telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tutul **Telpon**. Ditampilake cathetan telpon ing sisih ndhuwur layar.
 - 3 Kanggo nelpon nomer kanthi langsung, tutul nomere. Kanggo ngowahi nomer sadurunge nelpon, demek terus nomer kasebut, banjur tutul **Owahi nmr sadurunge telp**.
- ! Sampeyan uga bisa nelpon nomer kanthi nutul  > **Telpon balik**.

Nambahake nomer saka cathetan telpon menyang kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Telpon**. Ditampilake cathetan telpon ing sisih ndhuwur layar.
- 3 Demek terus nomer kasebut, banjur tutul **Tambah menyang kontak**.
- 4 Tutul kontak sing dipengini, utawa tutul **Gawe kontak anyar**.
- 5 Owahi rincian kontak banjur tutul **Rampung**.


Surat swara

Yen langganan sampeyan klebu layanan surat swara, panelpon bisa ninggalake pesen swara nalika sampeyan ora bisa njawab nelpon. Nomer layanan surat swara biasane disimpen ing kertu SIM. Yen ora ana, sampeyan bisa njaluk nomer saka panyedhiya layanan lan ngetik kanthi manual.

Ngetik nomer surat swara

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan** > **Setelan telpon** > **Setelan surat swara** > **Nomer surat swara**.
- 3 Ketik nomer surat swara.
- 4 Tunyuk **OK**.


Nelpon layanan surat swara

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Telpon**.
- 3 Demek terus 1.

Telpon multi

Yen ngaktifake telpon tunggu, sampeyan bisa nangani sawetara telpon sekaligus. Yen diaktifake, sampeyan bakal nampa swara thit yen ana telpon liya mlebu.

Ngaktifake utawa mateni telpon tunggu

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan** > **Setelan telpon** > **Setelan tambahan**.
- 3 Kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi ngenteni telpon, tunyuk **Telpon tunggu**.

Nolak telpon liyane

- Yen sampeyan krungu swara thit bola-bali, tunyuk **Sibuk**.

Njawab telpon liya lan mungkasi telpon sing aktif

- Yen krungu suara bip bola-bali nalika lagi nelpon, tutul **Pungkasi telp iki banjur jawab**.

Njawab telpon liya lan nahan telpon sijine sing aktif

- Yen sampeyan krungu swara thit bola-bali, tunyuk **Jawab**.

Telpon nomer liyane

- 1 Sajrone nelpon, tunyuk .
- 2 Ketik nomer panrima banjur tunyuk .
- 3 Yen peserta liyane njawab telpon, telpon sijine ditahan.

- 💡 Prosedur iki uga ditrapake menyang telpon liyane.

Ngalih ing antarane sawetara telpon

- Kanggo ngalih menyang telpon liya lan nahan telpon aktif, tunyuk nomer utawa kontak sing dipengini.




Mungkasi telpon aktif lan bali menyang telpon sing ditahan

- Tunyuk .

Telpon konferensi


Kanithi telpon konferensi utawa multi peserta, sampeyan bisa nggabung obrolan karo rong peserta utawa luwih.

Telpon konferensi


- 1 Sajrone nelpon, tunyuk .
- 2 Pencet nomer peserta liyane banjur tunyuk .
- 3 Yen peserta liyane njawab telpon, telpon sijine ditahan.
- 4 Tunyuk .

- 💡 Kanggo nambah peserta liyane, baleni langkah 1 nganti 4.

Ngobrol kanthi pribadi karo peserta telpon konferensi

- 1 Sajrone telpon konferensi aktif, tunyuk tombol sing nuduhake nomer peserta. Contone, tunyuk **3 peserta** yen ana telung peserta telpon konferensi.
- 2 Tunyuk jeneng peserta sing pengin diajak ngobrol kanthi pribadi.
- 3 Kanggo mungkasi obrolan pribadi lan bali menyang telpon konferensi, tunyuk .

Medhot peserta saka telpon konferensi

- 1 Sajrone telpon konferensi aktif, tunyuk tombol sing nuduhake nomer peserta. Contone, tunyuk **3 peserta** yen ana telung peserta.
- 2 Tunyuk  ing jejere peserta sing pengin dipedhot.

Mungkasi telpon konferensi

- Sajrone telpon konferensi, tunyuk **Pungkasi telpon konferensi**.

Setelan telpon

Ngalangi telpon

Sampeyan bisa ngalangi kabeh utawa kategori telpon mlebu lan telpon metu tartamtu. Nalika sapisanan nggunakake ngalangi telpon, sampeyan kudu ngetik PUK (Personal Unblocking Key) banjur ngetik sandhi anyar kanggo nguripake fungsi ngalangi telpon.

Ngalangi telpon mlebu utawa metu

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Setelan telpon > Watesan telpon**.
- 3 Pilih salah siji.
- 4 Ketik sandhi banjur tutul **Aktifake**.

Nerusake telpon

Sampeyan bisa nerusake telpon, contone menyang nomer telpon liya, utawa menyang layanan panjawab.

Nerusake telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Setelan telpon > Terusake telpon**.
- 3 Pilih salah siji.
- 4 Ketik nomer sing pengin dienggo nerusake telpon banjur tunyuk **Aktifake**.

Mateni terusake telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Setelan telpon > Terusake telpon**.
- 3 Pilih opsi, banjur tutul **Pateni**.

Nuduhake utawa ndhelikake nomer telpon

Sampeyan bisa milih kanggo nuduhake utawa ndhelikake nomer telpon ing piranti panrima nalika sampeyan nelpon.

Nuduhake utawa ndhelikake nomer

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Setelan telpon > Setelan tambahan > ID pangguna**.

Nomer Telpon Saluran Tetep

Yen wis nampa kode PIN2 saka panyedhiya layanan, sampeyan bisa nggunakake dhaptar Nomer Telpon Saluran Tetep (FDN) kanggo matesi telpon metu.

Ngaktifake utawa mateni telpon winates

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan** > **Setelan telpon** > **Nomer Telpon Tetep**.
- 3 Tunyuk **Aktifake telpon winates** utawa **Pateni telpon winates**.
- 4 Ketik PIN2 banjur tutul **OK**.

Ngakses dhaptar panrima telpon sing dijawab

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan** > **Setelan telpon** > **Nomer Telpon Tetep** > **Nomer Telpon Tetep**.

Kontak

Gunakake aplikasi Kontak kanggo nyimpen lan ngatur kabeh nomer, alamat email, lan data kontak liyane ing sak panggonan. Cukup tutul kontak siji kanggo ndeleng kabeh komunikasi ing kontak kasebut kanggo ndeleng ringkesan kanthi gampang.

Sampeyan bisa nambah kontak anyar ing telpon lan nyelarasake karo kontak sing wis disimpen ing akun Google™, akun Microsoft® Exchange ActiveSync®, utawa akun liyane sing ndhukung sinkronisasi. Aplikasi Kontak kanthi otomatis gawe entri anyar lan uga nulung sampeyan nyocogake data kayata alamat email karo entri sing wis ana. Sampeyan uga bisa ngatur proses iki kanthi manual. Kanggo katrangan lengkap, bukap www.sonymobile.com/support.

Ngirim kontak menyang telpon anyar



Ana sawetara cara kanggo ngirim kontak menyang telpon anyar. Pilih cara kirim sing paling cocok karo kahanan.

Ngirim kontak nggunakake PC

Sampeyan bisa nggunakake PC kanggo ngirim kontak saka sawetara merek telpon, kalebu iPhone, Samsung, HTC lan Nokia.

Sampeyan mbutuhake:

- PC kasambung internet sing nganggo Windows®
- Kabel USB telpon sing lawas
- Kabel USB telpon Android™ sing anyar
- Telpon sing lawas
- Telpon Android™ sing anyar

! Yen sampeyan ora entuk dalan menyang item ing dhaptar kasebut ing ndhuwur, pindhah menyang www.sonymobile.com/support/contacts kanggo golek cara liyane kanggo ngirim kontak.

Ngunakake program PC Companion kanggo ngirim kontak

Yen sampeyan ngirim kontak nganggo PC, gunakake program PC Companion. Aplikasi iki gratis, lan file panginstalan wis disimpen ing telpon sampeyan. PC Companion uga nawakake macem-macem fitur, kalebu pitulung kanggo nganyari piranti lunak telpon.

Nginstal PC Companion

- 1 **Telpon anyar:** Uripake telpon Android™ banjur sambung karo PC kanthi nggunakake kabel USB.
- 2 **Telpon anyar:** Tutul **Instal** kanggo instal PC Companion menyang PC.
- 3 **Komputer:** Yen jendhela nyembul katon, pilih *Run Startme.exe*. Ing jendhela nyembul anyar sing katon, klik *Install* kanggo wiwit pasang banjur turuti perintah kanggo ngrampungni pemasangan.

Ngirim kontak kanthi otomatis menyang telpon anyar nggunakake PC Companion

- 1 Pesthekake yen PC Companion wis kainstal ing PC.
- 2 Bukak program PC Companion ing PC, banjur klik *Contacts Setup* lan turuti prentah kanggo ngirim kontak.





Ngirim kontak nggunakake komputer Apple® Mac®

Prentah rinci caranya nggunakake komputer Apple Mac kanggo ngirim kontak saka telpon sing lawas, pindhah menyang www.sonymobile.com/support/contacts.





Nransfer kontak nganggo akun sinkronisasi

Telpon sampeyan cocog karo akun sinkronisasi online populer kayata Google Sync™, Microsoft® Exchange ActiveSync® utawa Facebook™. Yen sampeyan wis nyinkronake kontak ing telpon sing lawas utawa ing komputer nganggo akun online, sampeyan bisa nransfer kontak menyang telpon sing anyar nganggo akun kasebut. Kanggo informasi sing luwih rinci babagan sinkronisasi, bukak *Sinkronisasi data ing telpon* ing laman 71.




Kanggo nyinkronake kontak telpon karo sawijine akun sinkronisasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Setelan > Akun & sink**.
- 3 Kanggo nggawe akun sinkronisasi, tunyuk **Tambah akun** banjur tindakake pandhuan ing layar. Yen sampeyan wis nyiyapake akun sinkronisasi lan pengin nggawe sinkron karo akun kasebut, tunyuk akun, pencet , banjur tunyuk **Sink saiki**.

Kanggo ngimpor kontak saka kertu SIM

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Impor kontak > Kertu SIM**.
- 3 Yen sampeyan wis nyiyapake akun panyelarar, sampeyan bisa milih kanggo nambahake kontak kertu SIM menyang akun kasebut. Utawa sampeyan bisa milih mung arep nggunakake kontak-kontak sing ing telpon. Pilih pilihan sing disenengi.
- 4 Kanggo ngimpor kontak individu, golekan banjur tunyuk kontak kasebut. Kanggo ngimpor kabeh kontak, pencet , banjur tunyuk **Impor kabeh**.

Kanggo ngimpor kontak saka kertu memori

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Impor kontak > Kertu SD**.
- 3 Yen sampeyan wis nyiyapake akun panyelarar, sampeyan bisa nambahake kontak kertu memori sing wis diimpor menyang akun kasebut. Utawa sampeyan bisa milih mung arep nggunakake kontak sing wis diimpor ing telpon. Pilih pilihan sing disenengi.
- 4 Yen sampeyan duwe file vCard luwih saka siji ing kertu SD, ana dhaptar katon sing nuduhake perangan kontak telpon, lengkap karo tanggal sing gegandhengan karo nalika kontak digawe. Pilih kumpulan sing pengin diimpor.


Kanggo nampa data kontak sing dikirim nganggo teknologi Bluetooth™

- 1 Prikas sampeyan wis nguripake fungsi Bluetooth™ lan telpon wis disetel supaya katon. Yen ora, sampeyan ora bisa nampa data saka piranti liyane.
- 2 Nalika dijaluk supaya konfirmasi yen sampeyan arep nampa file apa ora, tutul **Tampa**.
- 3 Seret mudhun panel Kabar banjur tutul file sing ditampa kanggo ngimpor data kontak.

Kanggo nampa kontak sing dikirim kanthi nggunakake layanan olahpesen

- 1 Nalika nampa pesen teks anyar, pesen multimedia, utawa pesen email, bukak pesen kasebut.
- 2 Dhata kontak sing ditampa katon minangka lampiran vCard. Tunyuk utawa tutul terus file vCard kanggo mbukak menu supaya sampeyan bisa nyimpen data kontak kasebut.

Kontak ikhtisar layar



- 1 Tutul iki kanggo nggawe kontak
- 2 Kolom telusur kontak
- 3 Demek sawijine kontak kanggo ndeleng rincian
- 4 Indeks alfabetis kanggo nelusur kontak
- 5 Tutul gambar cilik kontak kanggo ngakses menu Kontak Cepet
- 6 Tab trabasan



Pangaturan kontak

Sampeyan bisa nggawe, ngowahi lan nyelarasake kontak ing langkah-langkah prasaja. Sampeyan bisa milih kontak sing disimpen ing akun-akun sing beda lan ngatur carane ngatonake kontak mau ing telpon.




Yen sampeyan nyinkronake kontak kanthi nggunakake akun luwih saka siji, sampeyan bisa gabungake kontak ing telpon supaya ora duplikasi.

- ! Sawetara layanan sinkronisasi, umpamane, sawetara layanan jaringan, ora ngidini sampeyan ngowahi rincian kontak.




Ndeleng kontak

- Saka Layar Ngarep, tnyuk , banjur tnyuk . Kontak sampeyan didhaptar ing kene.



Milih kontak sing arep ditampilake ing aplikasi Kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tnyuk , banjur tnyuk .
- 2 Pencet , banjur tnyuk **Nyaring**.
- 3 Ing dhafar sing katon, tandhani lan busak tandha opsi sing dikepengini. Yen sampeyan wis nyelarasake kontak karo akun panyelarasan, akun kasebut bakal ditampilake ing dhaptar. Kanggo nggedhekake dhaptar pilihan, tutul akun.
- 4 Yen wis rampung, tnyuk **OK**.




Nambah kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tnyuk , banjur tnyuk .
 - 2 Tnyuk .
 - 3 Yen sampeyan wis nyelarasake kontak karo akun siji utawa luwih, pilih akun sing arep ditambahake menyang kontak iki, utawa tutul **Kontak telpon** yen sampeyan mung arep nggunakake kontak iki ing telpon.
 - 4 Ketik utawa pilih informasi sing dipengini kanggo kontak kasebut.
 - 5 Yen wis rampung, tnyuk **Rampung**.
- 💡 Yen sampeyan nambahake tandha plus lan kode negara sadurunge ngontak sawijining nomer telpon, sampeyan bisa nganggo nomer kasebut nalika sampeyan nelpon saka negara liya.

Ngowahi kontak



- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Demek terus kontak sing pengin diowahi, banjur tunyuk **Owahi kontak**.
- 3 Owahi informasi sing dipengini. Yen wis rampung, tunyuk **Rampung**.

Nggandhengake gambar karo kontak




- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Demek terus kontak sing pengin diowahi, banjur tunyuk **Owahi kontak**.
- 3 Tunyuk  banjur pilih cara sing dipengini kanggo nambahake gambar kontak.
- 4 Yen sampeyan wis nambahake gambar, tunyuk **Rampung**.

 Sampeyan uga bisa nambah gambar menyang kontak langsung saka aplikasi **Galeri**.



Kanggo ndeleng komunikasi karo kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Tunyuk kontak sing arep dideleng.
- 3 Kanggo ndeleng komunikasi karo kontak kanggo media liyane, tunyuk utawa gulung cepet nganggo item penyaring ing dhasar layar.

Mbusak kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Penet , banjur tunyuk **Busak kontak**.
- 3 Tandhani kontak sing arep dibusak, utawa tunyuk **Tandhani kabeh** yen sampeyan arep mbusak kabeh kontak.
- 4 Tunyuk **Busak > OK**.



Kanggo ngowahi informasi kontak bab sampeyan dhewe

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Tutul terus **Aku** ing bagian paling dhuwur dhaftar kontak, banjur tunyuk **Owahi kontak**.
- 3 Ketik informasi anyar utawa ganti kaya sing dipengini.
- 4 Yen wis rampung, tunyuk **Rampung**.



Nyingkiri nggawe duplikat entri ing aplikasi Kontak

Yen sampeyan nyelarasake kontak karo akun anyar utawa ngimpor informasi kontak kanthi nganggo cara liyane, sampeyan bisa tanpa sengaja nggawe duplikat entri ing aplikasi Kontak. Yen mengkono iku, sampeyan bisa nggabungake duplikat mau kanggo nggawe entri siji. Lan yen sampeyan tanpa sengaja nggabungake entri, sampeyan bisa misahake entri-entri mau mengko.

Nyambung kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Demek terus kontak sing arep disambung karo kontak liyane, banjur tutul **Sambungake kontak**.
- 3 Saka dhaptar sing katon, tutul kontak sing informasine arep digabungake karo kontak kapisan, banjur tutul **OK** kanggo netepake. Informasi saka kontak kapisan ditambahake menyang kontak kaloro, lan kontak kapisan ora ditampilake maneh ing dhaptar Kontak.




Misah kontak sing disambung

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Demek terus kontak sambungan sing pengin diowahi, banjur tutul **Owahi kontak**.
- 3 Tunyuk **Pedhot kontak**.
- 4 Tunyuk **OK**.

Favorit



Sampeyan bisa nandhani kontak minangka favorit. Tab **Favorit** nyedhiyani akses cepet menyang kontak sing ditandhani. Ing **Favorit**, sampeyan uga bisa golek dhaptar kontak sing paling kerep diajak komunikasi.

Nyenthang utawa mbusak kontak minangka favorit

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Tunyuk kontak sing dipengini kanggo ditambahake menyang utawa dibusak saka favorit.
- 3 Tunyuk .

Komunikasi karo kontak sampeyan

Nelusuri kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Ketik sawetara aksara pisanan ing jeneng kontak ing kolom **Telusuri**. Kabeh kontak sing diwiwiti nganggo aksara kasebut bakal katon.




Menu kontak cepet

Tutul gambar cilik kontak kanggo ndeleng pilihan komunikasi cepet kanggo kontak tartamtu. Pilihan nyakup nelpon kontak, ngirim pesen teks utawa multimedia, lan miwiti ngobrol kanthi nggunakake aplikasi Google Talk™.




- ! Supaya sawijine aplikasi bisa katon minangka pilihan ing menu kontak cepet, sampeyan perlu ngatur setelan aplikasi kasebut ing telpon lan mlebu ing aplikasi kasebut. Contone, sampeyan perlu miwiti aplikasi Gmail™ banjur ketik katrangan login sadurunge bisa nggunakake Gmail™ saka menu kontak cepet.

Nuduhake kontak




Ngirim kertu nama

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Tunyuk **Aku**.
- 3 Penet , banjur tunyuk **Kirim kontak** > **OK**.
- 4 Pilih cara transfer sing kasedhiya banjur tindakake pandhuan ing layar.

Ngirim kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Tutul kontak sing rinciane arep dikirim.
- 3 Penet , banjur tunyuk **Kirim kontak** > **OK**.
- 4 Pilih cara transfer sing kasedhiya banjur tindakake pandhuan ing layar.

Ngirim sawetara kontak sanalika

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Penet , banjur tunyuk **Kirim kontak**.
- 3 Tandhani kontak sing arep dikirim, utawa pilih kabeh yen sampeyan pengin ngirim menyang kabeh kontak.
- 4 Tutul **Kirim** banjur tutul **OK** kanggo netepake.
- 5 Pilih cara transfer sing kasedhiya banjur tindakake pandhuan ing layar.




Nggawe serep kontak

Sampeyan bisa nggunakake kertu memori, kertu SIM utawa alat sinkronisasi online kayata Microsoft® Exchange ActiveSync® kanggo gawe serep kontak.

Ngekspor kabeh kontak menyang kertu memori

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Penet , banjur tunyuk **Gw serep kontak** > **Kertu SD**.
- 3 Tutul **OK**.

Kanggo ngekspor kontak menyang kertu SIM

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
 - 2 Pencet , banjur tunyuk **Gw serep kontak > Kertu SIM**.
 - 3 Tandhani kontak sing arep diekspor, utawa tutul **Tandhani kabeh** yen sampeyan arep ngekspor kabeh kontak.
 - 4 Tunyuk **Gawe serep**.
 - 5 Pilih **Tambah kontak** yen sampeyan pengin nambah kontak menyang kontak sing wis ana ing kertu SIM, utawa pilih **Ganti kontak kabeh** yen sampeyan pengin ngganti kontak sing wis ana ing kertu SIM.
- ! Nalika sampeyan ekspor kontak menyang kertu SIM, ora kabeh informasi bisa kaekspor. Iki amarga watesan memori ing kertu SIM.






Olahpesen

Nggunakake olahpesen teks lan multimedia




Sampeyan bisa ngirim lan nampa pesen teks saka telpon nganggo SMS (Short Message Service). Yen lengganan kalebu MMS (Multimedia Messaging Service), sampeyan uga bisa nampa pesen sing ngemot file media, contone gambar lan video. Sak pesen teks bisa ngemot nganti 160 karakter. Yen sampeyan ngluwihi 160 karakter, kabeh pesen tunggal dilink lan dikirim bebarengan. Sampeyan dikenani biaya kanggo saben pesen 160 karakter sing dikirim. Yen sampeyan ndeleng pesen, pesen kasebut katon minangka obrolan, sing ateges kabeh pesen menyang lan saka wong tartamtu didadekake sak kelompok.

- ! Kango ngirim pesen multimedia, sampeyan perlu setelan MMS sing bener ing telpon. Waca *Setelan Internet lan olahpesen* ing kaca 32.

Nggawe lan ngirim pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
 - 2 Tunyuk .
 - 3 Kanggo nambah panampa, tutul , banjur golek lan wenehi tandha kothak centhang ing jejere jeneng panampa. Kanggo nambah panampa luwih saka siji, wenehi tandha konthak centhang ing panampa sing dikepengini. Sampeyan uga bisa tik nomer wutuh ing kolom telusur kanthi manual, banjur tutul **Tambah**.
 - 4 Yen wis rampung nambah panampa, tutul **Rampung**.
 - 5 Tunyuk **Tulis pesen** banjur ketik teks pesen.
 - 6 Yen sampeyan pengin nambah file media, tunyuk  banjur pilih opsi.
 - 7 Kanggo ngirim pesen kasebut, tunyuk **Kirim**.
- 💡 Yen metu saka pesen sadurunge ngirim, pesen bakal disimpen minangka konsep. Obrolan diwenehi tag kanthi tembung **Konsep**.




Maca pesen sing ditampa

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
 - 2 Tunyuk obrolan sing dikepengini.
 - 3 Yen pesen durung diundhuh, tutul terus pesen kasebut, banjur tutul **Download pesen**.
- 💡 Sampeyan uga bisa mbukak pesen saka bar status yen  katon ing kene. Seret mudhun bar banjur tutul pesen.



Mbales pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Tutul obrolan sing amot pesen.
- 3 Ketik balesan banjur tunyuk **Kirim**.


Nerusake pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Tutul obrolan sing amot pesen sing arep diterusake.
- 3 Tutul terus pesen sing arep diterusake, banjur tunyuk **Terusake pesen**.
- 4 Pilih panampa saka dhaftar, utawa tunyuk  kanggo nambah panampa sing ora ana ing dhaftar.
- 5 Owahi pesen banjur tutul **Kirim**.





Mbusak pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Tutul obrolan sing amot pesen sing arep dibusak.
- 3 Tutul terus pesen sing arep dibusak, banjur tunyuk **Busak pesen > Ya**.




Kanggo mbusak obrolan

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Busak sawetara**.
- 3 Tandhani kothak obrolan sing pengin dibusak, banjur tunyuk **Busak**.



Nyimpèn nomor pangirim pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul .
- 2 Tunyuk obrolan.
- 3 Penet , banjur tutul **Tambah menyang Kontak**.
- 4 Yen sampeyan pengin nambah nomer menyang kontak sing ana, pilih kontake. Utawa tunyuk  yen pengin nggawe kontak anyar.
- 5 Pilih akun sing pengin digunakake kanggo nyimpèn kontak.
- 6 Owahi informasi kontak banjur tutul **Rampung**.





Nelpon pangirim pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Tunyuk obrolan.
- 3 Tutul jeneng panampa utawa nomer ing layar sisih ndhuwur, banjur pilih jeneng panampa utawa nomer saka dhaptar sing katon.
- 4 Yen panampa wis disimpèn ing kontak, tutul nomer telpon sing pengin ditelpon. Yen sampeyan durung nyimpèn panampa ing kontak, tunyuk .

Kanggo nyimpèn file sing ana ing pesen sing ditampa

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Tutul obrolan sing arep dibukak.
- 3 Yen pesen durung diundhuh, tutul terus pesen kasebut, banjur tutul **Download pesen**.
- 4 Tutul terus pesen sing arep disimpèn kasebut, banjur pilih opsi sing dikepengini.





Menehi lintang menyang pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Tutul obrolan sing arep dibukak.
- 3 Ing pesen sing arep diwenehi lintang, tutul .
- 4 Kanggo mbusak lintang ing pesen, tutul .

Ndeleng pesen nganggo lintang

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Pesen diwenehi lintang**.
- 3 Kabeh pesen sing nganggo lintang katon ing dhaptar.

Nelusuri pesen





- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Telusur**.
- 3 Tunyuk **Telusur Olahpesen**.
- 4 Tik kunci tembung sing ditelusur, banjur tutul .

Pilihan pesen teks lan pesen multimedia

Nggenti setelan kabar pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Setelan**.
- 3 Kanggo nyetel swara kabar, tutul **Nada kabar** banjur pilih opsi.
- 4 Kanggo setelan kabar liyane, centhang utawa busak centhang ing kothak sing cocog.

Ngganti setelan laporan kiriman kanggo pesen metu

- 1 Saka Layar Ngarep, tnyuk , banjur temokake lan tnyuk .
 - 2 Pencet , banjur tnyuk **Setelan**.
 - 3 Tutul **Laporan kiriman** kanggo nguripake utawa mateni lapor kiriman.
- ! Yen pesen wis dikirim menyang panampa,  katon ing pesen.

Ndeleng pesen sing disimpen ing kertu SIM


- 1 Saka Layar Ngarep, tnyuk , banjur temokake lan tnyuk .
- 2 Penet , banjur tnyuk **Setelan > Pesen SIM**.

Email

Gunakake aplikasi Email ing telpon kanggo ngirim lan nampa email liwat akun email reguler utawa liwat akun perusahaan. Utawa sampeyan bisa nindakake loro-lorone. Telpon bisa nangani sawetara akun email bebarengan. Sampeyan bisa nyiyapake akun-akun iki supaya bisa nganggo kothak mlebu gabungan, utawa nganggo kothak mlebu kapisah. Elinga yen email sing ditampa ing akun Gmail™ bisa diakses ing telpon saka aplikasi Email lan Gmail™.









- 💡 Pesen-pesen email Microsoft® Outlook® perusahaan kudu disimpen ing server Microsoft® Exchange supaya fungsi sing wis kasebut ing ndhuwur bisa aktif. Waca *Nyelarasake email, tanggalan lan kontak perusahaan* ing kaca 72 kanggo mangerteni informasi sing luwih akeh.

Nggawe akun email ing telpon




- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Email**.
 - 3 Ketik alamat email lan sandhi, banjur tunyuk **Sabanjure**.
 - 4 Yen setelan akun email ora bisa diundhuh kanthi otomatis, rampungake persiapan kanthi manual. Yen perlu, kontak panyedhiya layanan email kanggo mangerteni setelan rinciane. Kanggo ngatur wiwitan email perusahaan ing telpon, pilih **Exchange Active Sync** minangka jinis akun.
 - 5 Yen sampeyan disaranake, tik jeneng kanggo akun email, supaya gampang dikenali. Jeneng sing padha katon ing email sing dikirim saka akun iki. Yen wis rampung, tunyuk **Rampung**.
- 💡 Sampeyang bisa nyiyapake akun email luwih saka siji. Waca *Kanggo nambah akun email liyane ing telpon* ing kaca 53.

Nggunakake email


Nggawe lan ngirim pesen email

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk **Email**.
- 2 Yen sampeyan nggunakake sawetara akun email, tutul akun sing arep dianggo ngirim pesen, banjur tutul .
- 3 Tutul **Menyang** banjur wiwit ketik alamat panampa. Sing cocog ditampilake ing dhaptar sing dinamis. Tutul sing paling cocog utawa terusake ngetik alamat email sing lengkap. Kanggo nambah panampa sing luwih akeh, ketik koma (,) utawa titik koma (;) banjur wiwit ngetik jeneng liyane. Kanggo mbusak sawijine panampa, tutul tombol .
- 4 Kanggo milih alamat sing disimpen ing kontak, tutul , banjur goleki lan tandhani kothak ing jejere kolom panampa. Kanggo nambah panampa luwih saka siji, tandhani kothak panampa sing dipengini. Yen wis rampung, tunyuk **Rampung**.
- 5 Tutul **Subyek** lan ketik subyek email.
- 6 Kanggo nempelake file, tunyuk . Pilih jinis file, banjur tutul file sing arep dilampirake saka dhaptar file sing katon.
- 7 Ing kolom pesen, ketik teks pesen.
- 8 Kanggo nyetel level prioritas, penet , banjur tutul **Setel prioritas** lan titing pilihan.
- 9 Kanggo nambah kolom Cc/Bcc, penet , banjur tutul **Tambah Cc/Bcc**.
- 10 Kanggo ngirim email, tutul .



Kanggo nampa pesen email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Tunyuk **Email**.
 - 3 Yen sampeyan nggunakake sawetara akun email, tutul akun sing arep dipriksa. Yen sampeyan arep mriksa kabeh akun email bebarengan, tutul **Kothak mlebu gabungan**.
 - 4 Kanggo ngundhuh pesen anyar, penet , banjur tutul **Bukak maneh**.
-  Yen wis nyetel akun email perusahaan, sampeyan bisa nyetel frekuensi pamriksa menyang **Otomatis (Push)**.





Maca pesen email

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Email**.
- 3 Yen sampeyan nggunakake sawetara akun email, tunyuk akun sing arep dipriksa. Yen sampeyan arep mriksa kabeh akun email bebarengan, tunyuk **Kothak mlebu gabungan**.
- 4 Ing kothak mlebu email, gulung munggah utawa mudhun banjur tunyuk email sing arep diwaca.



Nggunakake wilah pratinjau email

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk **Email**.
 - 2 Yen sampeyan nggunakake pirang-pirang akun email, tutul akun sing arep dipriksa. Yen sampeyan arep mriksa kabeh akun email bebarengan, tutul **Kothak mlebu gabungan**.
 - 3 Tahan telpon horisontal. Wilah pratinjau email katon.
 - 4 Gulung munggah utawa mudhun ing kothak mlebu email banjur tunyuk email sing arep diwaca. Email mbukak ing panel pratinjau. Kanggo ndeleng informasi bab email, tutul panah mudhun ing jejere jeneng pangirim. Ing kolom teks, jiwit driji loro, utawa biyak, kanggo nyilikake utawa nggedhekake.
 - 5 Kanggo ndeleng email ing format layar wutuh, seret garis pamisah (sing lokasine ing antarare dhaptar lan awak email) sakcukupe. Ing format layar wutuh, gunakake tandha panah munggah lan panah mudhun ing sisih ndhuwur layar kanggo maca pesen sadurunge utawa sabanjure.
 - 6 Kanggo bali menyang tampilan kothak mlebu, seret baris pamisah.
-  Dhelikake wilah pratinjau, tahan telpon vertikal, utawa nggenti setelan wilah pratinjau.


Kanggo ngganti setelan panel pratinjau email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul **Email**.
 - 2 Yen sampeyan nggunakake sawetara akun email, tunyuk akun sing arep dipriksa.
 - 3 Pencet , banjur tunyuk **Liyane > Panel pratinjau** lan pilih opsi.
-  Kanggo ngganti setelan panel pratinjau email yen sampeyan nggunakake kothak mlebu gabungan, pencet , banjur tunyuk **Panel pratinjau** lan pilih opsi.

Kanggo ndeleng lampiran pesen email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Email**.
- 3 Goleki lan tutul pesen sing dipengini ing kothak mlebu email. Email kanthi lampiran dikenali dening .
- 4 Tutul panah undhuh ing jejere jeneng pangirim, tutul lampiran, banjur pilih **Bukak** utawa **Simpen**.


Nyimpen alamat email pangirim menyang kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Email**.
- 3 Goleki lan tutul pesen sing dipengini ing kothak mlebu email.
- 4 Tutul jeneng pangirim ing sisih ndhuwur layar.
- 5 Tutul **OK** nalika sampayan dijaluk nambahake jeneng menyang kontak.
- 6 Pilih kontak sing ana, utawa tunyuk **Gawe kontak anyar** yen pengin nggawe kontak anyar.
- 7 Owahi informasi kontak banjur tunyuk **Rampung**.


Mbales pesen email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Tunyuk **Email**.
- 3 Ing kothak mlebu email, tutul terus pesen sing arep dijawab.
- 4 Tunyuk **Bales** utawa **Bales kabeh**.
- 5 Ketik balesan, banjur tutul .



Nerusake pesen email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Tunyuk **Email**.
- 3 Ing kothak mlebu email, tutul terus pesen sing arep diterusake.
- 4 Tunyuk **Terusake**.
- 5 Tunyuk **Menyang** banjur ketik alamat panampa. Utawa tutul  kanggo milih panampa saka kontak.
- 6 Tik pesen teks, banjur tutul .





Mbusak pesen email

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tunyuk **Email**.
- 3 Ing kothak mlebu email, demek terus pesen sing arep dibusak, banjur tunyuk **Busak**.






Ngurutake email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Tunyuk **Email**.
- 3 Yen sampayan nggunakake sawetara akun email, tutul akun sing arep dipriksa. Yen sampayan arep mriksa kabeh akun email bebarengan, tutul **Kothak mlebu gabungan**.
- 4 Pencet , banjur tunyuk **Urutake**.
- 5 Pilih opsi ngurutake.



Nelusuri email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul . Banjur goleki lan tutul **Email**.
- 2 Yen nggunakake sawetara akun email lan pengin mriksa akun siji, tutul jeneng akun. Pencet , banjur tunyuk **Telusur**.
- 3 Tutul **Telusur tembung**, tik teks telusur, banjur tutul .
- 4 Kasil telusur katon ing dhaptar sing diurutake miturut tanggal. Tutul email sing arep dibukak.
- 5 Kanggo nggenti pilihan, tutul  banjur pilih pilihan sing beda.



Ngatur email dadi rombongan

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk **Email**.
 - 2 Yen sampeyan nggunakake sawetara akun email, tutul akun sing arep dipriksa. Yen sampeyan arep mriksa kabeh akun email bebarengan, tutul **Kothak mlebu gabungan**.
 - 3 Pencet , banjur tunyuk **Tandha sawetara**.
 - 4 Tandhani kothak centhang kanggo email sing pengin dipilih.
 - 5 Yen wis rampung, tutul salah sijine lambang ing layar sisih ngisor kanggo, contone, mbusak email sing wis dipilih. Sampeyan uga bisa menehi tandha minangka wis diwaca utawa durung diwaca. Kanggo pilihan liyane, penet .
-  Ing akun Exchange Active Sync, sampeyan uga bisa nutul  kanggo mindhah email sing wis dipilih menyang folder liyane.


Ndeleng kabeh folder ing akun email siji

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul . Banjur goleki lan tutul **Email**.
- 2 Yen sampeyan nggunakake pirang-pirang akun email, tutul akun sing arep dipriksa.
- 3 Penet , banjur tutul **Folder** kanggo ndeleng kabeh folder ing akun iki.

Kanggo ngganti frekuensi pangecekan kothak mlebu




- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Email**.
- 3 Yen sampeyan nggunakake sawetara akun email, tutul terus akun sing arep disetel, banjur tutul **Setelan akun**. Yen sampeyan arep ndeleng kothak mlebu salah sijine akun, penet , banjur tutul **Liyane > Setelan akun**.
- 4 Tunyuk **Frekuensi mriksa kothak mlebu** banjur pilih salah siji.

Nyetel jawaban-otomatis Out of Office ing akun Exchange Active Sync



- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk **Email**.
- 2 Yen sampeyan nggunakake sawetara akun email, demek terus akun EAS (Exchange Active Sync), banjur pilih **Setelan akun > Metu kantor**.
- 3 Centhang kothak **Metu kantor**.
- 4 Yen dibutuhake, tandhani kothak centhang **Setel kisaran wektu** banjur atur jangka wektu kanggo jawaban otomatis.
- 5 Tik pesen Out of Office ing kolom teks isi.
- 6 Tunyuk **OK** kanggo konfirmasi.

Nggunakake akun email



Kanggo nambah akun email liyane ing telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Email**.
- 3 Yen sampeyan duwe akun email luwih saka siji ing telpon, kabeh akun katon ing dhaptar. Yen sampeyan mung duwe akun email ing telpon, penet , banjur tutul **Liyane > Akun**.
- 4 Pencet , banjur tunyuk **Tambah akun**.
- 5 Ketik alamat email lan sandhi, banjur tunyuk **Sabanjure**. Yen setelan akun email ora bisa diundhuh kanthi otomatis, rampungake persiyapan kanthi manual.
- 6 Yen dijuluk, ketik jeneng kanggo akun email, supaya gampang dikenali. Jeneng sing padha katon ing email sing dikirim saka akun iki.
- 7 Yen wis rampung, tunyuk **Rampung**.

Kanggo nyetel akun email minangka akun gawan


- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Email**.
 - 3 Tutul terus akun sing arep digunakake minangka akun gawan kanggo nulis lan ngirim email, banjur tutul **Setelan akun**.
 - 4 Centhang kothak **Akun gawan**.
-  Yen sampeyan mung duwe akun email siji, akun iki kanthi otomatis dadi akun gawan.

Kanggo mbusak akun email saka telpon



- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Email**.
- 3 Yen sampeyan duwe sawetara akun email ing telpon, menyanga langkah 4. Yen sampeyan mung duwe aku email siji, penet , banjur tutul **Liyane > Akun**.
- 4 Tutul terus akun sing pengin dibusak, banjur tunyuk **Busak akun > OK**.

Gmail™ lan layanan Google™ liyane

Yen sampeyan duwe akun Google™, sampeyan bisa nggunakake aplikasi Gmail™ ing telpon kanggo maca, nulis lan ngatur pesen email. Sakwise nyiyapake akun Google™ ing telpon, sampeyan uga bisa ngobrol karo kanca-kanca kanthi nggunakake aplikasi Google Talk™, nyelarasake aplikasi tanggalan telpon nganggo Google Calendar™, lan ngundhuh aplikasi lan game saka Android Market™.

-  Layanan lan fitur sing diterangake ing bab iki bisa ora didhukung ing kabeh negara utawa wilayah, utawa karo kabeh jaringan lan/utawa panyedhiya layanan ing kabeh wilayah.

Nggawe akun Google™ ing telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Akun & sink > Tambah akun > Google**.
 - 3 Tindakake tuntunan registrasi kanggo nggawe akun Google™, utawa mlebu yen sampeyan wis duwe akun. Telpon saiki wis siyap digunakake nganggo Gmail™, Google Talk™ lan Google Calendar™.
-  Sampeyan uga bisa mlebu utawa nggawe akun Google™ saka panuntun persiyapan nalika sepisanan nggunakake telpon. Utawa sampeyan bisa nyambung online lan gawe akun ing www.google.com/accounts.


Kanggo mbukak Gmail™ aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Gmail™**.


Google Talk™

Sampeyan bisa nggunakake olahpesen cepet Google Talk™ kanggo chatting karo kanca sing uga nggunakake aplikasi iki.


Kanggo miwiti Google Talk™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Omong**.

Mbales pesen cepet nggunakake Omong

- 1 Yen ana sing ngontak sampeyan ing **Omong**, , katon ing baris status.
- 2 Seret baris status mudhun, banjur tunyuk pesen lan wiwiti chatting.

Timescape™

Timescape™ nglumpukake kabeh komunikasi sampeyan dadi siji ing tampilan terpadu. Nganyari acara kayata Facebook™ utawa Twitter™ ditampilake minangka kothak kanthi aliran kronologis ing layar. Telusuri file kanggo ndeleng pratinjau cilik acara sadurunge milih sing arep dibukak banjur ndeleng isi kanthi lengkap. Timescape™ uga duwe tombol tanpa wates  sing menehi akses menyang macem-macem isi babagan item sing lagi dideleng.

- ! Layanan lan fitur sing diterangake ing bab iki bisa uga ora didhukung ing kabeh negara utawa wilayah, utawa karo kabeh jaringan lan/utawa operator jaringan ing kabeh wilayah.

Miwiti Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Timescape™** .
- 3 Nalika kaping pisanan miwiti Timescape™, tutul kothak ing layar pambuka kanggo nyetel Timescape.
- 4 Tutul layar **Layanan** kanggo mlebu menyang layanan jejaring sosial kayata Facebook™ utawa Twitter™, utawa nelusuri ekstensi sing ana gandhengane karo Timescape ing Android Market™.
- 5 Yen ora pengin mlebu menyang akun jejaring sosial utawa nelusuri Android Market™, tutul **Rampung**.


Pandeleng utama Timescape™



- 1 Status sampeyan ing layanan web sing wis dipilih
- 2 Kothak Timescape™, ing urutan sing kronologis, kanthi kothak paling anyar ing nduwur
- 3 Panyaring acara Timescape™

Nggunakake Timescape™

Nggulung menyang kothak ing Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
- 3 Gulung cepet munggah utawa mudhun kanggo nggulung menyang kotak.

Pratinjau kothak ing Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
- 3 Gulung menyang kothak sing pengin dipratinjau, banjur tunyuk kothak kasebut.

Ringkesan panyaring acara Timescape™



Kabeh acara



Anyarake saka kontak Twitter™




Anyarake saka kontak Facebook™




Acara liyane katon ing panyaring acara Timescape™ yen sampeyan wis instal layanan Timescape liyane.



Nyaring acara sing dituduhake ing Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
- 3 Tunyuk utawa gulung cepet lambang saringan.


Mbukak maneh layar utama ing Timescape™

- Yen panyaring acara Timescape™ disetel kanggo nampilake kabeh acara, pencet , banjur tutul **Refresh**.
- Nalika sampeyan mbukak maneh layar utama, telpon bisa uga nyambung menyang Internet kanggo nganyari informasi saka akun layanan web sing disambungake karo Timescape™.



Kanggo mlebu menyang Facebook™ utawa Twitter™ saka Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
 - 3 Pencet , banjur tunyuk **Setelan > Siyapake layanan**.
 - 4 Tutul layanan sing pengin dileboni.
 - 5 Ketik rincian login.
- Nalika mlebu menyang layanan web, sampeyan bisa nganyari status utawa ndeleng nganyari saka layanan web ing Timescape™.

Nganyari status Facebook™ utawa Twitter™ ing Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
- 3 Tunyuk  > **Anyari status**.
- 4 Tunyuk layanan sing pengin digunakake kanggo nganyari status. Yen sampeyan ora mlebu menyang layanan kasebut, mlebu dhisik sadurunge bisa nerusake. Yen wis milih layanan sing dipengini, tunyuk **Terusake**.
- 5 Tunyuk kolom teks lan ketik status anyar sampeyan, banjur tunyuk **Posting**.

Kanggo metu saka Facebook™ utawa Twitter™ saka Timescape™



- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
 - 3 Pencet , banjur tunyuk **Setelan > Siyapake layanan**.
 - 4 Tutul layanan sing sampeyan pengin metu.
- ! Informasi akun kabusak nalika sampeyan metu.

Ngundhuh layanan anyar kanggo Timescape™


Sampeyan bisa ningkatake telusur ing Android Market™ lan ngundhuh layanan anyar saka layanan anyar kanggo Timescape™. Layanan kaya mengkono iku kalebu aplikasi lan plug-ins sing nambahake fitur ekstra menyang Timescape. Contone, sampeyan bisa

ngundhuh aplikasi sing nganyarake Timescape karo aktivitas sampeyan ing situs jaringan sosial.


Ngundhuh lan nginstal layanan anyar kanggo Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
 - 3 Pencet , banjur tunyuk **Setelan > Siyapake layanan > Telusuran Ekstensi**.
 - 4 Yen durung duwe akun Google siyap ing telpon, turuti prentah tombol layar kanggo nggawe akun. Yen ora, sampeyan bakal diarahake langsung menyang Android Market™.
 - 5 Ing Android Market™, pilih layanan sing arep diundhuh saka dhaptar sing katon, banjur turuti prentah kanggo ngundhuh lan nginstal.
- 💡 Sampeyan bisa mbusak layanan Timescape sing wis diinstal nganggo cara sing padha karo yen mbusak aplikasi sing wis diinstal liyane.

Ndeleng acara ing Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
- 3 Gulung menyang lan tunyuk kothak acara sing dipengini supaya katon ing mode pratinjau. Banjur tunyuk kothak maneh.

Tombol tanpa winates ing Timescape™



Nalika sampeyan nutul kothak, tombol tanpa winates  katon ing pojok tengen ndhuwur. Yen kothak disambungake karo kontak, sampeyan bisa ngakses isi sing gegandhengan kanthi nunyuk tombol tanpa winates.

Ndeleng kabeh komunikasi karo kontak ing Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
- 3 Tutul kothak kanggo acara sing gegandhengan karo kontak.
- 4 Tutul . Kabeh komunikasi karo kontak katon.
- 5 Tutul utawa gulung cepet item penyaring ing dhasar layar kanggo ndeleng komunikasi karo kontak nganggo media liyane.

Setelan Timescape™

Kanggo ngakses setelan Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
- 3 Pencet , banjur tunyuk **Setelan**.


Kanggo gawe jadwal nganyari isi layanan web ing Timescape™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Timescape™**.
- 3 Pencet , banjur tunyuk **Setelan > Mode nganyari**.
- 4 Tutul pilihan sing dipengini. Yen milih **Manual**, nganyari kanthi otomatis ora dijadwal.

Widget Timescape™ Feed

Widget Timescape™ Feed nuduhake kabeh acara Timescape™ paling anyar sekaligus. Sampeyan bisa nggulung cepet munggah utawa mudhun kanggo nuduhake konten saben acara kanthi lengkap. Sampeyan uga bisa nunyuk acara kanggo ndeleng isine ing format layar wutuh utawa nanggepi acara kasebut nganggo komentar, jempol lan retweet.

Tampilan widget Timescape™ Feed



- 1 Trabasan menyang tampilan utama Timescape™
- 2 Trabasan menyang nganyari status
- 3 Refresh tampilan widget
- 4 Acara online sing paling anyar

Nambahake widget Timescape™ Feed menyang layar Ngarep

- 1 Saka Layar Ngarep, penet ☰.
- 2 Tutul **Tambah > Widget**.
- 3 Tutul **Feed Timescape™**.

Kanggo mbusak widget Timescape™ Feed saka layar Ngarep

- 1 Saka layar Ngarep, tutul terus widget Timescape™ Feed.
- 2 Seret widget menyang 🗑️.

Widget Timescape™ Friends


Widget Timescape™ Friends ngabari babagan aktivitas jejaring sosial sing ana gandhengane karo sampeyan lan kanca-kanca. Sampeyan bisa ndeleng kabeh aktivitas lan komunikasi karo kanca nggunakake komentar, jempol lan retweet.

Tampilan widget Timescape™ Friends



- 1 Trabasan menyang tampilan utama Timescape™
- 2 Tutul kanggo bukak maneh tampilan
- 3 Indikator kegiatan – nuduhake anyar menyang feed
- 4 Tutul kanggo nuduhake kanca bab kegiatan jaringan sosial sing paling pungkasan
- 5 Bukak tab kanggo nuduhake kanca sing ditutake lan nambah kanca

Nambahake widget Timescape™ Friends menyang layar Ngarep

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
- 2 Tutul **Tambah > Widget**.
- 3 Tutul **Kanca Timescape™**.


Mbusak widget Timescape™ Friends saka layar Ngarep

- 1 Saka layar Ngarep, tutul terus widget Timescape™ Friends.
- 2 Seret widget menyang .

Widget Timescape™ Share


Nuduhake status liwat salah siji layanan sing sampeyan leboni saka telpon. Contone, sampeyan bisa ngirim berita anyar ing Facebook™ utawa Twitter™.

Tampilan widget Timescape™ Share




- 1 Lambang sing nuduhake layanan sing mentas digunakake kanggo ngirim posting
- 2 Trabasan menyang tampilan utama Timescape™
- 3 Tik posting anyar ing kene

Nambahake widget Timescape™ Share menyang layar Ngarep

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
- 2 Tutul **Tambah > Widget**.
- 3 Tutul **Nuduhake Timescape™**.

Mbusak widget Timescape™ Share saka layar Ngarep

- 1 Saka layar Ngarep, tutul terus widget Timescape™ Share.
- 2 Seret widget menyang .

Miwiti Android Market™

Bukak Android Market™ lan mlebu ing jagad aplikasi lan game. Sampeyan bisa nelusuri aplikasi lan game kasebut liwat macem-macem kategori. Sampeyan uga bisa menehi rating aplikasi utawa game banjur ngirim saran.

Kanggo nggunakake Android Market™, sampeyan kudu nduwe akun Google™. Waca *Nggawe akun Google™ ing telpon* ing kaca 54.

- ! Android Market™ bisa uga ora kasedhiya ing kabeh negara utawa wilayah

Mbukak Android Market™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Pasar**.

Ngundhuh saka Android Market™

Sampeyan bisa ngundhuh kabeh jinis aplikasi saka Android Market™, kalebu aplikasi sing gratis.

Sakdurunge download aplikasi

Sakdurunge sampeyan miwiti download saka Android Market™, pesthekake yen sampeyan duwe sambungan internet sing nyambung.

Uga, elinga yen tagihan lalu lintas data bisa tambah yen sampeyan download isi menyang telpon. Hubungi operator kanggo katrangan lengkap.

Ngundhuh aplikasi sing gratis

- 1 Ing Android Market™, temokake item sing pengin diundhuh kanthi nelusuri kategori, utawa kanthi nggunakake fungsi telusuran.
- 2 Tunyuk item kanggo ndeleng rincian, banjur tututi pandhuan kanggo ngrampungake panginstallan.
- 3 Yen aplikasi sing pengin diundhuh mbutuhake akses menyang data utawa kontrol fungsi ing telpon, bakal ditampilake layar tambahan karo rinciane. Waca layar kasebut kanthi teliti, amarga fungsi telpon bisa uga kena pengaruh akeh yen sampeyan nerusake. Tunyuk **OK** yen sampeyan setuju, utawa **Batal** yen pengin mbatalake ngundhuh.

Ngundhuh aplikasi sing mbayar

- 1 Ing Android Market™, temokake item sing pengin diundhuh kanthi nelusuri kategori, utawa kanthi nggunakake fungsi telusuran.
- 2 Tunyuk item kanggo ndeleng rincian, banjur tututi pandhuan ing telpon kanggo ngrampungake tuku.
- 3 Yen aplikasi sing pengin diundhuh mbutuhake akses menyang data utawa kontrol fungsi ing telpon, bakal ditampilake layar tambahan karo rinciane. Waca layar kasebut kanthi teliti, amarga fungsi telpon bisa uga kena pengaruh akeh yen sampeyan nerusake. Tunyuk **OK** yen sampeyan setuju, utawa **Batal** yen pengin mbatalake ngundhuh.

Mbukak aplikasi sing diundhuh

- 1 Ing Android Market™, penet , banjur tunyuk **My Apps**.
- 2 Tunyuk aplikasi sing diundhuh.


- 💡 Sampeyan uga bisa ngakses aplikasi sing diundhuh saka layar Aplikasi.

Mbusak data aplikasi

Sampeyan kadhangkala bisa uga perlu mbusak data aplikasi. Iki bisa uga amarga, contone, memori aplikasi kebak, utawa sampeyan pengin mbusak skor game paling


dhuwur. Sampeyan bisa uga pengin mbusak email mlebu, pesen teks lan multimedia ing sawetara aplikasi.

Mbusak kabeh cache aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan**.
- 3 Tunyuk **Aplikasi** > **Atur aplikasi**.
- 4 Tunyuk aplikasi sing pengin dibusak kabeh cachene.
- 5 Tunyuk **Busak cache**.

! Sampeyan ora bisa mbusak cache kanggo sawetara aplikasi.

Mbusak aplikasi sing diinstal


- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan**.
- 3 Tunyuk **Aplikasi** > **Atur aplikasi**.
- 4 Tunyuk aplikasi sing dipengini.
- 5 Tunyuk **Busak instal**.

! Ora mungkin mbusak sawetara aplikasi prainstal.

Ijin

Sawetara aplikasi kudu ngakses bagean saka telpon supaya bisa mlaku nganti bener. Contone, aplikasi navigasi perlu ijin kanggo ngirim lan nampa lalu lintas data, uga ngakses lokasi sampeyan. Sawetara aplikasi bisa uga nyalahi panggunaan ijin kanthi nyolong utawa mbusak data, utawa nglaporake lokasi sampeyan. Priksa manawa sampeyan mung nginstal lan menehi ijin menyang aplikasi sing dipercaya.

Ndeleng ijin aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan**.
- 3 Tunyuk **Aplikasi** > **Atur aplikasi**.
- 4 Tunyuk aplikasi sing dipengini.
- 5 Gulung mudhun kanggo ndeleng **Ijin**.

Nginstal aplikasi ora saka Android Market™

Nginstal aplikasi saka sumber sing ora dingerteni utawa ora dipercaya bisa ngrusak telpon. Kanthi gawan, telpon sampeyan disetel kanggo mblokir panginstalan kasebut. Nanging, sampeyan bisa ngganti setelan iki lan ngidini panginstalan saka sumber sing ora dingerteni.

! Sony ora menehi jaminan utawa garansi babagan kinerja aplikasi saka pihak katelu utawa isi sing dikirim liwat undhuhan utawa antarmuka liyane menyang telpon. Kajaba iku, Sony ora tanggung jawab kanggo karusakan apa wae utawa kinerja telpon sing suda gara-gara kiriman isi saka pihak katelu. Mung gunakake isi saka sumber sing dipercaya. Hubungi panyedhiya isi manawa sampeyan duwe pitakon utawa uneg-uneg.

Ngidini panginstalan aplikasi ora saka Android Market™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Goleki banjur tutul **Setelan** > **Aplikasi**.
- 3 Tandhani kothak centhang **Sumber ora dingerteni**.

Layanan PlayNow™

Sampeyan bisa nggunakake layanan PlayNow™ kanggo ngundhuh aplikasi, musik, game, dering lan wallpaper. Layanan PlayNow™ nawakake undhuan sing gratis lan sing mbayar.



💡 Layanan PlayNow™ ora kasedhiya ing kabeh negara.

Sadurunge ngundhuh isi

Sadurunge ngundhuh, priksa sampeyan nduweni sambungan Internet. Uga, sampeyan kudu nglebokake kertu memori ing telpon kanggo ngundhuh isi.

! Yen ngundhuh isi menyang telpon, sampeyan bisa uga kudu mbayar kanggo jumlah dhata sing ditransfer. Hubungi operator jaringan kanggo informasi babagan tarif transfer data ing negara sampeyan.


Miwiti PlayNow™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk .

Ngundhuh saka layanan PlayNow™

Ngundhuh rerangken isi saka layanan PlayNow™ langsung menyang telpon. Pilih saka macem-macem aplikasi, game, musik, dering lan konten liyane. Elinga yen pilihan pembayaran saka aplikasi sing ora gratis bisa beda-beda ing saben negara.

Ngundhuh item PlayNow menyang telpon



- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **PlayNow™**.
- 3 Temokake item sing pengin diundhuh kanthi nelusuri kategori, utawa kanthi nggunakake fungsi telusuran.
- 4 Tunyuk item kanggo ndeleng rincian.
- 5 Klik "Buy now!" kanggo miwiti proses tuku. Sawise tuku divalidasi, sampeyan bisa miwiti ngundhuh konten kasebut.

Video Unlimited™










Gunakake layanan Video Unlimited™ kanggo nyewa lan tuku video sing bisa dideleng ora mung ing telpon, nanging uga ing PC, PlayStation® Portable (PSP®) lan PlayStation® 3. Pilih saka rilis Hollywood paling anyar, film aksi, komedi, klasik lan akeh kategori liyane.

- ! Video Unlimited™ bisa uga ora kasedhiya ing kabeh negara utawa wilayah.

Mbukak Video Unlimited™

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul .

Ringkesan menu Video Unlimited™

	Ndeleng informasi akun
	Nggoleki video
	Ndeleng status undhuhan kanggo kabeh item
	Ndeleng lan ngganti setelan kanggo akun, tuku, lan undhuhan
	Nambahake video iki menyang dhaptar pesenan
	Mbusak kabeh item ing dhaptar pesenan
	Mbusak video sing lagi dideleng saka dhaptar pesenan
	Nduhake informasi babagan video iki liwat jejaring sosial, email, Bluetooth lan metode liyane
	Ndeleng informasi ukum

- ! Menu Video Unlimited™ sifate dinamis, iku tandhane kabeh pilihan ora tansah kasedhiya. Contone, pilihan kanggo mbusak kabeh item ing dhaptar pesenan mung kasedhiya yen sampeyan ndeleng dhaptar kasebut.

Mbukak menu Video Unlimited™

- Bukak **Video Unlimited**, banjur penet .

Nggawe akun Video Unlimited™

Sampeyan kudu nggawe akun Video Unlimited™ yen pengin tuku utawa nyewa film nganggo layanan Video Unlimited™. Yen wis duwe akun jaringan PlayStation®, sampeyan bisa nggunakake akun kasebut.

Njelajahi pilihan video Video Unlimited™







Telusuri video miturut kategori, utawa ketik teks kanggo nelusuri item tartamtu. Sampeyan uga bisa milih pratinjau video sing disenengi.

Nyewa utawa tuku video

Yen nyewa video, sampeyan duwe watesan wektu kanggo ndeleng. Wektu iki beda-beda gumantung pasar. Sampeyan uga bisa milih ngundhuh video sing dituku menyang piranti Sony™ apa wae sing sinambung menyang akun Video Unlimited™.

Ringkesan kabar Video Unlimited™

Yen sampeyan tuku utawa nyewa video, bisa uga ditampilake kabar iki:





-  Ngundhuh video wis rampung
-  Gagal ngundhuh. Sampeyan kudu mriksa, contone, manawa telpon disambungake menyang jaringan Wi-Fi®, lan manawa ana cukup ruang bebas ing kertu memori.
-  Lagi ngundhuh video
-  Ngundhuh lagi ngaso
-  Konfirmasi sukses tuku
-  Periode ngetung mundur sewa wis diwiwiti

Nonton video saka Video Unlimited™

Sampeyan bisa nonton video sing disewa utawa dituku ing meh kabeh piranti Sony™ sing disambungake menyang akun Video Unlimited™.

Ringkesan menu video

Nalika ndelok-video saka Video Unlimited™, sampeyan bisa bukak-menu supaya bisa oleh pilihan-pilihan iki:



-  Mbusak video iki
-  Ndeleng informasi babagan video iki
-  Ngganti basa audio
-  Ngganti basa tarjamahan, utawa mbusak tarjamahan

Music Unlimited™

Music Unlimited™ iku layanan basis langganan sing nawakake akses menyang jutaan lagu liwat koneksi 3G utawa Wi-Fi®. Sampeyan bisa ngatur lan ngedit perpustakaan musik pribadi ing gemawan saka macem-macem perangkat, utawa nyelarasake daftar lagu lan musik nganggo PC sing nganggo sistem operasi Windows®. Kanggo informasi luwih lengkap, bukak www.sonyentertainmentnetwork.com.

- ! Music Unlimited™ bisa uga ora kasedhiya ing kabeh negara utawa wilayah.

Mbukak Music Unlimited™


- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul .

Diatur


Tanggalan

Telpon nduwe tanggalan kanggo ngatur jadwal wektu sampeyan. Yen duwe akun Google™, sampeyan uga bisa nyelarasake tanggalan telpon karo tanggalan web. Waca *Sinkronisasi data ing telpon* ing kaca 71.






Nyetel tampilan tanggalan

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk **Tanggalan**.
- 2 Tutul **Sasi, Minggu** utawa **Dina** kanggo milih pilihan.

Ndeleng tanggalan luwih saka siji

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk **Tanggalan**.
- 2 Penet , banjur tunyuk **Tanggalan**.
- 3 Pilih tanggalan sing arep dideleng.

Nggawe acara tanggalan

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk **Tanggalan**.
 - 2 Penet , banjur tunyuk **Acara anyar**.
 - 3 Ketik jeneng, wektu, lokasi lan katrangan acara.
 - 4 Yen dikarepake, pilih opsi liyane ing **Ambalan**.
 - 5 Pilih pangeling kanggo acara kasebut. Kanggo nambah pangeling anyar menyang acara kasebut, tunyuk .
 - 6 Tunyuk **Simpèn**.
-  Nalika wektu janji wis cedhak, telpon bakal muter swara cendhak kanggo ngelingake sampeyan. Kajaba iku,  ditampilake ing garis status.

Ndeleng acara tanggalan

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk **Tanggalan**.
- 2 Tunyuk acara sing pengin dideleng.


Kanggo ngganti setelan tanggalan

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk **Tanggalan**.
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Setelan**.
- 3 Tutul setelan sing arep diganti, banjur owahi kaya sing dipengini.


Jam weker

Gunakake telpon minangka jam weker lan pilih swara ing telpon minangka swara weker. Weker ora muni nalika telpon dipateni. Nanging weker tetep muni nalika telpon disetel menyang mode bisu.


Mbukak jam weker

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Weker**.

Nyetel weker anyar

- 1 Saka layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Weker**.
- 3 Tunyuk **Tambah weker**.
- 4 Setel wektu kanthi nggulung munggah utawa mudhun.
- 5 Yen dikarepake, owahi setelan weker liyane.
- 6 Tunyuk **Rampung**.

Ngowahi weker sing ana


- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Weker**.
- 3 Tunyuk weker sing pengin diowahi.
- 4 Gulung munggah utawa mudhun kanggo nyetel wektu.
- 5 Yen dikarepake, owahi setelan weker liyane.
- 6 Tunyuk **Rampung**.

! Format wektu weker ditampilake padha karo format sing dipilih kanggo setelan wektu umum, contone, 12 jam utawa 24 jam.


Mateni weker

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Weker**.
- 3 Busak centhang kothak ing jejere weker sing arep dipateni.


Ngaktifake weker sing ana

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Weker**.
- 3 Tutul kothak ing jejere weker sing arep diuripake.


Mbusak weker

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Weker**.
- 3 Tutul terus weker sing pengin dibusak.
- 4 Tutul **Busak weker**, banjur tutul **Ya**.


Nyetel dering kanggo weker

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Weker**.
- 3 Tunyuk weker sing pengin diowahi.
- 4 Busak centhang ing kothak **Setelan gaya**.
- 5 Tutul **Swara weker** banjur pilih salah siji.
- 6 Tutul **Rampung**.


Nemtokake weker ambalan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Weker**.
- 3 Tunyuk weker sing pengin diowahi.
- 4 Tunyuk **Baleni**.
- 5 Tandhani kothak centhang kanggo dina-dina sing dipengini, banjur tunyuk **OK**.

Kanggo nyetel judhul weker

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Weker**.
- 3 Tunyuk weker sing pengin diowahi.
- 4 Tutul kolom **Teks weker** banjur tik jeneng weker.
- 5 Tunyuk **Rampung**.

Nguripake fungsi kedher kanggo weker

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Weker**.
- 3 Tunyuk weker sing pengin diowahi.
- 4 Centhang kothak **Kedher**.


Nyetel weker supaya muni nalika telpon ing mode bisu

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek lan tutul **Weker**, banjur tutul kanggo milih weker.
- 3 Tandhani kothak centhang **Weker ing mode bisu**, banjur tutul **Rampung**.

Nundha weker nalika muni

- Tunyuk **Tundha - mnt.**



Mateni weker nalika muni

- Geser nengen .


Mindhai nganggo aplikasi NeoReader™

Gunakake telpon minangka pamindai barcode kanggo ngerteni luwih akeh babagan item sing dipindai. Contone, sampeyan ndeleng jas ing iklan majalah lan kepengin nemokake toko paling cedhak kanggo tuku. Yen iklan kasebut ngamot barkode sing bisa diwaca, aplikasi NeoReader™ nggunakake kode iki kanggo ngakses isi web mobile, kayata kaca web kanthi informasi produk liyane utawa peta toko sing paling cedhak. NeoReader™ ndhukung meh kabeh jinis barkode standar.

Kanggo miwiti aplikasi NeoReader™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk  NeoReader™.

Mindai barcode









- 1 Nalika aplikasi NeoReader™ dibukak, cedhakake kamera telpon karo barcode nganti kabeh barcode ditampilake ing jendela bidik.
- 2 Telpon bakal otomatis mindai barcode, lan bakal kedher yen barcode kasebut dingerteni. Yen barcode ora dikenali, tutul  kanggo mindai kode kanthi manual.

Ngetik barcode kanthi manual

- 1 Nalika aplikasi NeoReader™ mbukak, tutul .
- 2 Tutul kolom teks, banjur ketik angka ing barcode.

Ringkesan menu aplikasi NeoReader™

Pilihan menu ngisor iki kasedhiya ing aplikasi NeoReader™:

-  Njupuk barkode nggunakake resolusi gambar sing luwih dhuwur kanggo njagani yen NeoReader™ ora ngenali barkode kanthi otomatis
-  Ketik nomer kode bar sakcara manual. Opsi iki bisa dianggo yen kamera sampeyan angel maca kode bar
-  Ndeleng daftar kode bar sing mentas dipindhai
-  Pilih preferensi carane arep nganggo aplikasi NeoReader™
-  Ndeleng informasi bab aplikasi NeoReader™
-  Wacanan sing luwih akeh bab tipe kode bar, lan carane nganggo NeoReader™
-  Pilih setelan pribadi, kayata basa utawa negara. Katrangan iki digunakake kanggo nggawe pribadi isi kode bar
-  Kirim pesen teks kanggo ngajak kanca ngundhuh aplikasi NeoReader™

Sinkronisasi data ing telpon

Sampeyan bisa nyelarasake kontak, email, acara tanggalan, lan informasi liyane karo telpon saka macem-macem akun email, layanan sinkronisasi lan jinis akun liyane, gumantung saka aplikasi sing diinstal ing telpon. Nyelarasake telpon karo sumber-sumber informasi minangka cara sing gampang lan praktis supaya ora ketinggalan jaman.

Sampeyan bisa:


- ngakses kontak Gmail™, Google Calendar™, Google™ lan layanan Google liyane sing digunakake.
- ngakses aplikasi email, kontak lan tanggalan perusahaan.
- ngakses kontak, tanggalan, album Facebook™, lan layanan liyane sing digunakake.
- sinkronisasi telpon karo server Internet nggunakake SyncML™.

Nyelarasake nganggo Google™



Selarasake telpon nganggo Gmail™, Google Calendar™, kontak lan data Google™ saka layanan Google liyane sing digunakake. Ndeleng lan ngatur informasi kasebut saka telpon kanthi gampang kaya yen saka komputer.

Sakwise nyelarasake, sampeyan bisa golek Gmail™ ing aplikasi Gmail™; Google Calendar™ ing aplikasi Tanggalan; kontak Google™ ing aplikasi Kontak; lan data liyane sing gegandhengan karo aplikasi Google sing wis diinstal.


Nggawe akun Google™ ing telpon kanggo sinkronisasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Tutul **Setelan > Akun & sink.**
- 3 Priksa manawa kothak **Aktifake sink otomatis** wis dicenthang supaya aplikasi bisa nyinkronake data kanthi otomatis.
- 4 Tutul **Tambah akun > Google.**
- 5 Tindakake panuntun pandhaptaran kanggo gawe akun Google™, utawa mlebu yen sampeyan wis duwe akun.
- 6 Tandhani kothak **Gawe serep & pulihake** yen sampeyan pengin gawe serep data menyang akun Google™, banjur tutul **Tampa.**
- 7 Tunyuk **Rampung.**
- 8 Tutul akun Google™ sing mentas digawe, banjur tutul item sing arep disinkronake.

Kanggo nyinkronake kanthi manual karo akun Google™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tunyuk **Setelan > Akun & sink.**
- 3 Tunyuk akun Google™ yen sampeyan pengin nyinkronake.
- 4 Pencet , banjur tunyuk **Sink saiki.**

Mbusak akun Google™ saka telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tunyuk **Setelan > Akun & sink.**
- 3 Tutul akun Google™ sing pengin dibusak saka dhaptar akun.
- 4 Tunyuk **Busak akun.**
- 5 Tunyuk **Busak akun** maneh kanggo konfirmasi.


- ! Sampeyan bisa mbusak kabeh akun Google™ saka dhaptar akun, kajaba sing nomer siji. Kanggo nyopot akun kapisan, sampeyan kudu reset telpon nganti tuntas. *Waca Ngreset telpon* ing kaca 141.

Nyelarasake email, tanggalan lan kontak perusahaan


Ngakses pesen email, janji tanggalan lan kontak perusahaan langsung saka telpon. Ndeleng lan ngatur kabeh mau kanthi gampang kaya nalika nganggo komputer. Sawise persiapan, sampeyan bisa nggolek informasi ing aplikasi **Email, Tanggalan lan Kontak**.

- ! Supaya sampeyan bisa ngakses fungsi kasebut ing ndhuwur, informasi perusahaan mau kudu disimpen ing server Microsoft® Exchange.

Nyiyapake email, tanggalan lan kontak perusahaan ing telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tunyuk **Setelan > Akun & sink**.
- 3 Priksa manawa kothak **Aktifake sink otomatis** wis dicenthang supaya data bakal disinkronake kanthi otomatis miturut interval sinkronisasi sing wis disetel.
- 4 Tunyuk **Tambah akun > Exchange Active Sync**.
- 5 Ketik alamat email lan sandhi perusahaan.
- 6 Tunyuk **Sabanjure**.
- 7 Tututi langkah-langkah kanggo ngatur akun lan pilih jinis data sing pengin diselarasake karo telpon, kayata kontak lan tanggalan. Yen setelan akun perusahaan ora ditemokake kanthi otomatis, rampungake persiapan kanthi manual. Hubungi administrator jaringan perusahaan yen sampeyan mbutuhake informasi luwih lengkap.
- 8 Yen persiapan rampung, ketik jeneng akun perusahaan, supaya bisa gampang dikenali, banjur tunyuk **Rampung**.
- 9 Yen dijaluk, uripake administrator piranti kanggo ngidini server korporat ngontrol fitur keamanan tartamtu ing telpon. Administrator piranti kanggo telpon biasane email, tanggalan, utawa aplikasi liyane sing diwenehi idin kanggo ngetrapake kabijakan keamanan ing telpon nalika sampeyan nyambung menyang layanan perusahaan sing mbutuhake wewenang kasebut.


Kanggo ngowahi persiapan email, tanggalan lan kontak perusahaan

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tutul **Setelan > Akun & sink** banjur pilih akun perusahaan.
- 3 Tunyuk **Setelan akun**.
- 4 Ngganti setelan sing selaras kabutuhan. Umpamane, sampeyan bisa netepake:
 - sepira kerepe telpon mriksa pesen email anyar.
 - kanggo njupuk tanggalan lan kontak perusahaan ing telpon.
 - setelan server ing **Setelan mlebu**.

Nyetel interval panyelarasan kanggo akun perusahaan

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tunyuk **Setelan > Akun & sink** banjur pilih akun perusahaan.
- 3 Tunyuk **Setelan akun**.
- 4 Tunyuk **Frekuensi mriksa kothak mlebu** banjur pilih opsi interval.

Kanggo mbusak akun perusahaan saka telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tutul **Setelan > Akun & sink**, banjur tutul akun perusahaan.
- 3 Tunyuk **Busak akun**.
- 4 Tunyuk **Busak akun** maneh kanggo konfirmasi.

Sinkronisasi karo Facebook™

Atur wiwitan telpon kanggo nyinkronake kontak, entri tanggalan, potret lan data Facebook™ saka layanan liyane sing digunakake. Nalika ngatur wiwitan Facebook ing telpon, sampeyan bisa uga diwenehi pilihan kanggo nggawe akun **Facebook kanggo Xperia™** sing ngidini akses kanthi luwih gampang menyang Facebook saka aplikasi liyane ing telpon.


Nggawe akun Facebook™ ing telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Tutul **Setelan > Akun & sink.**
- 3 Priksa manawa kothak **Aktifake sink otomatis** wis dicenthang supaya aplikasi bisa nyinkronake data kanthi otomatis.
- 4 Tutul **Tambah akun > Facebook.**
- 5 Tindakake tuntunan registrasi kanggo nggawe akun Facebook™, utawa mlebu yen sampeyan wis duwe akun Facebook.
- 6 Pilih opsi panyelarasan kanggo akun sampeyan, banjur tutul **Rampung.** Akun Facebook saiki wis siyap dienggo ing telpon.
- 7 Yen lambang Facebook katon ing garis status, seret bar status banjur tutul **Facebook kanggo Xperia™** kanggo njupuk informasi liyane.
- 8 Yen sampeyan pengin nambah akun **Facebook kanggo Xperia™**, tandhani kothak **Integrasi Facebook** banjur turuti prentah tombol layar.

Nyinkronake kanthi manual karo akun Facebook™

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Tutul **Setelan > Akun & sink.**
- 3 Tutul akun Facebook™ utawa akun **Facebook kanggo Xperia™.**
- 4 Pencet , banjur tunyuk **Sink saiki.**


Mbusak akun Facebook™ saka telpon

- ! Yen mbusak akun Facebook™ saka telpon, akun Facebook ora bakal ilang lan sampeyan isih bisa ngakses saka komputer.
- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Tutul **Setelan > Akun & sink.**
 - 3 Tutul akun Facebook.
 - 4 Tunyuk **Busak akun.**
 - 5 Tunyuk **Busak akun** maneh kanggo konfirmasi. Akun Facebook lan akun **Facebook kanggo Xperia™** wis dibusak saka telpon.



Nyelarasake nganggo SyncML™

Nyelarasake telpon karo server Internet nggunakake SyncML™. Deleng lan atur kontak, tanggalan lan tetenger saka telpon kanthi gampang kaya nalika ngatur nganggo komputer.


Nyiyapake akun SyncML™ ing telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tutul **Setelan > Akun & sink.**
 - 3 Priksa manawa kothak **Aktifake sink otomatis** wis dicenthang supaya data bakal disinkronake kanthi otomatis miturut interval sing wis disetel.
 - 4 Tutul **Tambah akun > SyncML.**
 - 5 Tutul Jeneng, Alamat server, Jeneng Pangguna lan Sandhi banjur ketik informasi sing dibutuhake.
 - 6 Tutul **Interval sink** banjur pilih sepira kerepe sampeyan pengin telpon nyelarasake kanthi otomatis.
 - 7 Tutul kolom sing pengin diselarasake, umpamane, Kontak. Banjur ketik informasi sing dijaluk. Baleni langkah iki kanggo saben item sing pengin diselarasake.
 - 8 Yen wis rampung, tutul **Rampung.**
- ! Hubungi operator jaringan SyncML™ kanggo informasi luwih lengkap babagan setelan akun.


Nyinkronake kanthi manual karo akun SyncML™

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tunyuk **Setelan > Akun & sink.**
- 3 Tutul akun SyncML™ sing pengin disinkronake.
- 4 Penet , banjur tunyuk **Sink saiki.**

Ngeset interval sinkronisasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tutul **Setelan > Akun & sink**, banjur tutul akun SyncML™.
- 3 Tunyuk **Setelan akun**.
- 4 Tunyuk **Interval sink** banjur pilih opsi interval.

Mbusak akun SyncML™ saka telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Tutul **Setelan > Akun & sink**, banjur tutul akun SyncML™.
- 3 Tunyuk **Busak akun**.
- 4 Tunyuk **Busak akun** maneh kanggo konfirmasi.

NFC

NFC (Near Field Communication) iku teknologi nirkabel cedhak supaya bisa sulih data karo perangkat liyane, tuku barang nganggo telpon, lan mindai label khusus sing ngewenehi sampeyan informasi luwih akeh babagan produk utawa layanan tartamtu. Sampeyan bisa nuduhake label sing dipindai. Sampeyan uga bisa nggawe label dhewe lan nggunakake label kasebut kanggo ngirim informasi menyang perangkat liyane sing kompatibel karo NFC, kayata telpon.


Label sing bisa digawe kalebu kontak, URL, lokasi peta, utawa teks. Kanggo mindai lan nuduhake label, sampeyan kudu nyekel area deteksi NFC telpon pas ing dhuwure label utawa ing jejere area deteksi NFC perangkat liya. Jarak maca maksimum minangka sawetara siji centimeter, supaya ngewani nyegah komunikasi sing ora diijini.

- ! NFC bisa uga ora kasedhiya ing kabeh negara lan/utawa wilayah.

Nguripake guna NFC



- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tonyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan**.
- 3 Centhang kothak **NFC**.

Area deteksi NFC










- ! Panggonan area deteksi NFC ora mesthi padha ing kabeh telpon. Nalika enggo bareng data karo telpon liyane kanthi nggunakake NFC, waca Pandhu pangguna telpon liyane kanggo katrangan liyane.






Enggo bareng kontak karo telpon liyane nganggo NFC

- 1 Pesthekake yen telpon lan telpon panampa wis nguripake NFC lan layar loro-lorone aktif.
 - 2 Kanggo ndeleng kontak ing telpon, pindhah menyang Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
 - 3 Tutul kontak sing arep dienggo bareng.
 - 4 Tahan telpon lan telpon panampa unkur-unkuran supaya area deteksi NFC saben telepon bisa demok-demokan. Nalika telpon ngenali siji-sijine, telpon loro kedher lan wiwit ngirim data.
 - 5 Pisahake telpon loro sakcepat sawise padha kedher.
 - 6 Nalika transfer ditindakake, informasi kontak ditampilake ing layar telpon panampa lan uga disimpen ing aplikasi **Kontak**.
- 💡 Pisahake telpon sakcepat sawise padha kedher kanggo ngalangi nyambungake telpon maneh sing bisa nyelani pangiriman data.

Kanggo nuduhake file musik karo telpon liyane nganggo NFC

- 1 Priksa manawa telpon sampeyan lan telpon panrima wis nguripake fungsi NFC, kothak centhang **Enggo bareng labelku** ing ngisore **Label > Labelku** dikosongi lan kabeh layar telpon aktif.
 - 2 Kanggo mbukak pamuter musik, buka Layar Ngarep, banjur tunyuk **Media** >  . Yen  ora dituduhake, tunyuk  , banjur golek lan tunyuk  .
 - 3 Tunyuk tab **MUSIKKU** kanggo mbukak perpustakaan musik.
 - 4 Pilih kategori musik lan telusuri menyang trek sing pengin dikirim.
 - 5 Tunyuk trek kanggo muter. Sampeyan bisa nunyuk  kanggo ngasokake trek. Transfer isa mlaku manawa trek diputer utawa ngaso.
 - 6 Tahan telpon sampeyan lan telpon panrima ing posisi singkur-singkuran supaya area deteksi NFC telpon loro karone dempet. Yen nyambung, telpon bakal kedher lan transfer data diwiwiti.
 - 7 Langsung pisahake telpon sabanjure kedher.
 - 8 Yen transfer mari, file musik langsung diputer ing telpon panrima. File uga sekaligus disimpen ing aplikasi Musik.
-  Langsung misahake telpon sabanjure kedher bakal nyegah upaya koneksi balen sing bisa ngganggu transfer data.
-  Sampeyan bisa uga ora bisa nyalin, ngirim utawa ntransfer item sing dilindhungi hak cipta.

Kanggo nuduhake foto utawa video karo telpon liyane nganggo NFC

- 1 Priksa manawa telpon sampeyan lan telpon panrima wis nguripake fungsi NFC, kothak centhang **Enggo bareng labelku** ing ngisore **Label > Labelku** dikosongi lan kabeh layar telpon aktif.
 - 2 Kanggo ndeleng foto lan video ing telpon, bukak Layar Ngarep sampeyan, banjur tunyuk **Media** >  . Yen  ora ditampilake, tutul  , banjur temokake lan tutul  .
 - 3 Tunyuk album sing ngemot foto utawa video sing pengin dituduhake.
 - 4 Tunyuk foto utawa video sing pengin dituduhake.
 - 5 Tahan telpon sampeyan lan telpon panrima ing posisi singkur-singkuran supaya area deteksi NFC telpon loro karone dempet. Yen ngenali siji lan liyane, telpon bakal kedher lan transfer data diwiwiti.
 - 6 Langsung pisahake telpon sabanjure kedher.
 - 7 Yen transfer mari, foto utawa video dituduhake ing layar telpon panrima. File uga sekaligus disimpen ing aplikasi **Galeri**.
-  Langsung misahake telpon sabanjure kedher bakal nyegah upaya koneksi balen sing bisa ngganggu transfer data.

Mindhai label NFC

Telpon bisa mindhai maneka warna label NFC. Contone, telpon bisa mindhai label sing ditempelake ing poster, papan iklan gedhe, utawa jejere produk ing toko eceran. Sampeyan bisa nampa informasi tambahan, kayata alamat web, utawa nomer telpon.



Mindhai label NFC

- 1 Pesthekake yen telpon guna NFC wis diuripake lan layar aktif.
- 2 Selehake telpon ing ndhuwure label supaya area deteksi NFC telpon bisa demek label. Telpon mindhai label lan nampilake isi sing diklumpukake. Tutul isi label kanggo mbukak.
- 3 Kanggo mbukak label, tutul label.
- 4 Kanggo nyimpen label lan bali menyang layar sing sadurunge, tutul **Rampung**.


Nggarap label

Sampeyan bisa nggunakke aplikasi Label kanggo nggarap label sing dipindhai. Contone, sampeyan bisa ndeleng label lan ngelompokake label tartamtu minangka sing paling disenengi.

Ndeleng label sing wis dipindhai

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Label**. Kabeh labeh sing wis dipindhai lan disimpen katon ing sangisore tab **Label**.
-  Kanggo mbukak label, tutul isine. Contone, yen isine kuwi URL, kaca web mbukak nalika URL kasebut ditutul.


Menehi lintang ing label

- 1 Bukak aplikasi **Label** banjur tutul label. Label mbukak ing layar kanthi informasi babagan label kasebut lan dhaptar isine.
 - 2 Kanggo menehi lintang menyang label, tutul lambang bintang. Kanggo mbusak label saka dhaptar label sing diwenehi lintang, tutul lambang lintang maneh.
 - 3 Tunyuk **Rampung**.
-  Kanggo ndeleng label sing diwenehi lintang, tutul tab **Ana bintange**.


Enggo bareng label

Sampeyan bisa gawe label sing bisa dienggo bareng karo liyane sing uga duwe telpon utawa piranti liyane sing bisa mindhai label NFC. Label sing ditambahake nyakup katrangan saka salah sijine kontak, URL situs web, utawa teks. Elinga yen sampeyan mung bisa enggo bareng label sing lagi wae dipilih supaya dienggo bareng.

Nggawe label

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Label > Labelku > Tambah label anyar**.
- 3 Pilih jinis label sing pengin ditambahake.
- 4 Tunyuk **Simpen**. Label ditambahake menyang dhaptar **Atur labelku** lan didadekake label sing saiki.


Enggo bareng label

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Label > Labelku**.
- 3 Centhang kothak **Enggo bareng labelku**. Pesthekake yen guna NFC wis diuripake lan layar telpon aktif.
- 4 Kanggo ngendhegake enggo bareng label iki, busak centhang ing kothak **Enggo bareng labelku**.

Ngenti label sing mentas dipilih kanggo dienggo bareng

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Label > Labelku > Label aktif**.
- 3 Ing dialog sing mbukak, tutul label sing pengin dienggo bareng. Label saiki dipilih arep dianggo bareng.

Mbusak label sing dienggo bareng

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Label > Labelku**.
- 3 Tutup terus label ing dhaptar **Atur labelku**.
- 4 Ing dialog sing mbukak, tutul **Busak label**.

Nyambung menyang jaringan nirkabel

Sampeyan bisa ngakses Internet kanthi nirkabel saka telpon nggunakake teknologi Wi-Fi®. Kanthi cara iki sampeyan bisa nelusur web lan ngakses tarif telpon lan data sing luwih murah.

Yen perusahaan utawa organisasi sampeyan nduwe jaringan pribadi virtual (VPN), sampeyan bisa nyambung menyang jaringan iki nganggo telpon. Sampeyan bisa nggunakake VPN kanggo ngakses intranet lan layanan internal liyane ing perusahaan sampeyan.

Wi-Fi®

Kanthi nggunakake teknologi Wi-Fi® sampeyan bisa ngakses Internet nirkabel nganggo telpon. Kanggo ngakses Internet nggunakake sambungan Wi-Fi®, sampeyan kudu nelusuri dhisik banjur nyambung menyang jaringan Wi-Fi® sing kasedhiya. Kekuwatan sinyal jaringan Wi-Fi® beda-beda gumantung lokasi telpon. Pindhah nyedhak karo jalur akses Wi-Fi® bisa nambah kekuwatan sinyal.





Sadurunge nggunakake Wi-Fi®

Kanggo nelusur sambungan internet kanthi nggunakake Wi-Fi®, sampeyan perlu nelusur lan nyambung jaringan menyang jaringan Wi-Fi® sing kasedhiya banjur mbukak telusur internet. Kekuwatan sinyal jaringan Wi-Fi® beda-beda gumantung lokasi telpon. Pindhah nyedhaki jalur akses Wi-Fi® kanggo nambah kekuwatan sinyal.

Nguripake Wi-Fi®

- 1 Saka Layar Ngarep, tunjuk .
 - 2 Temokake banjur tunjuk **Setelan > Nirkabel & jaringan**.
 - 3 Centhang kothak **Wi-Fi**. Telpon saiki bakal mindai jaringan Wi-Fi® sing kasedhiya.
- ! Iki perlu sawetara wektu nganti Wi-Fi® diaktifake.

Nyambung menyang jaringan Wi-Fi®

- 1 Saka Layar Ngarep, tunjuk .
 - 2 Temokake banjur tunjuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Wi-Fi**.
 - 3 Jaringan Wi-Fi® sing kasedhiya ditampilake ing **Jaringan Wi-Fi**. Jaringan sing kasedhiya bisa uga mbukak utawa ora aman. Jaringan sing mbukak dituduhake dening  lan jaringan sing aman dituduhake dening  ing jejere jeneng jaringan Wi-Fi®.
 - 4 Tunjuk jaringan Wi-Fi® kanggo nyambungake. Yen nyoba nyambung menyang jaringan Wi-Fi® aman, sampeyan bakal dijaluk ngetik sandhi.  ditampilake ing garis status sawise disambungake.
- ! Telpon sampeyan ngelingi jaringan Wi-Fi® sing disambungake. Sabanjure sampeyan ana ing jangkauan jaringan Wi-Fi® sing disambungake sadurunge, telpon bakal nyambung kanthi otomatis.
- 💡 Ing sawetara lokasi, jaringan Wi-Fi® sing mbukak njaluk sampeyan mlebu menyang kaca web sadurunge bisa ngakses jaringan. Hubungi administrator jaringan Wi-Fi® kanggo informasi luwih lengkap.

Nyambung menyang jaringan Wi-Fi® liyane


- 1 Saka Layar Ngarep, tunjuk .
- 2 Temokake banjur tunjuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Wi-Fi**. Jaringan Wi-Fi® sing dideteksi dituduhake sangisore bagean **Jaringan Wi-Fi**.
- 3 Tunjuk jaringan Wi-Fi® liyane kanggo nyambungake.

Starus jaringan Wi-Fi®



Yen sampeyan disambungake menyang jaringan Wi-Fi® utawa yen kasedhiya jaringan Wi-Fi® ing sacedhake, sampeyan bisa ndeleng status jaringan Wi-Fi® kasebut.

Sampeyan uga bisa ngaktifake telpon supaya ngabari manawa ana jaringan Wi-Fi® dideteksi.

Ngaktifake kabar jaringan Wi-Fi®

- 1 Uripake Wi-Fi®, yen durung urip.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 3 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Wi-Fi.**
- 4 Centhang kothak **Kabar jaringan.**


Mindai jaringan Wi-Fi® kanthi manual

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Wi-Fi.**
- 3 Pencet .
- 4 Tunyuk **Pindai.** Telpon mindai jaringan Wi-Fi® lan nampilake dhaptar jaringan sing kasedhiya.
- 5 Tutul jaringan Wi-Fi® ing dhaptar kanggo nyambung menyang jaringan.


Setelan Wi-Fi® lanjut

Sadurunge nambahake jaringan Wi-Fi® kanthi manual, sampeyan kudu nguripake setelan Wi-Fi® ing telpon.

Nambahake jaringan Wi-Fi® kanthi manual

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Wi-Fi.**
 - 3 Tunyuk **Tambah jaringan Wi-Fi.**
 - 4 Lebokake **SSID Jaringan** kanggo jaringan.
 - 5 Tunyuk kolom **Keamanan** kanggo milih jinis keamanan.
 - 6 Yen dijaluk, ketik sandhi.
 - 7 Tunyuk **Simpen.**
- ! Hubungi administrator jaringan Wi-Fi® kanggo njaluk jeneng **SSID Jaringan** lan **Sandhi nirkabel.**

Ndeleng rincian informasi babagan jaringan Wi-Fi® sing disambungake



- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Wi-Fi.**
- 3 Tunyuk jaringan Wi-Fi® sing saiki disambungake. Rincian informasi jaringan bakal ditampilake.

Kabijakan ora aktif Wi-Fi®

Kanthi nambahake kabijakan ora aktif Wi-Fi®, sampeyan bisa nemtokake kapan ngalih saka Wi-Fi menyang data seluler.

- ! Yen sampeyan ora sinambung menyang jaringan Wi-Fi®, telpon nggunakake sambungan data seluler kanggo ngakses Internet (yèn sampeyan wis nyiyapake lan ngaktifake sambungan data seluler ing telpon).






Nambahake kabijakan ora aktif Wi-Fi®

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Wi-Fi.**
- 3 Pencet .
- 4 Tunyuk **Lanjut** .
- 5 Tunyuk **Kebijakan turu Wi-Fi.**
- 6 Pilih nggunakake **Kebijakan turu Wi-Fi.**

Nggunakake alamat IP statis

Sampeyan bisa ngatur wiwitan telpon supaya sambung karo jaringan Wi-Fi® kanthi nggunakake alamat IP statis.

Nyiyapake alamat IP statis

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Wi-Fi**.
- 3 Pencet .
- 4 Tunyuk **Lanjut** .
- 5 Centhang kothak **Gunakake IP statis**.
- 6 Tutul banjur ketik informasi sing dibutuhake kanggo jaringan Wi-Fi@:
 - **Alamat IP**
 - **Gateway**
 - **Netmask**
 - **DNS 1**
 - **DNS 2**
- 7 Penet  banjur tunyuk **Simpen** .

WPS

WPS (Wi-Fi Protected Setup) iku standar komputer sing nulung netepake sambungan jaringan nirkabel aman. Yen sampeyan ngerti sethithik bab keamanan nirkabel, WPS nggampangake sampeyan ngatur wiwitan sandhi katrangan Wi-Fi Protected Access (WPA) kanggo ngamanake jaringan. Sampeyan uga bisa nambah piranti menyang jaringan sing ana tanpa ngetik sandhi sing dawa.

Gunakake salah siji cara iki kanggo mbisakake WPS:

- Cara menet tombol – cukup menet tombol ing jalur akses WPS, contone, perute.
- Cara PIN – telpon nggawe PIN (Personal Identification Number) acak, sing diketik in piranti jalur akses jaringan.

Nyambung menyang jaringan Wi-Fi@ nggunakake tombol WPS

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan**.
- 3 Centhang kothak **Wi-Fi**.
- 4 Tutul **Setelan Wi-Fi > Persiyapan otomatis (WPS)**.
- 5 Penet tombol WPS ing titik akses rong menit.






Nyambung menyang jaringan Wi-Fi@ nggunakake PIN WPS

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan**.
- 3 Centhang kothak **Wi-Fi**.
- 4 Tunyuk **Setelan Wi-Fi**.
- 5 Tutul jaringan sing dituduhake dening  banjur pilih **Anggo PIN**.
- 6 Tindakake pandhuan sing katon.



Nggunakake fitur piranti Disambung kanggo file enggo bareng

Enggo bareng file media ing telpon karo piranti liyane liwat sambungan Wi-Fi@ kanthi nggunakake fitur piranti Disambung. Contone, sampeyan bisa nggunakake piranti klien sing disambung kanggo ndeleng potret utawa muter trek musik sing wis disimpen ing telpon. Utawa bisa mbukak file saka piranti liyane ing telpon. Piranti klien sing disambung bisa awujud, contone, komputer, kamera, TV, utawa PlayStation@3. Kabeh piranti mau kudu entuk DLNA Certified™ saka Digital Living Network Alliance.



Ngatur wiwitan file sing dienggo bareng kanthi nggunakake fitur piranti Disambung

- 1 Sambungake telpon menyang jaringan Wi-Fi®.
 - 2 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk **Piranti sing sinambung**.
 - 3 Pencet , banjur tunyuk **Server media**.
 - 4 Tutul  lan owahi jeneng telpon, yen pengin. Jeneng iki bakal katon ing piranti-piranti klien liyane sing disambungake karo jaringan Wi-Fi, kanggo ngenali telpon.
 - 5 Centhang kothak **Enggo bareng isi**.  katon in bar status. Telpon saiki bisa dadi server media.
 - 6 Sambungake komputer utawa piranti(-piranti) liyane menyang jaringan Wi-Fi® sing padha.
 - 7 Kabar katon ing garis status telpon. Tutul kabar banjur setel idin akses.
 - 8 Kanggo nutup tampilan **Piranti sing sinambung**, penet . Fungsi server Media tetep lumaku ing latar mburi.
 - 9 Kanggo mateni server media, pindhah menyang tampilan **Piranti sing sinambung** ing telpon banjur tandhani kothak centhang **Enggo bareng isi**.
- ! Instruksi sing dijelasake ing ndhuwur iku bisa beda-beda gumantung marang piranti klien. Uga waca Pandhuan pangguna piranti klien. Yen piranti ora bisa nyambung, priksa jaringan lokal aktif apa ora.



Nyetel idin ngakses piranti sing ketundha

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk **Piranti sing sinambung**.
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Server media**.
- 3 Pilih piranti saka dhaptar **Piranti sing ditundha**.
- 4 Pilih tingkatan ijin ngakses.


Nggenti jeneng piranti sing kadhaptar

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk **Piranti sing sinambung**.
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Server media**.
- 3 Pilih piranti saka dhaptar **Piranti kadhaptar**, banjur pilih **Ganti jeneng**.
- 4 Tik jeneng anyar kanggo piranti kasebut.

Nggenti level akses piranti sing kadhaptar

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk **Piranti sing sinambung**.
- 2 Pencet , banjur tunyuk **Server media**.
- 3 Pilih piranti saka dhaptar **Piranti kadhaptar**.
- 4 Tunyuk **Ganti tingkat akses** banjur pilih salah siji.


Golek pitulungan babagan enggo bareng isi nganggo piranti liyane

- Yen tampilan **Piranti sing sinambung** wis dibukak, penet , banjur tutul **Pitulung**.

Muter file saka piranti liyane ing telpon

Yen wis ngatur wiwitan fitur piranti Disambung, sampeyan bisa wiwit muter file media saka piranti liyane ing telpon.




Muter file media sing dituduhake ing telpon

- 1 Priksa manawa perangkat sing pengin sampeyan tuduhake file wis nyambung menyang jaringan Wi-Fi® sing padha karo telpon sampeyan.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul **Piranti sing disambungake**.
- 3 Pilih piranti sing nyambung ing **Dhaptar server**.
- 4 Telusur folder piranti sing disambungake lan pilih file media sing pengin dibukak. File bakal miwiti muter kanthi otomatis.





Muter file media sing dienggo bareng ing piranti liyane

Sampeyan bisa nggunakake fitur piranti Disambung kanggo ngakses potret lan video sing disimpen ing panyimpenan internal utawa kertu memori telpon saka piranti liyane.

Ndeleng foto utawa video saka telpon ing perangkat liya

- 1 Priksa manawa perangkat sing pengin sampeyan tuduhake file wis nyambung menyang jaringan Wi-Fi® sing padha karo telpon sampeyan.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 3 Temokake banjur tutul **Galeri**.
- 4 Bukak album sing ngemot file sing pengin dideleng.
- 5 Tutul terus salah sawijine foto utawa video. Kothak centhang muncul kanggo saben item.
- 6 Tandhani siji utawa akeh item sing pengin dideleng, banjur penet , lan tunyuk .
- 7 Pilih perangkat. File sing dipilih mulai diputer ing urutan kronologis ing perangkat sing sampeyan pilih.

Muter musik saka telpon ing perangkat liya

- 1 Priksa manawa perangkat sing pengin sampeyan tuduhake file wis nyambung menyang jaringan Wi-Fi® sing padha karo telpon sampeyan.
 - 2 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul .
 - 3 Tunyuk **MUSIKKU** kanggo mbukak perpustakaan musik.
 - 4 Pilih kategori musik lan telusuri menyang trek sing pengin diputer.
 - 5 Tutul .
 - 6 Pilih perangkat. Track diputer kanthi otomatis ing perangkat sing dipilih.
-  Sampeyan uga bisa muter track saka telpon ing perangkat liya kanthi nunyuk sampul album track kasebut banjur nunyuk **Puter ing piranti**.


Nuduhake koneksi data seluler telpon

Sampeyan bisa nuduhake sambungan data seluler telpon karo siji komputer nganggo kabel USB. Proses iki disebut nambatake USB. Sampeyan uga bisa nuduhake koneksi data telpon nganggo wolung piranti sanalika, kanthi ngowahi telpon dadi hotspot Wi-Fi® portabel.

Nalika telpon lagi nuduhake koneksi datane, lambang ing ngisor iki bisa katon ing garis status utawa ing panel Kabar:

-  Tambatan USB aktif
-  Hotspot Wi-Fi® portabel aktif
-  Tambatan USB lan hotspot portabel loro-lorone aktif


Enggo bareng sambungan data telpon kanthi nggunakake kabel USB

- 1 Mateni sambungan kabel USB menyang telpon.
 - 2 Gunakake kabel USB sing digawakake bareng karo telpon, kanggo nyambung telpon menyang komputer.
 - 3 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 4 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Nyambungake**.
 - 5 Centhang kothak **Sambungan USB**. Telpon wiwit nuduhake sambungan data jaringan mobile nganggo komputer liwat sambungan USB. Kabar sing terus-terusan katon ing garis status lan panel Kabar.
 - 6 Busak tandha kothak centhang **Sambungan USB**, utawa pedhot kabel USB kanggo mungkasi nuduhake sambungan data.
- ! Sampeyan ora bisa enggo bareng sambungan data lan kertu SD liwat kabel USB bebarengan. Kanggo informasi luwih lengkap, deleng *Nyambungake telpon menyang komputer* ing kaca 123.
- 💡 Sampeyan perlu nyiyapake komputer kanggo netepake sambungan jaringan liwat kabel USB. Pindhah menyang android.com/tether kanggo golek informasi paling anyar.

Enggo bareng sambungan data telpon minangka hotspot Wi-Fi®

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Nyambungake**.
- 3 Tutul **Setelan hotspot Wi-Fi portebel > Konfigurasi hotspot Wi-Fi**.
- 4 Lebokake **SSID Jaringan** kanggo jaringan. Tunyuk kolom **Keamanan** kanggo milih jinis keamanan.
- 5 Yen dijuluk, ketik sandhi.
- 6 Tunyuk **Simpen**.
- 7 Centhang kothak **Hotspot Wi-Fi portebel**. Telpon wiwit nyebarake jeneng jaringan Wi-Fi® (SSID). Sampeyan saiki bisa nyambung karo jaringan iki nganggo 8 komputer utawa piranti liyane.
- 8 Busak tandha kothak centhang **Hotspot Wi-Fi portebel** yen sampeyan pengin mungkasi sambungan data liwat Wi-Fi®.

Kanggo ngganti jeneng utawa ngamanake hotspot portabel

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Nyambungake**.
- 3 Priksa yen kothak centhang **Hotspot Wi-Fi portebel** wis ditandhani.
- 4 Tutul **Setelan hotspot Wi-Fi portebel > Konfigurasi hotspot Wi-Fi**.
- 5 Lebokake **SSID Jaringan** kanggo jaringan.
- 6 Tunyuk kolom **Keamanan** kanggo milih jinis keamanan.
- 7 Yen dijuluk, ketik sandhi.
- 8 Tunyuk **Simpen**.

Jaringan pribadi virtual (VPN)


Gunakake telpon kanggo nyambung menyang jaringan pribadi virtual (VPN), sing ngidini sampeyan ngakses sumber daya ing sanjerone jaringan lokal aman saka njaban jaringan aktual. Umpamane, sambungan VPN umume digunakake dening perusahaan lan institusi pendidikan kanggo pangguna sing perlu ngakses intranet lan layanan internal liyane yen pangguna lagi ana njaban jaringan internal, umpamane, nalika lagi lelungan.

Sambungan VPN bisa disiyapake kanthi nganggo cara akeh, gumantung saka jaringan. Sawetara jaringan bisa uga njaluk sampeyan nransfer lan nginstal sertifikat keamanan ing telpon. Waca *Nyambungake telpon menyang komputer* ing kaca 123 kanggo informasi sing luwih akeh babagan carane nransfer isi menyang telpon. Kanggo informasi sing luwih rinci babagan carane nyiyapake sambungan menyang jaringan pribadhi virtual, hubungi administrator jaringan perusahaan utawa organisasi sampeyan.

Nambahake jaringan pribadi virtual

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan VPN.**
- 3 Tunyuk **Tambah VPN.**
- 4 Pilih jinis VPN sing arep ditambahake.
- 5 Ketik setelan VPN sampeyan.
- 6 Penet  banjur tunyuk **Simpen.**

Nyambung menyang jaringan pribadi virtual

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan VPN.**
- 3 Ing dhaptar jaringan sing kasedhiya, tutul VPN sing pengin disambungake.
- 4 Ketik informasi sing dijaluk.
- 5 Tunyuk **Sambungake.**



Medhot sambungan saka jaringan pribadi virtual

- 1 Seret mudhun baris status.
- 2 Tunyuk kabar sambungan VPN kanggo mateni.

Browser web






Gunakake telusur web kanggo ndeleng lan navigasi kaca web, nambahake kaca minangka tetenger, lan nggawe trabasan menyang layar Ngarep. Sampeyan bisa mbukak sawetara jendhela browser sakaligus lan nggunakake fungsi zoom nalika navigasi kaca web.

Mbukak browser web

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk .

Toolbar

Pilihan toolbar nggawe panelusuran dadi luwih gampang:

-  Mbukak jendhela browser anyar
-  Nambah, mbukak utawa ngowahi tetenger. Ndeleng kaca web sing paling kerep dibukak utawa mbukak kaca web saka riwayat browser
-  Ndeleng jendhela sing mbukak
-  Refresh kaca web saiki
-  Maju sakkaca ing riwayat telusuran
- ... Mbukak menu kanggo ndeleng pilihan liyane


Mbukak toolbar

- Saka browser, pencet .


Njelajah web

Bar telusur lan alamat


Gunakake garis telusur lan alamat kanggo nelusur web.




- 1 Ndeleng kemajuan download kaca web sing saiki
- 2 Ketik tembung sing digoleki kanggo nelusur kaca web, utawa ketik alamat kaca web kanggo mbukak kaca web
- 3 Mbatalake download ana ing kaca web sing saiki

- 💡 Nalika kaca wis rampung diunduh, tutul lambang tenger  ing jejere garis telusur lan alamat kanggo weneh tenger ing kono.


Mbukak kaca web

- 1 Ing panelusur, tutul kolom teks ing garis telusur lan bar alamat kanggo ngaktifake papan tombol.
- 2 Ketik alamat web.
- 3 Yen nggunakake tampilan ngadeg, tutul . Yen nggunakake tampilan mujur nengen, tutul **Bukak**.

Nelusuri kaca web

- 1 Tunyuk kolom teks telusur lan alamat kanggo ngaktifake keypad.
- 2 Tik tembung telusuran utawa frasa.
- 3 Yen nggunakake tampilan ngadeg, tutul . Yen nggunakake tampilan mujur nengen, tutul **Bukak**.

Metu browser web

- Nalika njelajah, pencet .
- 💡 Yen mbukak browser maneh, browser dituduhake padha persis kaya nalika metu, yaiku jumlah jendhelane, posisi lan tingkat zoom padha.

Navigasi kaca web

Milih link



- Kanggo milih link ing kaca web, tunyuk link. Link sing dipilih disorot ing warna oranye, lan kaca web dimuat nalika sampeyan ngeculake driji.
- 💡 Yen salah milih link sadurunge ngeculake driji, sampeyan bisa ora milih kanthi nyeret driji nganti link ora disorot maneh.

Mbukak kaca sadurunge nalika njelajah


- Pencet .

Kanggo nggedhekake utawa nyilikake kaca web


Gunakake salah siji metode zoom gedhe utawa zoom cilik ing kaca web:

- Demek area ing kaca nganggo driji loro bebarengan banjur jiwitake kanggo nyilikake, utawa biyak driji kanggo nggedhekake.
- Geser driji ing layar supaya kontrol atur ukuran katon. Tutul lambang  kanggo zoom gedhe, utawa tutul  kanggo zoom cilik.
- Tunyuk pindho kanggo nggedhekake kaca web, utawa tunyuk maneh pindho kanggo nyilikake.


Muat maneh kaca web saiki

- Pencet , banjur tunyuk **Bukak maneh**.

Nambahake trabasan kaca web menyang layar Ngarep

- 1 Nalika ndeleng kaca web, penet .
- 2 Tunyuk **Tetenger** > **Tambah**.
- 3 Yen pengin, sampeyan uga bisa ngowahi jeneng lan alamat web. Yen wis rampung, tunyuk **OK**.
- 4 Tunyuk terus tetenger kanggo mbukak menu.
- 5 Tunyuk **Tbh trabasan nyang Utama**.




Kanggo nuduhake link menyang kaca web iki

- 1 Nalika njelajah, pencet .
- 2 Tunyuk **Liyane** > **Bagi kaca**.
- 3 Pilih cara transfer sing kasedhiya, banjur tindakake pandhuan ing layar.


Ngatur tetenger

Tetenger ngijini akses kanthi cepet menyang favorit lan kaca web sing kerep dibukak. Gumantung operator jaringan, sawetara tetenger bisa uga wis diinstal ing telpon.


Menehi tetenger kaca web

- 1 Nalika ndeleng kaca web, pencet .
 - 2 Tutul **Tetenger** > **Tambah**.
 - 3 Yen dikepengini, sampeyan uga bisa ngowahi jeneng lan alamat web.
 - 4 Yen wis rampung, tunyuk **OK**.
-  Kanggo menehi tetenger kaca web, sampeyan uga bisa nunyuk lambang  ing sisih tengene kolom telusuran lan alamat.


Mbukak tetenger

- 1 Nalika Browser mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Tetenger**.
- 3 Tunyuk tetenger sing pengin dibukak.

Ngowahi tetenger

- 1 Nalika Browser mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Tetenger**.
- 3 Demek terus tetenger kanggo mbukak menu.
- 4 Tunyuk **Owahi tetenger**.
- 5 Owahi jeneng lan alamat web, kaya sing dikepengini.
- 6 Yen wis rampung, tunyuk **OK**.

Kanggo mbusak tetenger



- 1 Nalika Browser mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Tetenger**.
- 3 Tutul terus tetenger kanggo mbukak menu.
- 4 Tunyuk **Busak tetenger** kanggo mbusak tetenger sing dipilih.

Menehi tetenger kaca web sing dibukak sadurunge


- 1 Nalika Browser mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Tetenger**.
- 3 Tunyuk tab **Riwayat**, utawa tab **Paling kerep dibukak**, kanggo ndeleng dhaptar kaca web sing dibukak sadurunge.
- 4 Tunyuk lambang  ing sisih tengen kaca web sing pengin ditambahake minangka tetenger.

Ngatur teks lan gambar

Kanggo nemokake teks ing kaca web

- 1 Nalika lagi ndeleng kaca web, pencet .
- 2 Tunyuk **Liyane** > **Temokake ing kaca**.
- 3 Ketik teks telusur. Karakter sing cocog katon dipadhangi nganggo warna ijo.
- 4 Tunyuk panah kiwa utawa tengen kanggo menyang item sing cocog sadurunge utawa sawise.
- 5 Tunyuk  kanggo nutup bar telusur.

Nyalin teks saka kaca web

- 1 Temokake teks sing pengin disalin.
- 2 Penet .
- 3 Tutul **Liyane** > **Pilih teks**.
- 4 Selehake driji ing wiwitan teks sing pengin dipilih banjur seret menyang titik pungkasan sing dikarepake. Teks sing dipilih dadi disunari.
- 5 Tunyuk teks sing dipilih kanggo nyalin.
- 6 Tempelake menyang email, pesen teks utawa pesen multimedia, tutul terus kolom teks ing aplikasi sing ana gandhengane banjur tunyuk **Tempel** ing menu sing ditampilake.


Nyimpen gambar saka kaca web

- 1 Ing kaca web aktif, demek terus gambar sing disenengi nganti katon menu.
 - 2 Tunyuk **Simpen gambar**.
 - 3 Yen kertu SD wis dilebokake, sampeyan bisa milih ing ngendi arep nyimpen gambar. Pilih lokasi. Yen luwih seneng nggawe setelan undhuh sing saiki dadi setelan gawan, tandhani kothak centhang **Setel dadi memori undhuhan gawan**.
- ! Yen panyimpenan internal lan kertu SD ora kasedhiya, gambar ora disimpen.

Jendhela multi

Browser bisa mbukak nganti wolung jendhela sekaligus. Sampeyan bisa, contone, mlebu menyang webmail ing jendhela sijine lan maca kabar dina iki ing jendhela liyane. Sampeyan bisa ngolah-ngalih ing antarane jendhela.

Mbukak jendhela browser anyar

- 1 Nalika Browser mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Jendhela anyar**.

Kanggo mbukak link ing jendhela browser anyar

- 1 Tutul terus sambungan nganti menu katon.
- 2 Tunyuk **Bukak ing jendhela anyar**.


Ngalih antarane jendhela browser

- 1 Nalika Browser mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Windows** kanggo ndeleng dhaptar kabeh jendhela sing dibukak.
- 3 Tunyuk jendhela sing pengin dienggo ngalih.


Ndownload saka web

Sampeyan bisa ndownload aplikasi lan konten yen nelusuri web nggunakake browser web ing telpon. Biasane, sampeyan kudu nutul link download kanggo file sing dipengini banjur download bakal diwiwiti kanthi otomatis.

Ndeleng file undhuhan

- 1 Nalika Browser mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Liyane > Download**.


Murungake undhuhan sing lagi diproses

- 1 Nalika Browser mbukak, penet .
- 2 Tutul **Liyane > Download**.
- 3 Centhang kothak ing jejere file undhuhan sing pengin dibusak.
- 4 Tutul **Batal**.


Setelan browser

Sampeyan bisa ngganti setelan browser lan personalisasi tampilan browser. Contone, sampeyan bisa ngganti ukuran teks sing ditampilake miturut sing dipengini, utawa mbusak cache, cookie, riwayat browser, lan data liyane sing sinambung menyang situs web sing dibukak.


Ngganti setelan browser

- 1 Nalika Browser mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Liyane > Setelan**.


Ngganti ukuran teks ing kaca web

- 1 Nalika browser mbukak, penet .
- 2 Tutul **Liyane > Setelan > Ukuran teks**.
- 3 Pilih ukuran teks.

Mbusak memori cache saka telpon

- 1 Nalika browser mbukak, penet .
- 2 Tutul **Liyane > Setelan.**
- 3 Temokake banjur tunyuk **Busak cache**, banjur tunyuk **OK** kanggo konfirmasi.

Mbusak cookie browser

- 1 Nalika browser mbukak, penet .
- 2 Tutul **Liyane > Setelan.**
- 3 Temokake banjur tunyuk **Busak kabeh data cookie**, banjur tunyuk **OK** kanggo konfirmasi.

Mbusak riwayat browser

- 1 Nalika browser mbukak, penet .
- 2 Tutul **Liyane > Setelan.**
- 3 Temokake banjur tunyuk **Busak riwayat**, banjur tunyuk **OK** kanggo konfirmasi.

Pangepasan otomatis kaca web

Opsi pangepasan otomatis nggampangake maca situs web sing gedhe sing nganggo teks lan gambar, kayata situs berita. Umpamane, yen sampeyan nggedhekake zoom ing kaca web nalika pangepasan otomatis difungsekake, teks kanthi otomatis nyetel ukuran layar anyar. Yen pangepasan otomatis ora difungsekake, sampeyan perlu nggulung miring kanggo maca ukara sing ganep.


Pas otomatis kaca web


- 1 Nalika Browser mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Liyane > Setelan > Pas kaca otomatis.**

Nggunakake fitur floating touch™ kanggo navigasi ing browser

Gunakake fitur floating touch™ kanggo navigasi ing browser. Arahake driji sampeyan sawetara 1 cm (0,4 inci) ing ndhuwure layar kanggo entuk efek sing padha karo yen sampeyan nggunakake mouse komputer kanggo navigasi.

Ngaktifake fitur floating touch™ ing browser


- 1 Nalika browser mbukak, penet .
- 2 Tutul **Liyane > Setelan.**
- 3 Temokake lan centhang kothak **Aktifake floating touch™.**


 Sampeyan bakal entuk pilihan kanggo ngaktifake floating touch™ nalika miwiti browser kaping pisan.

Setelan plug-in

Sampeyan bisa nyetel fungsi plug-in ing kaca web. Contone, sampeyan bisa ngaktifake plug-in kanggo entuk efek visual sing optimal nalika ndeleng kaca web. Utawa, supaya telusuran luwih cepet, sampeyan bisa ngatur browser kanggo mung mbukak plug-in yen dikarepake, utawa bisa mateni kabeh plug-in.

Ngaktifake plug-in sing dibutuhake

- 1 Nalika browser mbukak, penet .
- 2 Tutul **Liyane > Setelan.**
- 3 Temokake banjur tutul **Aktifake plug-in.**
- 4 Centhang kothak **Yen dijaluk.**

 Sampeyan bisa uga kudu miwiti maneh browser supaya setelan kasebut bisa ditrapake.

Musik


Manfaatke saakehe-akehe pamuter musik. Rungokake lan atur musik, buku audio lan podcast sing wis ditransfer menyang kertu memori saka komputer, utawa sing dituku lan diundhuh saka toko online.

Kanggo nggawe isi kanthi gampang kasedhiya ing pamuter musik, bisa nggunakake aplikasi Media Go™. Media Go™ nulung kirim isi musik antarane komputer lan telpon. Kanggo katrangan lengkap, deleng *Nyambungake telpon menyang komputer* ing kaca 123.

Njaga pangrungon

Ngrungokake pamuter musik utawa pamuter media liyane nganti suwe bisa ngrusak pangrungon, sanajan volume ora sero. Kanggo menehi tandha bab risiko iki, garis volume katon nalika volume keseron, lan sawise pamuter musik digunakake luwih saka 20 jam.

Mateni pepenget level volume

- Yen  katon, tutul **OK** kanggo ngilangi pepenget kasebut.
- 💡 Saben-saben sampeyan miwiti maneh telpon, volume media kanthi otomatis nyetel level aman.





Nyalin file media menyang kertu memori

Nyalin kabeh isi media favorit saka komputer menyang telpon lan miwiti nggunakake fitur hiburan telpon sakabehe. Transfer musik, foto, video lan file liyane iku gampang. Sambungake telpon menyang komputer nganggo kabel USB lan gunakake aplikasi pangatur file ing komputer utawa aplikasi Media Go™ kanggo nransfer file sampeyan.


Bukak *Nyambungake telpon menyang komputer* ing 123 kanggo informasi luwih umum babagan nyambungake telpon menyang komputer lan nransfer file.

Ngunakake pamuter musik

Muter konten audio

- 1 Saka layar Layar Ngarep, tutul **Media** >  kanggo mbukak pamuter musik. Yen  ora ditampilake, tutul , banjur temokake lan tutul .
- 2 Tutul **MUSIKKU** kanggo mbukak perpustakaan musik.
- 3 Pilih musik kategori lan telusur trek sing arep dibukak.
- 4 Tunyuk track kanggo muter.

Ringkesan pamuter musik



- 1 Nelusur musik ing kertu memori
- 2 Tutul tombol ora winates kanggo golek katrangan online sing gegandhengan lan plug-ins saka Android Market™
- 3 Gambar album (yen kasedhiya)
- 4 Mbukak track sadurunge ing antrian lagu saiki, utawa mundur
- 5 Tombol puter/ngaso
- 6 Indikator progres – seret indikator utawa tutul saluran menyang maju cepet utawa mundur cepet
- 7 Total dawane wektu trek
- 8 Mbukak track sabanjure ing antrian lagu saiki, utawa maju cepet
- 9 Wektu sing dilakoni ing trek saiki

Ngganti track

- Nalika trek lagi muter, tutul utawa .
- Nalika trek lagi diputer, gesek gambar album ngiwa utawa nengen.

Ngaso track

- Ing pamuter musik, tunyuk .

Maju lan mundur cepet musik

- Ing pamuter musik, tutul terus utawa .
- 💡 Sampeyan uga bisa nyeret panandha indikator baris proses nengen utawa ngiwa.

Nyetel volume audio

- Nalika pamuter musik lagi muter trek, penet tombol swara.


Kanggo ngapikake kualitas swara nganggo ekualiser

- 1 Nalika pamuter musik mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Ekualiser**. Yen sampeyan pengin nyetel swara kanthi manual, seret tombol frekwensi munggah utawa mudhun.
- 3 Yen luwih seneng nyetel swara kanthi otomatis, tutul banjur pilih jinis.



Nguripake swara Surround

- 1 Nalika pamuter musik mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Ekualiser** > **Liyane** > **Headphone surround**.
- 3 Pilih setelan.
- 4 Tunyuk **OK**.



Ndeleng antrian pamuteran saiki

- Nalika trek lagi muter ing pamuter musik, tutul gambar album banjur tutul .

Nyilikake pamuter musik

- Nalika pamuter musik lagi diputer, penet  kanggo pindhah menyang layar sing sakdurunge, utawa penet  kanggo pindhah menyang Layar Ngarep. Pamuter musik tetep muter ing latar mburi.

Kanggo mulihake menyang pamuter musik nalika lagi diputer ing latar mburi

- 1 Seret mudhun baris status kanggo mbukak panel Kabar.
 - 2 Tunyuk judhul track kanggo mbukak pamuter musik.
- 💡 Genti-genti, sampeyan bisa menet terus  banjur tutul  kanggo bali menyang pamuter musik.


Mbusak track

- 1 Bukak perpustakaan pamuter musik banjur telusur trek sing arep dibusak.
 - 2 Demek terus judhul trek, banjur tutul **Busak**.
- 💡 Sampeyan uga bisa mbusak album nganggo cara iki.

Nuduhake track

- 1 Nalika browsing track ing pustaka pamuter musik, tutul terus judhul track.
 - 2 Tunyuk **Kirim**.
 - 3 Pilih cara transfer sing kasedhiya, banjur tindakake pandhuan ing layar.
- 💡 Sampeyan uga bisa nuduhake album lan dhafar lagu nganggo cara iki.
 - ! Sampeyan bisa uga ora bisa nyalin, ngirim utawa ntransfer item dilindungi hak cipta.

Menehi saran trek ing Facebook™

- 1 Nalika trek diputer ing pamuter musik, tutul  kanggo nampilake manawa sampeyan "Seneng" ing **Facebook™**. Yen prelu, tulis komentar ing kolom komentar.
- 2 Tutul **Tuduhake** kanggo ngirim trek menyang **Facebook™**. Yen trek sukses ditampa, sampeyan bakal entuk pesen konfirmasi saka **Facebook™**.

Telusur isi sing gegandhengan karo tombol tanpa winates

Nalika trek lagi diputer ing pamuter musik, gunakake tombol tanpa winates kanggo langsung nelusur isi audio sing gegandhengan karo artis utawa trek kasebut.


Tombol tanpa winates miwiti telusur menyang ngisor iki:

- musik lan video karaoke ing YouTube™
- info artis ing Wikipedia™
- lirik ing Google.com

Nelusur isi sing gegandhengan kanthi nggunakake tombol tanpa winates

- Nalika trek isih muter ing pamuter musik, tutul .

Ringkesan My music



- 1 Nelusuri musik ing kertu memori
- 2 Gambar artis sing saiki diputer (yen kasedhiya)
- 3 Nelusuri kabeh track sing disimpen ing telpon
- 4 Nelusuri musik miturut artis
- 5 Nglumpukake musik nganggo saluran SensMe™
- 6 Nelusuri ing daftar lagu favorit sampeyan
- 7 Nelusuri ing kabeh daftar lagu
- 8 Nelusuri audio miturut track
- 9 Nelusuri miturut album

Nggunakake Musikku kanggo ngatur trek

Tutul tab Musikku ing pamuter Musik kanggo ndeleng tampilan kabeh trek sing wis disimpen ing kertu memori. Ing Musikku sampeyan bisa ngatur album lan dhaptar lagu, gawe trabasan, lan ngatur musik miturut swasana ati lan tempo.

Kanggo nambah trek musik minangka trabasan

- 1 Ing pamuter musik, tutul **MUSIKKU**.
- 2 Tunjuk , utawa , lan telusuri trek sing pengin disimpen minangka trabasan.
- 3 Tutul terus judhul trek.
- 4 Tutul **Tambah minangka trabasan**. Trabasan saiki metu ing layar utama Musikku.




Ngatur maneh trabasan

- 1 Ing pamuter musik, tunjuk **MUSIKKU**.
- 2 Demek terus sawijine trabasan nganti dadi gedhe lan telpon geter, banjur seret item menyang lokasi anyar.

Mbusak trabasan

- 1 Ing pamuter musik, tutul **MUSIKKU**.
 - 2 Tutul terus sawijine trabasan nganti dadi gedhe lan telpon geter, banjur seret item menyang .
- ! Sampeyan ora bisa mbusak tab iki: **Trek, Album, Artis, Dhaptar lagu, lan SensMe™ channels**.




Kanggo nganyari musik karo informasi paling anyar

- 1 Ing Musikku, penet .
 - 2 Tutul . Telpon nelusuri lan ndownload sampul album online lan informasi trek paling anyar sing kasedhiya kanggo musik sampeyan.
-  Ndownload informasi musik uga ngaktifake saluran SensMe™.

Temtokake kategori musik nggunakake SensMe™ channels

Aplikasi saluran SensMe™ nulung ngatur musik miturut swasana ati lan tempo. SensMe™ ngelompokake kabeh trek dadi rolas kategori, utawa saluran, supaya sampeyan bisa milih musik sing cocog karo swasana ati utawa cocog karo wektu.






Mbisakake aplikasi SensMe™ channels

- 1 Ing pamuter musik, tunyuk **MUSIKKU**.
 - 2 Tutul  > .
-  Aplikasi iki mbutuhake sambung jaringan mobile utawa Wi-Fi®.


Muter musik kanthi acak

Sampeyan bisa muter track ing daftar lagu kanthi acak. Daftar lagu bisa uga, contone daftar lagu sing digawe dhewe utawa saka album.

Muter track kanthi acak

- 1 Ing pamuter musik, tunyuk **MUSIKKU**.
 - 2 Tutul  utawa  banjur telusur album utawa dhaptar lagu.
 - 3 Tutul album utawa dhaptar lagu kanggo mbukak.
 - 4 Tunyuk .
-  Yen album utawa dhaptar lagu mbukak, sampeyan uga bisa nutul  banjur pilih mode acak utawa mode baleni.

Dhaptar lagu

Pamuter musik kanthi otomatis nggawe dhaptar lagu Cerdas ing tab dhaptar lagu  ing perpustakaan pamuter musik. Sampeyan uga bisa nggawe dhaptar lagu dhewe saka musik sing disimpen ing kertu memori.

Kajaba iku, sampeyan bisa instal aplikasi Media Go™ ing komputer lan nggunakake aplikasi iku kanggo nyalin dhaptar lagu saka komputer menyang kertu memori telpon. Kanggo informasi luwih lengkap, waca *Nyambungake telpon menyang komputer* ing kaca 123.


Nggawe dhaptar lagu dhewe

- 1 Ing pamuter musik, tunyuk **MUSIKKU**.
- 2 Kanggo nambahake artis, album utawa trek menyang dhaptar lagu, demek terus jeneng artis utawa judhul album utawa trek mau.
- 3 Ing dialog sing mbukak, tutul **Tambah nyang dhaptar lagu > Gawe dhaptar lagu anyar**.
- 4 Ketik jeneng kanggo dhaptar lagu banjur tunyuk **OK**.

Kanggo nambah trek menyang dhaptar lagu

- 1 Nalika nelusur perpustakaan pamuter musik, tutul terus jeneng artis utawa judhul album utawa trek sing pengin ditambahake.
- 2 Tutul **Tambah nyang dhaptar lagu**.
- 3 Tutul jeneng dhaptar lagu sing sampeyan pengin nambahake jeneng artis, album utawa trek. Artis, album utawa trek ditambahake menyang dhaptar lagu.

Muter dhaptar lagu sampeyan dhewe

- 1 Ing pamuter musik, tutul **MUSIKKU**.
- 2 Tutul .
- 3 Ing **Dptr lagu**, tunyuk daftar lagu.
- 4 Tunyuk track kanggo muter.

Kanggo mbusak track saka dhaptar lagu

- 1 Ing dhaptar lagu, tutul terus judhul trek sing arep dibusak.
- 2 Tunyuk **Busak saka dhaptar lagu**.



Mbusak dhaptar lagu

- 1 Ing pamuter musik, tutul **MUSIKKU** banjur pilih **Daftar lagu**.
- 2 Demek terus dhaptar lagu sing pengin dibusak.
- 3 Tutul **Busak**.
- 4 Tutul **Busak** maneh kanggo konfirmasi.

Widget pamuter musik

Widget pamuter musik minangka aplikasi miniatur sing nyedhiyani akses langsung menyang pamuter musik saka Layar Ngarep. Sampeyan kudu nambahake widget iki menyang Layar Ngarep supaya bisa digunakake.

Nambahake widget pamuter musik menyang layar Ngarep

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
- 2 Tutul **Tambah > Widget**.
- 3 Tutul .

Ngenali musik nggunakake teknologi TrackID



Gunakake layanan pengenalan musik TrackID™ kanggo ngenali trek musik sing keprungu lagi diputer ing sakcedhake. Rekam wae sampel cendhak lagu lan sampeyan bakal oleh info artis, judhul lan album ing etungan detik. Sampeyan bisa tuku trek sing dikenali dening TrackID™ lan ndeleng denah TrackID kanggo ndeleng apa sing ditelusur pangguna ing ndonya. Kanggo asil paling apik, gunakake teknologi TrackID™ ing panggonan sing sepi. Yen sampeyan nemu masalah nggunakake aplikasi iki, waca *Ora bisa nggunakake layanan basis Internet* ing kaca 142.

- ! Aplikasi TrackID™ lan layanan TrackID™ ora didhukung ing kabeh negara/wilayah, utawa dening kabeh operator jaringan lan/utawa panyedhiya layanan ing kabeh wilayah.

Mbukak aplikasi TrackID™

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tunyuk .
- 💡 Sampeyan uga bisa nggunakake widget TrackID™ kanggo mbukak aplikasi TrackID™.



Nelusur informasi trek kanthi nggunakake TrackID™

- 1 Nalika aplikasi TrackID™ mbukak, tahan telpon menyang sumber musik.
 - 2 Tunyuk . Yen trek dikenali dening layanan TrackID™, kasil katon ing layar.
- 💡 Kanggo bali menyang layar wiwitan TrackID™, pencet .

Ndeleng riwayat telusur TrackID™

- Nalika aplikasi TrackID™ mbukak, tutul .

Ndeleng denah TrackID™

- 1 Nalika aplikasi TrackID™ mbukak, tutul tab . Nalika pisanan sampeyan ndeleng denah, denah mau disetel nuduhake wilayah sampeyan.
- 2 Kanggo ndeleng denah telusuran sing paling populer ing wilayah liyane, tutul  > **Wilayah**.
- 3 Pilih negara utawa wilayah.


Nggunakake kasil teknologi TrackID™

Informasi trek katon yen aplikasi TrackID™ ngenali trek. Sampeyan bisa milih arep tukup trek, menehi rekomendasi menyang Facebook™, utawa enggo bareng kanthi nggunakake email, Bluetooth utawa SMS. Sampeyan uga bisa njupuk informasi liyane babagan artis trek, utawa nelusur isi trek sing gegandhengan ing YouTube™.

Tuku trek nggunakake teknologi TrackID™

- 1 Nalika aplikasi TrackID™ mbukak, tutul judhul trek.
 - 2 Ing layar informasi trek, tutul **Download**.
 - 3 Tindakake instruksi ing telpon kanggo nglengkapi patukon.
- ! Fitur tuku track bisa uga ora didhukung ing kabeh negara/ wilayah, utawa dening kabeh jaringan lan/utawa panyedhiya layanan ing kabeh wilayah.

Rekomendasi trek ing Facebook™

- 1 Nalika aplikasi TrackID™ mbukak, tutul judhul trek.
 - 2 Ing layar informasi trek, enteni tab  katon, banjur tutul tab iki.
 - 3 Mlebu menyang **Facebook** banjur menehi rekomendasi trek.
- ! Fitur iki bisa uga ora didhukung ing kabeh negara/ wilayah, utawa dening kabeh jaringan lan/utawa panyedhiya layanan ing kabeh wilayah.



Enggo bareng trek nggunakake teknologi TrackID™

- 1 Nalika aplikasi **TrackID™** mbukak, tutul judhul trek.
 - 2 Ing layar informasi trek, tutul **Tuduhake**.
 - 3 Pilih salah siji cara transfer sing kasedhiya.
- ! Fitur enggo bareng trek bisa uga ora didhukung ing kabeh negara/ wilayah, utawa dening kabeh jaringan lan/utawa panyedhiya layanan ing kabeh wilayah.


Nggunakake TrackID™ kanggo ngenali radio FM

Sampeyan bisa nggunakake teknologi **TrackID™** kanggo ngenali trek musik sing lagi diputer ing radio FM telpon lan enggo bareng ing **Facebook**.

Ngidentifikasi trek ing radio FM nganggo TrackID™

- 1 Sambungake headset utawa headphone karo telpon.
 - 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 3 Kanggo mbukak radio, golek banjur tutul **Radio FM** . Saluran sing kasedhiya ditampilake sajrone sampeyan nggulung ing sadawane pita frekuensi.
 - 4 Nalika diputer lagu ing radio FM, tutul .
 - 5 Aplikasi TrackID™ bakal njupuk conto lagu. Yen trek kasebut dikenali, bakal ditampilake asil trek, utawa dhaptar trek sing cocog.
- ! Fitur iki ora didhukung ing kabeh negara/wilayah, utawa dening kabeh jaringan lan/utawa operator jaringan ing kabeh wilayah.

Nuduhake trek radio ing Facebook™



- 1 Priksa manawa integrasi Facebook wis diaktifake.
- 2 Mlebu menyang Facebook™.
- 3 Bukak radio FM.
- 4 Nalika radio FM muter lagu sing pengin sampeyan bagi, gunakake aplikasi TrackID™ kanggo ngenali lagu kasebut.
- 5 Yen muncul asil trek, tunyuk  kanggo ngirim rincian trek menyang Facebook™. Yen pengin, sampeyan uga bisa nulis komentar ing kolom komentar Facebook™.

Nggunakake radio FM


Radio FM ing telpon sampeyan mlaku kaya radio FM liyane. Misale, sampeyan bisa nggoleki lan ngrungokake stasiun radio FM, lan nyimpen minangka favorit. Sampeyan kudu nyambungake headset utawa headphone sing nganggo kabel menyang telpon supaya bisa nggunakake radio. Iki amarga headset utawa headphone minangka antena. Sawise salah sawijine saka perangkat iki nyambung, sampeyan bisa ngalihake swara radio menyang speaker telpon, yen pengin.

- Nalika mbukak radio FM, saluran sing kasedhiya dituduhake kanthi otomatis. Yen saluran tartamtu nduweni informasi RDS, info iki dituduhake sawise sawetara detik sampeyan miwiti ngrungokake saluran kasebut.

Kanggo miwiti radio FM

- 1 Sambungake headset utawa headphone karo telpon.
 - 2 Saka Layar Ngarep, tutul  .
 - 3 Temokake banjur tutul **Radio FM**  . Saluran sing kasedhiya ditampilake sajrone sampeyan nggulung ing sadawane pita frekuensi.
- ! Nalika miwiti radio FM, saluran sing kasedhiya dituduhake kanthi otomatis. Yen saluran tartamtu nduweni informasi RDS, info iki dituduhake sawise sawetara detik sampeyan miwiti ngrungokake saluran kasebut.

Ringkesan radio FM



- 1 Frekuensi sing dirungokake
- 2 Saluran favorit sing wis disimpen
- 3 Tombol tuning
- 4 Bukak aplikasi pangenal musik TrackID™
- 5 Pindhah mudhun pita frekuensi menyang saluran favorit sabanjure
- 6 Pindhah munggah pita frekuensi menyang saluran favorit sabanjure
- 7 Nyimpen utawa mbusak saluran minangka sing paling disenengi
- 8 Pindhah munggah pita frekuensi kanggo nelusuri saluran
- 9 Pindhah mudhun pita frekuensi kanggo nelusuri saluran
- 10 Tombol radio urip/mati



Pindhah ing antarane saluran radio

- Geser cepet driji ngiwa utawa nengen ing band frekuensi.
- Seret dial tuning nengen utawa ngiwa.



Nggunakake saluran radio favorit

Sampeyan bisa nyimpen saluran radio sing paling seneng dirungokake minangka favorit. Kanthi nggunakake favorit sampeyan bisa kanthi cepet bali menyang saluran radio.



Nyimpen saluran minangka favorit

- 1 Nalika radio mbukak, navigasi menyang saluran sing pengin disimpen minangka favorit.
- 2 Tutul , banjur pilih .
- 3 Tik jeneng kanggo saluran, banjur tutul **Simpen**.

Mbusak saluran minangka sing paling disenengi

- 1 Nalika radio mbukak, tunyuk .
- 2 Tunyuk  ing jejere saluran sing pengin dibusak.
- 3 Tutul **Busak**.

Pindhah ing antarane saluran favorit


- Nalika radio mbukak, tunyuk  utawa .
- ! Kanggo pindah ing antarane favorit, pisanan sampeyan kudu nyimpen paling ora rong saluran minangka favorit.

Nggawe telusuran saluran radio anyar

Yen pindah menyang lokasi liya utawa panariman luwih apik ing lokasi saiki, sampeyan bisa miwiti mindai saluran radio anyar.

- ! Favorit sing wis disimpen ora kena pengaruh saka pindai anyar.



Kanggo miwiti telusuran saluran radio anyar

- 1 Nalika radio mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Telusuri saluran**. Radio mindai kabeh pita frekuensi, lan kabeh saluran sing kasedhiya bakal dituduhake.

Ngalihake swara radio ing antarane sawetara piranti

Sampeyan bisa ngrungokake radio liwat headset kabel utawa liwat headphone kabel. Nalika salah siji piranti wis nyambung, sampeyan bisa ngalihake swara menyang speaker telpon, yen pengin.



Kanggo ngalihake swara radio menyang speaker telpon

- 1 Nalika radio mbukak, penet .
 - 2 Tutul **Puter ing speaker**.
- 💡 Kanggo ngalihake swara bali menyang headset utawa headphone nganggo kabel, penet  lan tunyuk **Puter ing headphone**.

Ngoper antarane mode swara mono lan stereo

Sampeyan bisa ngrungokake radio FM ing mode mono utawa stereo. Ing sawetara kahanan, ngoper menyang mode mono bisa nyuda swara brebeg lan ndandani kualitas swara.



Ngoper antarane mode swara mono lan stereo

- 1 Nalika radio mbukak, pencet .
- 2 Tunyuk **Aktifake swara stereo**.
- 3 Kanggo ngrungokake radio ing mode swara mono maneh, penet  banjur tutul **Peksa swara mono**.

Ngenali trek radio nggunakake TrackID™

Gunakake teknologi **TrackID™** kanggo ngenali trek musik sing lagi diputer ing radio FM telpon.



Ngenali lagu ing radio FM kanthi nggunakake TrackID™

- 1 Nalika lagu lagi diputer ing radio FM telpon, tutul .
 - 2 Indikator progres katon nalika aplikasi TrackID™ menehi conto lagu. Yen kasil, sampeyan diwenehi kasil trek, utawa dhaptar trek sing mungkin.
 - 3 Penet  kanggo bali menyang radio FM.
- ! Aplikasi TrackID™ lan layanan TrackID™ ora didhukung ing kabeh negara/wilayah, utawa dening kabeh operator jaringan lan/utawa panyedhiya layanan ing kabeh wilayah.

Enggo bareng rincian musik sing disenengi ing Facebook™

Nalika ngrungokake musik nggunakake Radio FM, sampeyan bisa enggo bareng rincian trek sing disenengi ing **Facebook**. Sampeyan kudu dadi pangguna **Facebook** lan mlebu ing **Facebook**.


Enggo bareng rincian musik sing disenengi ing Facebook™

- 1 Nalika radio FM muter trek musik sing sampeyan pengin enggo bareng, golek lan tutul .
 - 2 Tambahake komentar ing kolom komentar, yen pengin.
 - 3 Tutul **Tuduhake** kanggo ngirim rincian trek menyang **Facebook**.
 - 4 Tutul **Batal** kanggo bali menyang aplikasi **Radio FM**.
 - 5 Sawise sampeyan ngirim trek menyang akun **Facebook**, pesen konfirmasi katon ing layar radio FM.
- !  ora bakal katon ing layar radio FM yen sampeyan ora mlebu menyang **Facebook**.

Njupuk foto lan ngrekam video

Kamera telpon dilengkapi sensor Exmor R™ sensitif, sing ngidini njupuk foto lan video sing cetha sanajan ing lingkungan cahya sing remeng-remeng. Nganggo kamera telpon, sampeyan bisa njupuk foto 2D biasa utawa njupuk foto 3D ing mode 3D Sweep Panorama™ lan mode Sweep Multi Angle™. Kirim foto lan video menyang kanca minangka pesen multimedia, utawa upload menyang layanan web.

Ringkesan kontrol kamera




- 1 Tombol kamera – Nguripake kamera/Njupuk potret/Ngrekam video
- 2 Ngalih ing antarane kamera foto lan video
- 3 Tampilake kabeh setelan
- 4 Njupuk foto utawa ngrekam klip video
- 5 Mundur selangkah utawa nutup kamera
- 6 Ndeleng foto lan video
- 7 Lambang setelan kamera
- 8 Zoom nggedhekake utawa zoom nyilikake
- 9 Layar kamera utama

Ngaktifake kamera

- Pencet terus tombol kamera.






Nutup kamera

- Penet  saka layar kamera utama.




Nggunakake kamera foto

Ana telung cara kanggo njupuk foto nganggo kamera foto. Sampeyan bisa menet tombol kamera, nutul tombol kamera ing layar, utawa ndemek sawijining bagean ing layar.

Njupuk foto kanthi ndemek layar

- 1 Aktifake kamera.
 - 2 Yen kamera foto ora dipilih, seret  menyang .
 - 3 Kanggo nampilake kabeh setelan, penet .
 - 4 Tunyuk **Cara motret** banjur pilih **Njupuk tutul** yen durung dipilih.
 - 5 Arahake kamera menyang subyek.
 - 6 Kanggo nguripake fokus otomatis, demek terus titik ing layar. Nalika pigura fokus dadi ijo, angkat driji kanggo njupuk foto.
- ! Ati-ati aja nganti nutul ,  utawa lambang liyane nalika ndemek layar kanggo njupuk potret.


Njupuk potret kanthi nutul tombol layar

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Yen kamera foto ora dipilih, seret ● menyang .
- 3 Kanggo nampilake kabeh setelan, penet .
- 4 Tunyuk **Cara motret** banjur pilih **Tombol layar** yen durung dipilih.
- 5 Arahake kamera menyang subyek.
- 6 Tutul tombol layar . Potret dijupuk sanalika sampeyan ngangkat driji.


Nggunakake fungsi zoom

- Nalika kamera mbukak, penet tombol volume munggah utawa mudhun kanggo nggedhekake utawa nyilikake.

Kanggo nggunakake lampu kilat kamera foto



- 1 Nalika kamera mbukak, penet .
- 2 Tunyuk **Lampu kilat**, banjur pilih setelan lampu kilat sing dipengini.
- 3 Njupuk foto.

Ndeleng potret lan video

- 1 Bukak kamera, banjur tutul gambar cilik ing layar sisih ngisor kanggo mbukak potret utawa klip video.
- 2 Gulung cepet ngiwa utawa nengen kanggo ndeleng potret lan klip video. Video dituduhake kanthi .

- 💡 Langkah 1, sampeyan uga bisa gulung cepet gambar cilik saka tengen ngiwa lan pilih salah siji sing pengin dideleng.

Kanggo mbusak foto



- 1 Bukak foto sing pengin dibusak.
- 2 Penet , banjur tunyuk .

- 💡 Kanggo mbusak foto utawa video sing bubar dijupuk, sampeyan bisa uga nggulung cepet gambar cilik ing sisih tengen ngisor jendela bidik banjur menet terus item sing pengin dibusak.

Deteksi pasuryan

Sampeyan bisa nggunakake deteksi pasuryan kanggo ngowahi pasuryan sing ora fokus supaya bisa fokus. Kamera kanthi otomatis bisa ndeteksi nganti limang pasuryan, sing dituduhake pigura putih. Pigura kuning nuduhake pasuryan endi sing dipilih kanggo fokus. Fokus diset menyang pasuryan sing paling cedhak karo kamera. Sampeyan uga bisa nunyuk salah sijine pigura kanggo milih pasuryan endi sing arep dianggo fokus.

Nguripake deteksi pasuryan

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Yen kamera foto ora dipilih, seret ● menyang .
- 3 Tutul lambang ing ndhuwur kiwa, banjur pilih **Normal**.
- 4 Kanggo nampilake kabeh setelan, penet .
- 5 Tutul **Mode fokus > Deteksi praupan**.

Njupuk foto nggunakake deteksi pasuryan




- 1 Nalika kamera mbukak lan wis disetel **Deteksi praupan**, arahake kamera menyang subyek. Nganti limang pasuryan bisa dideteksi, lan saben pasuryan sing dideteksi bakal dipigura.
- 2 Tunyuk pigura sing pengin dipilih dadi fokus. Aja nunyuk yen sampeyan pengin kamera milih fokus kanthi otomatis.
- 3 Penet tombol kamera separo. Pigura ijo nuduhake pasuryan sing dadi fokus.
- 4 Kanggo njupuk foto liyane, penet tombol kamera.

Deteksi eseman

Deteksi eseman ngijini sampeyan kanggo nangkap pasuryan nalika mesem. Kamera bisa ndeteksi nganti limang pasuryan banjur milih salah siji kanggo deteksi eseman lan fokus

otomatis. Pigura ijo nuduhake pasuryan endi sing dipilih. Nalika pasuryan sing dipilih mesem, kamera njupuk foto kanthi otomatis.

Ngaktifake deteksi eseman

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Yen kamera foto ora dipilih, seret  menyang .
- 3 Kanggo nampilake kabeh setelan, penet .
- 4 Tutul **Deteksi eseman** lan pilih level eseman.

Njupuk foto nggunakake deteksi eseman






- 1 Nalika kamera mbukak lan **Deteksi eseman** aktif, arahake kamera menyang subjek. Saben pasuryan sing dideteksi bakal dipigura ing jendela bidik (ora luwih saka limang pasuryan).
- 2 Kamera milih pasuryan sing arep dadi fokus.
- 3 Pasuryan sing dipilih ditampilake ing pigura ijo lan foto bakal dijupuk kanthi otomatis.
- 4 Yen ora kadeteksi eseman, penet tombol kamera kanggo njupuk foto kanthi manual.

Nambahake posisi geografis menyang foto

Aktifake geotagging kanggo nambahake prakiraan lokasi geografis (geotag) menyang sawetara foto nalika dijupuk. Lokasi geografis ditemtokake nganggo jaringan nirkabel (jaringan seluler utawa Wi-Fi®) utawa nganggo teknologi GPS.




Nalika  ditampilake ing layar kamera, tandhane geotagging diaktifake nanging posisi geografis durung ditemokake. Nalika  ditampilake, tandhane geotagging diaktifake lan kasedhiya lokasi geografis, mula foto sampeyan bisa diwenehi geotag. Yen ora ana salah siji simbol sing dituduhake, tandhane geotagging dipateni.

Ngaktifake geotagging



- 1 Aktifake kamera.
- 2 Yen kamera foto ora dipilih, seret  menyang .
- 3 Penet , banjur tunyuk **Geotag > On**.
- 4 Tunyuk **OK** kanggo ngaktifake GPS lan/utawa jaringan nirkabel.
- 5 Centhang pilihan sing dipengini ing **Lokasiku**.
- 6 Sawise konfirmasi setelan, penet  kanggo bali menyang layar kamera.
- 7 Yen  katon ing layar kamera, lokasi sampeyan wis sadhiya lan foto sampeyan bisa diwenehi geotag. Yen ora katon, priksa GPS lan/utawa sambungan jaringan nirkabel.

Nggunakake setelan kamera mati

Kanggo nyetel setelan kamera foto

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Yen kamera foto ora dipilih, seret  menyang .
- 3 Tutul salah sijine lambang setelan ing sisih kiwa layar.
- 4 Kanggo nampilake kabeh setelan, penet .
- 5 Pilih setelan sing arep diatur, banjur owahi kaya sing dipengini.

Ngatur panel setelan kamera foto

- 1 Nalika kamera foto mbukak, penet  kanggo nampilake kabeh setelan.
 - 2 Tutul terus setelan sing arep dipindhah banjur seret menyang posisi sing dipengini.
-  Yen sampeyan nyeret setelan ing sanjabane panel setelan, pangowahan dibatalake.

Ringkesan setelan kamera foto

Normal

**Sapuan Panorama 3D**

3D Sweep Panorama ngidini sampeyan njupuk foto panorama sudhut amba kanggo sesawangan ing 3D. Penet tombol kamera banjur geser kamera kanthi anteng saka kiwa menyang tengen, utawa kosok balene.

**Sapuan Multi Sudhut**

Ing mode Sweep Multi Angle, kamera njupuk sawetara gambar kanthi sudhut sing beda nalika sampeyan nggeser ing layar. Gambar kasebut disimpen dadi siji ing file MPO (Multiple Picture Object).

**Sapuan Panorama**

Gunakake setelan iki kanggo njupuk foto panorama sudhut amba. Penet tombol kamera banjur geser kamera kanthi anteng saka kiwa menyang tengen, utawa kosok balene.

Mode fokus

Fungsi fokus ngontrol bagean foto sisih endi sing kudu kontras. Nalika fokus otomatis urip, kamera tansah nyetel fokus supaya area ing pigura fokus putih tetep kontras.

**Fokus tunggal otomatis**

Kamera kanthi otomatis fokus ing subyek sing dipilih. Fokus otomatis terus-terusan urip. Demek terus layar kamera, pigura fokus putih malih dadi ijo nalika fokus wis disetel. Foto bakal dijupuk sanalika sampeyan ngeculake driji.

**Multi fokus otomatis**

Fokus kanthi otomatis disetel ing sawetara area gambar. Demek terus layar kamera, pigura fokus putih malih dadi ijo nalika fokus wis disetel. Foto bakal dijupuk sanalika sampeyan ngeculake driji. Fokus otomatis terus-terusan mati.

**Deteksi praupan**

Kamera kanthi otomatis ndeteksi nganti limang pasuryan, sing dituduhake dening pigura ing layar kamera. Kamera kanthi otomatis fokus ing subyek sing paling cedhak. Sampeyan uga bisa milih pasuryan kanggo njupuk fokus kanthi nutul pasuryan kasebut ing layar. Demek terus layar kamera, pigura fokus putih malih dadi ijo nalika fokus wis disetel. Foto bakal dijupuk sanalika sampeyan ngeculake driji. Deteksi pasuryan ora bisa digunakake kanggo kabeh jinis sesawangan. Fokus otomatis terus-terusan urip.

**Tanpa wates**

Gunakake nalika njupuk foto saka kadohan. Fokus disetel ing subjek sing adoh. Subjek sing cedhak karo kamera bisa uga burem. Fokus otomatis terus-terusan mati.

**Fokus tutul**

Demek bagean tartamtu ing layar kamera kanggo nyetel area fokus. Fokus otomatis terus-terusan mati. Demek terus layar kamera, pigura fokus putih malih dadi ijo nalika fokus wis disetel. Foto bakal dijupuk sanalika sampeyan ngeculake driji.

! Setelan iki mung kasedhiya ing mode motret **Normal**.

Nilai cahya

Nemtokake jumlah cahya ing foto sing pengin dijupuk. Angka sing luwih dhuwur tegese cahya tambah akeh.

! Setelan iki mung kasedhiya ing mode motret **Normal**.

Ngukur

Fungsi iki kanthi otomatis nemtokake cahya sing imbang kanthi ngukur jumlah cahya kanggo gambar sing pengin dijupuk.

**Pusat**

Nyetel cahya menyang tengah gambar.

**Rata-rata**

Ngetung cahya adhedhasar jumlah cahya kanggo kabeh gambar.

**Titik**

Nyetel cahya ing bagean cilik saka gambar sing pengin dijupuk.

! Setelan iki mung kasedhiya ing mode motret **Normal**.

Imbangan putih

Setelan imbangan putih nyetel imbangan warna miturut kondisi cahya.



Otomatis

Nyetel imbangan warna kanthi otomatis miturut kondisi cahya.



Pijar

Nyetel imbangan warna kanggo kondisi cahya anget, kayata ing ngisor lampu bolam.



Fluoresensi

Nyetel imbangan warna kanggo cahya lampu neon.



Awan

Nyetel imbangan warna kanggo panggunaan kondisi njaba ruangan kanthi cahya srengenge.



Mendhung

Nyetel imbangan warna kanggo langit mendhung.

! Setelan iki mung kasedhiya ing mode motret **Normal**.

Sesawangan

Gunakake fitur Sesawangan kanggo nyiyapake kamera kanthi cepet kanggo kahanan sing nggunakake sesawangan sing wis diprogram. Kamera wis nemtokake sawetara setelan sing bisa dicocogake miturut sesawangan sing wis dipilih, kanggo njupuk foto sing paling apik.



Off

Fitur Sesawangan mati lan foto bisa dijupuk kanthi manual.



Potret

Gunakake kanggo foto ngadeg. Setelan dioptimalake kanggo menehi tampilan kulit sing luwih alus.



Lanskap

Gunakake kanggo foto mujur nengen. Kamera fokus ing objek sing adoh. Nalika **Lanskap** dipilih, mode fokus diganti dadi **Tanpa wates**.



Pemandangan wengi

Gunakake nalika njupuk foto ing wayah wengi utawa ing lingkungan sing surem (tanpa lampu kilat). Amarga suwene wektu cahya, kamera kudu dicekeli kanthi anteng utawa diselehake ing papan sing rata. Nalika **Pemandangan wengi** dipilih, mode fokus diganti dadi **Tanpa wates**.



Potret wengi

Gunakake kanggo foto ngadeg ing wayah wengi utawa ing lingkungan sing kurang cahya (nganggo utawa tanpa lampu kilat). Amarga suwene wektu cahya, kamera kudu dicekeli kanthi anteng utawa diselehake ing papan sing rata.



Pantai lan salju

Gunakake ing lingkungan padhang kanggo ngindhari foto surem.



Olahraga

Gunakake kanggo foto obyek sing mlaku cepet. Wektu cahya sing cepet minimalake burem amarga obah.



Pesta

Gunakake kanggo foto ing njero ruangan ing lingkungan kurang cahya. Sesawangan iki njupuk cahya latar mburi njero ruangan utawa cahya lilin. Amarga suwene wektu cahya, kamera kudu dicekeli kanthi anteng utawa diselehake ing papan sing rata.



Dokumen

Gunakake kanggo foto teks utawa gambar. Nambahi kontras foto sing luwih cetha.

! Setelan iki mung kasedhiya ing mode motret **Normal**.

ISO

Sampeyan bisa nyuda gambar burem amarga lingkungan peteng utawa subjek obah-obah kanthi nambah sensitivitas ISO.



Otomatis

Nyetel sensitivitas ISO kanthi otomatis.



100

	Nyetel sensitivitas ISO dadi 100.
	200 Nyetel sensitivitas ISO dadi 200.
	400 Nyetel sensitivitas ISO dadi 400.
	800 Nyetel sensitivitas ISO dadi 800.

! Setelan iki mung kasedhiya ing mode motret **Normal**.

Lampu kilat

Gunakake lampu kilat kanggo njupuk foto nalika kondisi cahya surem utawa yen ana cahya saka mburi



Otomatis

Kamera kanthi otomatis nemtokake manawa kondisi cahya mbutuhake lampu kilat.



Lampu kilat pangisi

Gunakake setelan iki yen latar mburi luwih padhang tinimbang subyek. Iki ngilangi bayangan peteng sing ora dipengini.



Off

Lampu kilat dipateni. Kadhangkala, kualitas foto malah luwih apik tanpa lampu kilat, sanajan ing kondisi cahya surem. Njupuk foto sing apik tanpa nggunakake lampu kilat mbutuhake tangan sing anteng. Gunakake timer foto supaya foto ora burem.



Nyuda mripat abang

Nyuda warna abang ing mata nalika njupuk foto.

Resolusi

Pilih ing antarane sawetara ukuran gambar lan rasio aspek sadurunge njupuk foto. Foto kanthi resolusi sing luwih dhuwur mbutuhake memori sing luwih akeh.



5MP 4:3

Ukuran gambar 5 megapiksel kanthi rasio aspek 4:3. Cocog kanggo foto sing pengin dideleng ing layar non-widescreen utawa dicithak kanthi resolusi dhuwur.



6MP 16:9

Ukuran gambar 3 megapiksel kanthi rasio aspek 16:9. Format widescreen resolusi dhuwur. Nduweni resolusi sing luwih dhuwur tinimbang full HD. Cocog kanggo foto sing pengin dideleng ing layar widescreen.



2MP 4:3

Ukuran gambar 2 megapiksel kanthi rasio aspek 4:3. Cocog kanggo foto sing pengin dideleng ing layar non-widescreen.



2MP 16:9

Ukuran gambar 2 megapiksel kanthi rasio aspek 16:9. Cocog kanggo foto sing pengin dideleng ing layar widescreen.

Atur wektu otomatis

Kanthi timer foto sampeyan bisa njupuk foto tanpa nyekeli telpon. Gunakake fungsi iki kanggo njupuk potret-dhiri, utawa foto kelompok supaya kabeh bisa difoto. Sampeyan uga bisa nggunakake timer foto supaya kamera ora goyang nalika njupuk foto



Aktif (10 detik)

Setel wektu tundha 10 detik wiwit nutul layar kamera nganti foto dijupuk.



Aktif (2 detik)

Setel wektu tundha 2 detik wiwit nutul layar kamera nganti foto dijupuk.







Off

Foto dijupuk sanalika sampeyan nutul layar kamera.





Deteksi eseman

Gunakake fungsi deteksi eseman kanggo nemtokake eseman apa sing dideteksi kamera sadurunge njupuk foto.

-  **Mesem amba**
Mung njupuk foto nalika kadeteksi eseman sing amba.
-  **Mesem biasa**
Njupuk foto nalika kadeteksi sing eseman sedhengan.
-  **Eseman sithik**
Njupuk foto nalika kadeteksi eseman sing tipis.
-  **Off**
Fungsi deteksi eseman mati.

Geotag

Menehi label menyang foto nganggo katrangan lokasi foto dijupuk




-  **On**
Yen geotagging diuripake, lokasi geografis kira-kira ditambahake menyang foto nalika dijupuk. Kanggo nggunakake geotag, sampeyan uga kudu ngaktifake fitur lokasi ing menu **Setelan**.
*Waca **Nggunakake layanan lokasi kanggo nggoleki posisi sampeyan** ing kaca 126.*
Yen arep nambahake geotag menyang foto, lokasi kudu ditemtokake dhisik sadurunge njupuk foto. Loikasi sampeyan ditemtokake nalika  ditampilake ing layar kamera. Nalika telpon nelusuri posisi sampeyan, ditampilake .
-  **Off**
Nalika geotagging dipateni, sampeyan ora bisa ndeleng lokasi ing ngendi sampeyan njupuk foto

Swara rana

Milih ngaktifake utawa mateni swara nalika njupuk foto.




Cara motret

Milih cara sing digunakake kanggo njupuk foto.

-  **Tombol layar**
Njupuk foto kanthi nutul tombol layar ing layar kamera. Foto dijupuk sanalika sampeyan ngangkat driji.
-  **Njupuk tutul**
Ngenali area fokus tartamtu kanthi ndemek layar kamera nganggo driji. Foto dijupuk sanalika sampeyan ngangkat driji. Iki mung ditrapake yen mode fokus disetel menyang fokus demek.
-  **Mung tombol kamera**
Njupuk foto mung kanthi nggunakake tombol kamera hardware. Foto dijupuk sanalika sampeyan ngangkat driji.

Bukak cepet

Setelan bukak cepet ngidini sampeyan ngaktifake kamera saka mode turu kanthi menet terus tombol kamera.

-  **Bukak lan jupuk**
Kanthi menet terus tombol kamera, foto kaping pisanan nuli dijupuk sawise kamera dibukak saka mode turu.
-  **Mung bukak**
Kanthi menet terus tombol kamera, kamera dibukak saka mode turu.
-  **Off**
Nalika telpon ana ing mode turu, kamera ora bisa dibukak, sanajan sampeyan menet terus tombol kamera.

Tips nalika nggunakake kamera

Aturan saprotelon

Aja manggonake subyek ing bagian tengah pigura. Kanthi manggonake ing saprotelone, sampeyan bisa entuk asil sing luwih apik.

Cekeli nganti anteng

Ngindhari foto burem kanthi nyekel kamera nganti anteng. Coba antengake tangan kanthi nyelehake ing obyek sing kuwat.

Cedhakake

Kanthi nyedhak sabisane menyang subyek, sampeyan bisa ngebaki layar kamera karo subyek.

Gawe variasi

Coba njupuk saka sudut liyane, lan maju nyedhaki subyek. Jupuk sawetara foto vertikal. Coba posisi liyane.

Gunakake latar mburi kosong




Latar mburi kosong mbantu nyorot subyek.

Usahake lensa tetep resik





Ponsel digunakake ing kabeh cuaca lan panggonan, lan digawa-gawa ing kanthong utawa tas. Iki nyebabake lensa kamera dadi reged dan ditutupi sidik jari. Gunakake kain sing lembut kanggo ngresiki lensa.

Nggunakake kamera video







Kanggo ngrekam video kanthi nggunakake tombol kamera

- 1 Aktifake kamera.
 - 2 Yen kamera video ora dipilih, seret  menyang .
 - 3 Kanggo wiwit ngrekam video, penet tombol kamera.
 - 4 Kanggo mungkasi ngrekam, penet tombol kamera maneh.
-  Jupuk video ing orientasi mujur nengen supaya kasile paling apik.






Kanggo ngrekam video kanthi nunyuk layar

- 1 Aktifake kamera.
 - 2 Yen kamera video ora dipilih, seret  menyang .
 - 3 Kanggo nampilake kabeh setelan, penet .
 - 4 Tutul **Cara motret** > **Njupuk tutul** yen durung dipilih.
 - 5 Tutul layar kamera kanggo miwiti ngrekam.
 - 6 Tutul layar kamera kanggo ngendhegake ngrekam.
-  Jupuk video ing orientasi mujur nengen supaya kasile paling apik.




Ngrekam video kanthi nutul tombol layar

- 1 Aktifake kamera.
 - 2 Yen kamera video ora dipilih, seret  menyang .
 - 3 Kanggo nampilake kabeh setelan, penet .
 - 4 Tutul **Cara motret**, banjur pilih **Tombol layar** yen durung dipilih.
 - 5 Arahake kamera menyang subyek.
 - 6 Tutul  kanggo miwiti ngrekam.
 - 7 Tutul  kanggo mungkasi ngrekam.
-  Jupuk video ing orientasi mujur nengen supaya kasile paling apik.

Muter video sing direkam




- 1 Aktifake kamera.
 - 2 Yen kamera video ora dipilih, seret  menyang .
 - 3 Tutul gambar cilik ing layar sisih ngisor.
 - 4 Gulung cepet ngiwa utawa nengen kanggo nelusur kabeh file potret lan video. Video dituduhake kanthi .
 - 5 Tutul  kanggo muter video.
 - 6 Kanggo ngendhegake muter video, tutul layar kamera.
-  Sampeyan uga bisa gulung cepet gambar cilik saka tengen ngiwa, lan pilih siji sing pengin dideleng.

Mbusak video sing direkam



- 1 Telusuri video sing pengin dibusak.
 - 2 Penet , banjur tutul .
-  Kanggo mbusak foto utawa video sing bubar dijupuk, sampeyan bisa uga nggulung cepet gambar cilik ing sisih tengen ngisor jendela bidik banjur menet terus item sing pengin dibusak.

Nggunakake setelan kamera video

Kanggo nyetel setelan kamera video

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Yen kamera video ora dipilih, seret  menyang .
- 3 Tutul salah sijine lambang setelan ing sisih kiwa layar.
- 4 Kanggo nampilake kabeh setelan, penet .
- 5 Pilih setelan sing arep diatur, banjur owahi saksenenge.

Ngatur panel setelan kamera video

- 1 Nalika kamera video mbukak, penet  kanggo nampilake kabeh setelan.
 - 2 Tutul terus setelan sing arep dipindah banjur seret menyang posisi sing dipengini.
-  Yen sampeyan nyeret setelan ing sanjabane panel setelan, pangowahan dibatalake.

Ringkesan setelan kamera video

Sesawangan

Fitur Sesawangan mbantu nyiyapake kamera kanthi cepet kanggo situasi umum nggunakake sesawangan sing wis diprogram. Kamera nemtokake sawetara setelan sing bisa dicocogake miturut sesawangan sing dipilih, kanggo njupuk video sing paling apik.



Off

Fitur Sesawangan mati lan video bisa dijupuk kanthi manual.



Potret

Gunakake kanggo video malang. Setelan dioptimalake kanggo menehi tampilan kulit sing luwih alus.



Lanskap

Gunakake kanggo video mujur. Kamera fokus ing objek sing adoh. Nalika **Lanskap** dipilih, mode fokus diganti dadi **Fokus tunggal otomatis**.



Wengi

Yen diuripake, sensitivitas cahya bakal tambah. Gunakake ing lingkungan sing kurang cahya. Video kanthi obyek sing obah cepet bisa uga burem. Jaga supaya tangan anteng, utawa gunakake panyangga. Pateni mode peteng yen kondisi cahya apik, kanggo nambah kualitas video.



Pantai lan salju

Gunakake ing lingkungan sing padhang supaya video ora peteng.



Olahraga

Gunakake kanggo video sing obyek obah cepet. Wektu cahya sing cepet minimalake burem amarga obah.



Pesta

Gunakake kanggo video ing njero ruangan ing lingkungan sing surem. Sesawangan iki njupuk cahya latar mburi njero ruangan utawa cahya lilin. Video kanthi obyek sing obah cepet bisa uga burem. Jaga supaya tangan anteng, utawa gunakake panyangga.

Lampu foto

Gunakake lampu kanggo ngrekam video nalika kondisi cahya surem utawa yen ana cahya saka mburi.



On



Off

Kadhangkala, kualitas video bisa luwih apik tanpa lampu, sanajan kondisi cahya surem.

Ngukur

Fungsi iki kanthi otomatis nemtokake cahya sing imbang kanthi ngukur jumlah cahya kanggo gambar sing pengin dijupuk.



Pusat

Nyetel cahya menyang tengah gambar.



Rata-rata

Ngetung cahya adhedhasar jumlah cahya kanggo kabeh gambar.



Titik

Nyetel cahya ing bagean cilik saka gambar sing pengin dijupuk.

! Setelan iki mung kasedhiya ing mode motret **Normal**.

Cara motret

Milih cara sing digunakake kanggo ngrekam video.



Tombol layar

Ngrekam video nggunakake tombol layar ing layar kamera.



Njupuk tutul

Ngenali area fokus tartamtu kanthi ndemek layar kamera nganggo driji.



Mung tombol kamera

Ngrekam video mung kanthi nggunakake tombol kamera hardware.

Mode fokus

Setelan fokus ngontrol bagean video sing kontrase kudu cetha. Nalika fokus otomatis terus urip, kamera tansah nyetel fokus supaya wilayah ing pigura fokus putih tetep kontras.



Fokus tunggal otomatis

Kamera kanthi otomatis fokus ing subyek sing dipilih. Fokus otomatis terus-terusan urip.



Deteksi praupan

Kamera kanthi otomatis ndeteksi nganti limang pasuryan, sing dituduhake dening pigura ing layar. Kamera kanthi otomatis fokus ing subyek sing paling cedhak. Sampeyan uga bisa milih pasuryan kanggo njupuk fokus kanthi nutul pasuryan kasebut ing layar. Nalika nutul layar kamera, pigura ijo nuduhake pasuryan endi sing dipilih dadi fokus. Deteksi pasuryan ora bisa digunakake kanggo kabeh jinis sesawangan. Fokus otomatis terus-terusan urip.



Tanpa wates

Gunakake nalika ngrekam video saka kadohan. Fokus disetel ing subjek sing adoh. Subjek sing cedhak karo kamera bisa uga burem.

Ukuran video

Nyetel ukuran video kanggo macem-macem format



HD 720p

Format HD (High Definition) kanthi rasio aspek 16:9. 1280×720 piksel.



Wide VGA Kebak

Format Full Wide VGA kanthi rasio aspek 16:9. 864×480 piksel.



VGA

Format VGA kanthi aspek rasio 4:3. 640×480 piksel.



QVGA

Format Quarter VGA kanthi aspek rasio 4:3. 320×240 piksel.






Pesen multimedia


Ngrekam video sing cocog kanggo dikirim ing pesen multimedia. Wektu ngrekam kanggo format video iki diwatesi supaya pas karo pesen multimedia.

Atur wektu otomatis

Kanthi timer foto sampeyan bisa ngrekam video tanpa nyekeli telpon. Gunakake kanggo ngrekam video kelompok supaya kabeh wong bisa direkam ing video. Sampeyan uga bisa nggunakake timer foto supaya kamera ora goyang nalika ngrekam video.






-  **Aktif (10 detik)**
Setel waktu tunda 10 detik wiwit nutul layar kamera nganti video wiwit direkam.
-  **Aktif (2 detik)**
Setel waktu tunda 2 detik wiwit nutul layar kamera nganti video wiwit direkam.
-  **Off**
Video wiwit direkam sanalika sampeyan nutul layar kamera.

Nilai cahya

-  Setelan iki ngidini sampeyan nemtokake jumlah cahya ing gambar sing dijupuk. Angka sing luwih dhuwur tegese cahya tambah akeh.



Imbangan putih

Setelan imbangan putih nyetel imbangan warna miturut kondisi cahya.

-  **Otomatis**
Nyetel imbangan warna kanthi otomatis miturut kondisi cahya.
-  **Pijar**
Nyetel imbangan warna kanggo kondisi cahya anget, kayata ing ngisor lampu bolam.
-  **Fluoresensi**
Nyetel imbangan warna kanggo cahya lampu neon.
-  **Awan**
Nyetel imbangan warna kanggo panggunaan kondisi njaba ruangan kanthi cahya srengenge.
-  **Mendhung**
Nyetel imbangan warna kanggo langit mendhung.


Stabiliser gambar

Nalika ngrekam video, bisa angel nyekeli telpon kanthi anteng. Stabiliser mbantu sampeyan kanthi ngimbangi obahe tangan sampeyan.

-  **On**
Sampeyan bisa ngrekam video kanthi stabiliser urip.
-  **Off**
Sampeyan bisa ngrekam video kanthi stabiliser mati.

Mikropon

Pilih manawa arep ngrekam swara lingkungan nalika ngrekam video.

-  **On**
-  **Off**

Swara rana

Pilih ngaktifake utawa mateni swara kamera nalika ngrekam video.


Kamera 3D

Kamera 3D mbantu sampeyan njupuk foto panorama sudhut amba sing bisa ngemot sesawangan luwih akeh lan nambah cethane subjek. Foto 3D Sweep Panorama bisa dideleng maneh ing TV sing ndhukung 3D. Ing mode Sweep Multi Angle, kamera njupuk sawetara gambar kanthi sudhut sing beda nalika sampeyan nggeser ing layar. Gambar kasebut disimpen dadi siji ing file MPO (Multiple Picture Object). Yen ngiringake kamera sajrone ndeleng maneh, sensor kamera ndeteksi gerakan lan nampilake gambar kanthi tampilan kaya 3D ing layar kamera.

Nguripake Kamera 3D

- Saka layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .

ringkesan kamera 3D



- | | |
|---|--|
| 1 | Ngalih ing antarane kamera foto lan video |
| 2 | Njupuk foto utawa ngrekam klip video |
| 3 | Panah panuduh – nulung sampeyan ngobahake kamera |
| 4 | Ndeleng foto lan video |
| 5 | Garis setelan |

Njupuk foto ing mode 3D Sweep Panorama

- 1 Aktifake kamera 3D.
- 2 Tutul lambang ing pojok kiwa layar isih ndhuwur, banjur pilih **Sapuan Panorama 3D** yen durung dipilih.
- 3 Penet tombol kamera separo kanggo ngunci fokus.
- 4 Penet tombol kamera nganti pol, banjur geser kamera saka kiwa menyang tengen kanthi gerakan horisontal sing stabil.

Tip kanggo njupuk potret Panorama Sapuan 3D

Elinga watesan iki nalika njupuk potret 3D:


- ngrekam 3D ora cocog: yen obyek gedhe utawa ora stasioner; yen obyek utama kecedhaken karo kamera; lan yen obyek ora pati kontras, kayata langit, pesisir wedhi, utawa latar kebak suket.
- gambar 3D ngamot sawetara gambar JPEG lan file MPO sing gegandhengan. Yen mbusak file MPO ing kamera (nalika kamera disambungake karo komputer), sampeyan ora bisa maneh ndeleng gambar JPEG sing gegandhengan.
- Yen sampeyan ora bisa ngobahake kamera menyang kabeh obyek sakjrone wektu ngrekam tartamtu, warna abu-abu katon ing gambar susunan. Yen mengkonok kedadeyane, pindhah kamera luwih cepet kanggo ngrekam gambar 3D wutuh.
- Ing kahanan cahya remeng-remeng, gambar bisa uga burem. Supaya kasile apik, jupuken gambar ing cahya njaba sing padhang.
- Ing cahya sing kedhep, kayata cahya neon, njupuk gambar 3D bisa ora apik kasile.
- Nalika menet tombol kamera separo, sampeyan nyetel kunci Fokus Otomatis lan kunci Cahya Otomatis. Yen kepadhangan, fokus lan kahanan liyane genti akeh ing antarane wektu nyetel kunci-kunci iki karo wektu menet tombol kamera nganti manet, njupuk gambar bisa ora apik kasile.

- Kamera wurung njupuk gambar 3D ing kahanan ing ngisor iki: sampeyan ngobahake kamera kecepeten; sampeyan nggoyang kamera kakehan; sampeyan ngobahake kamera menyang arah sing kuwalik.

Njupuk foto ing mode Sweep Multi Angle

- 1 Aktifake kamera 3D.
- 2 Tutul lambang ing sisih kiwa ndhuwur layar, banjur pilih **Sapuan Multi Sudhut**.
- 3 Penet tombol kamera separo kanggo ngunci fokus.
- 4 Penet tombol kamera nganti pol, banjur geser kamera saka kiwa menyang tengen kanthi gerakan horisontal sing stabil.

Njupuk foto ing mode Sweep Panorama

- 1 Aktifake kamera 3D.
- 2 Tutul lambang ing sisih kiwa ndhuwur layar, banjur pilih **Sapuan Panorama**.
- 3 Tutul  banjur pilih arah kanggo nggeser.
- 4 Penet tombol kamera separo kanggo ngunci fokus lan cahya.
- 5 Penet tombol kamera nganti pol, banjur geser kamera kanthi stabil miturut arah sing ditunjuk tandha panah.

Tip kanggo njupuk potret Panorama Sapuan (2D)

Elinga watesan iki nalika sampeyan njupuk potret Panorama Sapuan:

- Yen sampeyan ora bisa ngobahake telpon menyang kabeh obyek sakjrone wektu tartamtu, warna abu-abu katon ing gambar susunan. Yen mengkono kedadeyane, pindah kamera luwih cepet kanggo ngrekam gambar panorama wutuh.
- Amarga sawetara gambar tumpuk, bagean sing tumpuk ora mesthi bisa kerekam kanthi lancar.
- Ing kahanan sing cahyane kurang padhang, gambar panorama bisa burem utawa kualitas kurang apik.
- Ing panggonan sing cahyane kedhep, kayata lampu neon, padhang utawa warna gambar kombinasi bisa ora konsisten.
- Mode Panorama Sapuan ora cocog kanggo kahanan ing ngisor iki: yen obyek pindah utawa kecedhaken karo kamera; yen gambar target ora pati kontras, kayata potret langit, pesisir wedhi, utawa latar kebak suket; lan yen gambar genti terus, kayata ombak utawa air terjun.
- Kamera bisa wurung njupuk gambar ing kahanan ing ngisor iki: sampeyan ngobahake kamera kecepeten; sampeyan nggoyang kamera kakehan; sampeyan ngobahake kamera menyang arah sing kuwalik.

Ndeleng potret lan video ing Galeri


Gunakake Galeri kanggo ndeleng potret lan muter video sing dijupuk nganggo kamera telpon, utawa ndeleng isi sing padha sing diunduh utawa disalin menyang kertu memori. Ing Galeri, sampeyan uga bisa ndeleng potret lan video sing diunggah online. Ing Galeri, sampeyan uga bisa ndeleng potret lan video sing diunggah menyang layanan online, contone, album web Picasa™ utawa menyang Facebook™.

Saka Galeri, sampeyan uga bisa enggo bareng potret lan video sing paling disenengi menyang kanca-kanca, kanthi nggunakake teknologi nirkabel Bluetooth™, email, utawa olahpesen. Sampeyan uga bisa nindakake tugas ngowahi dhasar kanggo foto lan nyetel foto dadi wallpaper utawa gambar kontak. Kanggo informasi luwih lengkap, waca *Nyambungake telpon menyang komputer* ing kaca 123.



Mobile BRAVIA® Engine


Teknologi BRAVIA® Engine Sony Mobile nambah kualitas ndeleng foto lan video sawise dijupuk, menehi gambar sing luwih bening, luwih cetha, lan luwih alami. Mobile BRAVIA Engine wis diaktifake kanthi gawan, nanging sampeyan bisa mateni yen pengin nyuda panggunaan baterai.

Mateni Mobile BRAVIA® Engine

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Setelan** > **Tampilan**.
- 3 Busak centhang ing kothak **Mobile BRAVIA Engine** yen wis dicenthang.

Mbukak Galeri lan ndeleng album

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Galeri**. Potret lan video ing kertu memori, kalebu sing dijupuk nganggo kamera lan sing diunduh saka web utawa lokasi liyane, katon ing album.
-  Yen orientasi layar ora ganti kanthi otomatis nalika telpon diputer miring, centhang kothak **Puter layar otomatis** sangisore **Setelan** > **Tampilan**.




- 1 Tunyuk ing tampilan endi wae kanggo bali menyang layar Galeri utama
- 2 Tunyuk kanggo mbukak kamera
- 3 Tutul kanggo mbukak Album 3D
- 4 Album potret lan video sing dijupuk nganggo kamera telpon
- 5 Tumpukan album – demek nganggo driji loro banjur biyak amba kanggo ndeleng isine
- 6 Gulung cepet layar ngiwa utawa nengen kanggo ndeleng album liyane

Kanggo nggarap album

Sampeyan bisa ngatur maneh potret lan video ing album sarta mindhah isi ing antarane album. Sampeyan uga bisa ngunggah saka album Galeri menyang layanan online kayata Picasa™ lan Facebook™, lan ndeleng isi saka layanan online sing kaya mengkono ing Galeri.




Mbukak album ing Galeri

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Galeri**.
- 3 Tunyuk album sing pengin dideleng. Album bakal mbukak lan nampilake isi potret lan video ing kothak kanthi urutan kronologis. Jeneng album dituduhake ing sisih ndhuwur layar.





- 1 Tunyuk kanggo ngalih tampilan kothak menyang tumpukan
- 2 Jeneng album
- 3 Tunyuk potret utawa video kanggo dideleng
- 4 Tunyuk tandha panah utawa gulung layar. Seret ngiwa utawa nengen kanggo nggulung kanthi cepet.
- 5 Tunyuk kanggo bali menyang layar Galeri utama



Ndeleng potret lan video ing Galeri

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Galeri**.
 - 3 Tunyuk album. Potret lan video ditampilake ing kothak kanthi urutan kronologis. Video dituduhake karo .
 - 4 Tunyuk potret utawa video kanggo ndeleng.
 - 5 Gulung cepet nengen kanggo ndeleng potret utawa video sabanjure. Gulung cepet nengen kanggo ndeleng potret utawa video sadurunge.
-  Yen orientasi layar ora ganti kanthi otomatis nalika telpon diputer miring, cethang kothak **Puter layar otomatis sangisore Setelan > Tampilan**.

Ndeleng potret Facebook™ ing Galeri

- 1 Sampeyan kudu mlebu menyang **Facebook™**.
- 2 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 3 Temokake banjur tunyuk **Galeri**.
- 4 Tunyuk album sing nampilake lambang . Nalika sapisanan nunyuk album **Facebook™**, potret-potret **Facebook™** bakal disalin menyang Galeri.
- 5 Potret-potret ditampilake ing kothak kanthi urutan kronologis. Tunyuk potret kanggo ndeleng.
- 6 Ing panampil potret, gulung cepet ngiwa kanggo ndeleng potret utawa video sabanjure. Gulung cepet nengen kanggo ndeleng potret utawa video sadurunge.
- 7 Bali menyang layar Galeri sawayah-sayah kanthi nunyuk  ing sisih ndhuwur kiwa layar.



Ngganti cara nampilake isi album ing Galeri

- 1 Nalika ndeleng album ing Galeri, seret switch tampilan album  nengen kanggo ndeleng isi album ing tumpukan.
- 2 Seret switch tampilan album  ngiwa kanggo ndeleng isi album ing kothak kronologis.


Kanggo nggarap album ing Galeri

Sakliyane nggarap album wutuh lan foto siji-siji, sampeyan bisa milih siji utawa luwih foto-foto lan video-video ing sawijine album kanggo digarap per kelompok, umpamane, kanggo ngirim sawetara foto saka album menyang kanca.


Nggarap sakumpulan potret utawa video ing Galeri

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Galeri**.
- 3 Bukak album sing amot isi sing arep digarap.
- 4 Kanggo nguripake mode pilihan, demek terus salah sijine item sing arep digarap.
- 5 Centhang utawa busak centhang item sing arep digarap.
- 6 Penet , banjur gunakake perangkat ing toolbar sing arep digarap kanggo item sing wis dipilih.

Nuduhake album ing Galeri

- ! Yen sampeyan enggo bareng album, aja mbusak versi asli album sadurunge item ing album wis dikirim kabeh.
- 1 Saka layar Galeri utama, demek terus album sing arep dianggo. Mode Seleksi saiki urip.
 - 2 Centhang album sing arep dituduhake, banjur penet .
 - 3 Tunyuk **Tuduhake**.
 - 4 Ing menu sing mbukak, tutul aplikasi sing pengin digunakake kanggo enggo bareng album sing dipilih.

Mbusak album ing Galeri

- 1 Saka layar Galeri utama, demek terus album sing arep digarap. Mode pilihan saiki urip.
- 2 Centhang album sing arep dibusak, banjur penet .
- 3 Tunyuk **Busak**. Ing dialog sing mbukak, tutul **Busak** maneh.

Nggarap potret ing Galeri



Sampeyan bisa ngowahi lan ngatur maneh potret ing Galeri. Contone, sampeyan bisa motong potret, nggunakake potret minangk potret kontak lan minangka wallpaper.

Zoom foto

- Nalika ndeleng potret, tutul ping pindho layar kanggo nggedhekake. Tutul ping pindho maneh kanggo nyilikake.

- Nalika ndeleng potret, biyak driji loro kanggo nggedhekake, utawa jiwitake driji kanggo nyilikake.


Nonton slideshow potret

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Galeri**.
- 3 Tunyuk album kanggo mbukak, banjur tunyuk potret lan penet .
- 4 Ing toolbar ing sisih ngisor layar, tunyuk **Tayangan slide**.
- 5 Tutul potret kanggo mungkasi slideshow.


Kanggo muter foto

- 1 Nalika lagi ndeleng potret, penet .
- 2 Tunyuk **Liyane** banjur tunyuk **Puter Ngiwa** utawa **Puter Nengen**. Foto disimpen ing orientasi anyar.


Nggunakake foto minangka gambar kontak

- 1 Nalika ndeleng foto ing panampil foto, penet .
- 2 Ing toolbar ing sisih ngisor layar, tunyuk **Temtokake minangka > Gambar kontak**.
- 3 Pilih kontak sing arep digandhengake karo foto.
- 4 Potong foto, yen perlu.
- 5 Tunyuk **Simpen**.


Nggunakake foto minangka wallpaper

- 1 Nalika ndeleng foto ing panampil foto, penet .
- 2 Ing toolbar ing sisih ngisor layar, tunyuk **Temtokake minangka > Wallpaper**.
- 3 Potong foto, yen perlu.
- 4 Tunyuk **Simpen**.


Motong foto

- 1 Nalika ndeleng foto ing panampil foto, penet .
- 2 Ing toolbar, tutul **Liyane > Potong**.
- 3 Kanggo nyetel pigura potong, tutul terus pinggiran pigura potong kasebut. Nalika panah krop katon, seret mlebu utawa metu kanggo ngowahi ukuran pigura.
- 4 Kanggo ngowahi bebarengan kabeh ukuran pinggiran pigura sing dipotong, demek terus salah siji saka patang sudhut supaya panah katon, banjur seret menyang sudhut kaya sing dipengini.
- 5 Kanggo mindhah pigura menyang bidang liya ing foto, tutul terus ing tengah pigura, banjur seret menyang posisi sing dipengini.
- 6 Kanggo nyimpen salinan potret sing dipotong, tutul **Simpen**. Versi asli sing durung dipotong tetep ana ing kertu memori telpon.

Nuduhake foto

- 1 Nalika sampeyan ndeleng foto ing panampil foto, penet  yen kontrol ora ditampilake.
- 2 Ing toolbar ing sisih ngisor layar, tunyuk **Tuduhake**.
- 3 Pilih salah siji cara transfer sing kasedhiya.

Mbusak foto

- 1 Nalika ndeleng foto ing panampil foto, penet .
- 2 Ing toolbar ing dhasar layar, tunyuk **Busak**.
- 3 Ing dialog sing mbukak, tutul **Busak**.

Ndeleng foto ing peta

Yen sampeyan ngaktifake deteksi lokasi nalika njupuk potret, sampeyan bisa nggunakake informasi sing diklumpukake mbesuk. Contone, sampeyan bisa ndeleng potret ing peta lan nuduhake menyang kanca lan kulawarga sampeyan lagi ing ngendi nalika njupuk potret kasebut. Nambahake informasi lokasi uga kalebu minangka menehi geotag. Kanggo menehi geotag ing potret, pisanan dhewe sampeyan perlu ngaktifake


deteksi lokasi ing telpon. Sampeyan bisa milih arep nganggo satelit GPS utawa jaringan nirkabel, utawa loro-lorone, kanggo nggolek posisi.

Kanggo katrangan lengkap, waca *Nggunakake layanan lokasi kanggo nggoleki posisi sampeyan* ing kaca 126

Ngaktifake deteksi lokasi

- 1 Saka Layar Ngarep, penet .
- 2 Tutul **Setelan > Lokasi & keamanan**.
- 3 Centhang kothak **Gunakake satelit GPS** lan/utawa **Gunakake jaring. nirkabel**.

Ndeleng potret geotag ing peta

- 1 Nalika ndeleng potret sing wis ditandhani geotag, penet .
- 2 Tutul **Liyane > Tuduhake ing peta**.


Kanggo nggarap video

Gunakake Galeri kanggo nonton video sing dijupuk nganggo kamera, diunduh, utawa disalin menyang kertu memori. Sampeyan uga bisa enggo bareng video karo kanca-kanca, utawa ngunggah menyang YouTube™.

Muter video



- 1 Ing Galeri telusur album sing amot video sing arep diputer.
- 2 Tutul video kanggo muter.
- 3 Yen ora ana lambang puter maneh ditampilake, tutul layar kanggo nampilake. Kanggo ndhelikake kontrol, tutul layar maneh.

Ngaso video

- 1 Nalika video diputer, tunyuk layar kanggo nuduhake kontrol.
- 2 Tunyuk .

Maju lan mundur cepet video



- 1 Nalika video lagi diputer, tutul layar kanggo nampilake kontrol.
- 2 Seret panandha garis progres ngiwa kanggo mundur cepet, utawa nengen kanggo maju cepet.

 Alternatif liyane, sampeyan bisa nutul  utawa .

Ngatur volume video

- Pencet tombol volume.

Kanggo nuduhake video

- 1 Bukak album Galeri sing ngemot video.
 - 2 Kanggo nguripake mode pilihan, demek terus item sing arep digarap.
 - 3 Centhang video utawa video-video sing pengin dituduhake.
 - 4 Pencet .
 - 5 Tunyuk **Tuduhake**.
 - 6 Ing menu sing mbukak, tutul aplikasi sing arep digunakake kanggo enggo bareng video sing dipilih, banjur tindakake langkah sing cocog kanggo ngirim.
-  Sampeyan bisa uga ora bisa nyalin, ngirim utawa nransfer item dilindhungi hak cipta. Uga, sawetara item ora bisa dikirim yen ukuran file kegedhen.

Mbusak video

- 1 Bukak album Galeri sing ngemot video.
- 2 Kanggo nguripake mode pilihan, demek terus item sing arep digarap.
- 3 Centhang video utawa video-video sing pengin dibusak.
- 4 Pencet , banjur tunyuk **Busak**.
- 5 Ing dialog sing mbukak, tutul **Busak**.


Ndeleng foto ing Album 3D

Ing Album 3D sampeyan bisa ndeleng lan muter kabeh foto sing dijupuk nganggo kamera 3D. Sampeyan uga bisa muter foto sing wis dijupuk nggunakake mode Sweep Multi Angle lan ndeleng saka akeh sudhut.

Ndeleng foto 3D ing Album 3D

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Album 3D**.
- 3 Tutul foto 3D.
- 4 Gulung cepet ngiwa kanggo ndeleng foto 3D sabanjure ing Album 3D. Gulung cepet nengen kanggo ndeleng foto 3D sadurunge.

Muter potret 3D ing Album 3D



- 1 Mbukak potret 3D. Yen kontrol ora ditampilake, tutul layar.
- 2 Tunyuk .

! Sampeyan mung bisa muter potret 3D sing dijupuk ing ukuran gambar panoram standar.

Zoom potret 3D ing Album 3D

- Nalika ndeleng potret 3D ing Album 3D, tutul ping pindho potret kanggo nggedhekake utawa nyilikake.
- 💡 Kanggo nggedhekake utawa nyilikake, sampeyan uga bisa njiwitake utawa mbiyak driji loro utawa. Banjur seret potret 3D kanggo ndeleng sisih liyane.


Ndeleng potret multi-sudhut ing Album 3D

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Album 3D**.
- 3 Tunyuk . Kabeh potret multi-sudhut dikatonake ing layar.
- 4 Tutul gambar cilik potret.
- 5 Iringake telpon nengen utawa ngiwa kanggo ndeleng potret saka sudhut sing beda.


Ngatur potret ing Album 3D

Gunakake Album 3D kanggo ngunggah potret 3D menyang album web online. Contone, yen sampeyan pangguna Facebook™, sampeyan bisa ngunggah potret ing Album 3D menyang akun Facebook™. Sampeyan uga bisa nggunakake Album 3D kanggo mbusak potret.

Enggo bareng potret 3D ing Album 3D

- 1 Nalika ndeleng potret 3D ing Album 3D, tutul potret 3D yen kontrol ora ana sing katon.
- 2 Tunyuk .
- 3 Pilih salah siji cara transfer sing kasedhiya.

Mbusak potret 3D ing Album 3D


- 1 Nalika ndeleng potret 3D ing Album 3D, tutul potret yen kontrol ora ana sing katon.
- 2 Tunyuk , banjur tunyuk **OK**.

teknologi nirkabel Bluetooth™

Gunakake fungsi Bluetooth™ kanggo ngirim file menyang piranti liyane sing kompatibel karo Bluetooth™, utawa kanggo nyambung menyang asesori handsfree. Aktifake fungsi Bluetooth™ ing telpon lan gawe sambungan nirkabel menyang piranti sing kompatibel Bluetooth™ liya kayata komputer, aksesoris handsfree, lan telpon. Fungsi sambungan Bluetooth™ luwih apik ing kisaran jangkauan 10 meter (33 kaki), tanpa ana obyek sing ngalangi. Ing sawetara kasus, sampeyan kudu masangake telpon karo piranti Bluetooth™ liya kanthi manual. Elinga nyetel telpon sampeyan nganggo fungsi "gampang ditemokake" yen sampeyan pengin piranti Bluetooth™ liyane bisa ndeteksi.

- ! Interoperabilitas lan kompatibilitas ing antarane piranti Bluetooth™ iku bisa warna-werna.


Kanggo nguripake fungsi Bluetooth™ lan nggawe telpon bisa dideteksi

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan**.
- 3 Centhang kothak **Bluetooth**.  katon in bar status.
- 4 Tunyuk **Setelan Bluetooth**.
- 5 Centhang kothak **Bisa ditemokake**. Telpon saiki bakal bisa ditemokake karo piranti liya sajrone 120 detik.

Njenengi telpon

Sampeyan bisa menehi jeneng telpon. Jeneng iki dituduhake menyang piranti liya sawise sampeyan nguripake guna Bluetooth™ lan telpon disetel supaya bisa didelok.

Menehi jeneng telpon

- 1 Priksa manawa fungsi Bluetooth™ wis diuripake.
- 2 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 3 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Bluetooth > Jeneng piranti**.
- 4 Ketik jeneng kanggo telpon.
- 5 Tunyuk **OK**.

Masangake karo piranti Bluetooth™ liyane


Yen sampeyan masangake telpon karo piranti liyane, sampeyan bisa, kayata nyambungake telpon menyang headset Bluetooth™ utawa kit mobil Bluetooth™ lan nggunakake piranti kasebut kanggo nelpon lan nampa telpon.

Sawise sampeyan masangake telpon karo piranti Bluetooth™, telpon bakal ngelingi pasangan iki. Yen masangake telpon karo piranti Bluetooth™, sampeyan bisa uga kudu ngetik sandhi. Telpon bakal kanthi otomatis nyoba sandhi umum 0000. Yen ora bisa, deleng dokumentasi piranti Bluetooth™ kanggo sandhi piranti. Sampeyan ora perlu ngetik maneh sandhi yen mbesuk nyambungake menyang piranti Bluetooth™.

Sawetara piranti Bluetooth™, kayata headset Bluetooth™, njaluk sampeyan masangake lan uga nyambungake telpon karo piranti liya.

Sampeyan bisa masangake telpon karo sawetara piranti Bluetooth™, nanging sampeyan mung bisa nyambung menyang siji piranti Bluetooth™ saknalika.


Masangake telpon karo piranti Bluetooth™ liya

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Bluetooth.**
 - 3 Tunyuk **Pindai piranti.** Piranti Bluetooth™ sing ditemokake bakal kadhaptar ing ngisor **Piranti Bluetooth.**
 - 4 Tunyuk piranti Bluetooth™ sing pengin dipasangake karo telpon.
 - 5 Yen perlu, ketik kode akses.
 - 6 Telpon lan piranti Bluetooth™ saiki wis dipasangake. Ing sawetara piranti, sampeyan uga kudu nyambungake supaya bisa digunakake. Status pasangan lan sambungan dituduhake ing sangisore jeneng piranti Bluetooth™ ing dhaptar **Piranti Bluetooth.**
- ! Prikas manawa piranti sing pengin dipasangake karo telpon nduweni fungsi Bluetooth™ urip lan visibilitas Bluetooth™ diuripake.

Nyambungake telpon menyang piranti Bluetooth™ liya

- ! Sawetara piranti Bluetooth™, contone, headset Bluetooth™, kudu dipasangake banjur disambungake menyang piranti Bluetooth™ liyane sadurunge bisa disambungake.
- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Bluetooth.**
 - 3 Ing dhaptar **Piranti Bluetooth,** tunyuk piranti Bluetooth™ sing pengin disambungake menyang telpon.

Medhot pasangan piranti Bluetooth™


- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk .
- 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan > Setelan Bluetooth.**
- 3 Ing dhaptar **Piranti Bluetooth,** demek terus jeneng piranti sing dipasangake ning lagi ora disambungake karo Bluetooth™.
- 4 Tutul **Pedhot pasangan.**

Ngirim lan nampa item kanthi nggunakake teknologi Bluetooth™




Nuduhake item karo piranti liyane sing kompatibel karo Bluetooth™, kayata telpon utawa komputer. Sampeyan bisa ngirim lan nampa sawetara jinis item kanthi nggunakake fungsi Bluetooth™, kayata:

- Foto lan video
- Musik lan file audio liyane
- Kontak
- Kaca web

Kanggo ngirim item kanthi nggunakake Bluetooth™

- 1 **Piranti panrima:** Prikasanen yen piranti Bluetooth™ sing arep dikirim item wis nguripake Bluetooth™ lan ing mode sing kejangko.
- 2 Ing telpon, bukak aplikasi sing ngemot item sing arep dikirim banjur gulung menyang item kasebut.
- 3 Gumantung marang aplikasi lan item sing arep dikirim, sampeyan perlu, umpamane, tutul terus item kasebut, bukak item utawa pencet . Cara liya kanggo ngirim item uga ana.
- 4 Pilih tampilan item barengan, utawa kirim item menu.
- 5 Ing menu sing katon, pilih **Bluetooth.**
- 6 Uripna Bluetooth™, yen sampeyan dijuluk.
- 7 Ing sangisore **Piranti Bluetooth,** tunyuk jeneng piranti panrima.
- 8 **Piranti panrima:** Yen dijuluk, tampanen sambungan kasebut.
- 9 Yen dijuluk, ketik sandhi sing padha ing piranti loro mau, utawa konfirmasi sandhi sing disaranake.
- 10 **Piranti panrima:** Nampa item sing mlebu.

Nampa item kanthi nggunakake Bluetooth™

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
 - 2 Temokake banjur tunyuk **Setelan > Nirkabel & jaringan.**
 - 3 Centang kothak **Bluetooth.**  katon ing baris status.
 - 4 Tunyuk **Setelan Bluetooth.**
 - 5 Centang kothak **Bisa ditemokake.** Telpon saiki bisa ditemokake karo piranti liyane sajrone 120 detik.
 - 6 Piranti sing ngirim saiki ngirim data menyang telpon.
 - 7 Yen disaranake, ketik sandhi sing padha ing piranti loro mau, utawa konfirmasi sandhi sing disaranake.
 - 8 Nalika sampeyan diwenehi notifikasi yen ana file sing mlebu ing telpon, seret bar status mudhun banjur tunyuk notifikasi kasebut kanggo nampa transfer file mau.
 - 9 Tunyuk **Tampa** kanggo miwiti transfer file.
 - 10 Kanggo ndeleng kemajuan transfer kasebut, seret bar status mudhun.
 - 11 Kanggo mbukak item sing ditampa, seret bar status mudhun banjur tutul notifikasi sing cocog.
-  Telpon sampeyan kudu nduweni kertu telpon supaya bisa nampa item kanthi nggunakake teknologi nirkabel Bluetooth™.

Nyambungake telpon menyang komputer

Sambungake telpon menyang komputer lan wiwiti nransfer gambar, musik lan jinis-jinis file liyane. Cara paling gampang kanggo nyambung bisa nggunakake kabel USB utawa teknologi nirkabel Bluetooth.

Nalika sampeyan nyambungake telpon karo komputer kanthi nggunakake kabel USB, sampeyan disuwun instal aplikasi PC Companion ing komputer. PC Companion mbantu sampeyan ngakses aplikasi komputer tambahan kanggo nransfer lan ngatur file media, nganyari telpon, nyelarasake isi telpon, lan liya-liyane.

- ! Sampeyan ora bisa nransfer materi sing dilindhungi hak ciptane antarane telpon karo komputer.

Nransfer lan nangani konten nggunakake kabel USB

Gunakake sambungan kabel USB ing antarane komputer karo telpon supaya gampang ngirim lan ngatur file. Sawise kaloro piranti disambungake, sampeyan bisa nyeret lan nyelehake isi ing antarane loro-lorone kanthi nggunakake panjelajah file komputer. Yen sampeyan lagi nransfer musik, video, gambar utawa file media liyane menyang telpon, sing paling apik nggunakake aplikasi Media Go™ ing komputer. Media Go™ ngowahi file media supaya bisa digunakake ing telpon.

Ngirim isi antarane telpon karo komputer kanthi nggunakake kabel USB

- 1 Ngunakake kabel USB, sambung telpon karo komputer. **Panyimpanan internal sinambung** katon ing garis status.
- 2 **Komputer:** Bukak Microsoft® Windows® Explorer saka destop banjur enteni nganti kertu memori telpon katon minangka diska njaba ing Microsoft® Windows® Explorer.
- 3 **Komputer:** Seret banjur culake file sing disenengi ing antarane telpon lan komputer.

Nransfer file nggunakake mode Transfer media liwat Wi-Fi®


Sampeyan bisa ngirim file ing antarane telpon lan piranti liyane sing kompatibel MTP, kayata komputer, nggunakake sambungan Wi-Fi®. Sadurunge nyambungake, sampeyan kudu luwih dhisik masangake piranti kasebut. Yen sampeyan nransfer musik, video, gambar utawa file media liyane ing antarane telpon lan komputer, paling apik nggunakake aplikasi Media Go™ ing komputer. Media Go™ ngowahi file media supaya bisa digunakake ing telpon.

- 💡 Supaya bisa nggunakake fitur iki, sampeyan butuh piranti sing aktif Wi-Fi® sing ndhukung Transfer media, contone, komputer sing diinstal Microsoft® Windows Vista® utawa Windows® 7.

Masangke telpon karo komputer kanthi nirkabel nggunakake mode Transfer media

- 1 Priksa manawa mode Transfer media ing telpon wis aktif. Mode iki biasane wis aktif kanthi gawan.
 - 2 Sambungake telpon menyang komputer nggunakake kabel USB.
 - 3 **Komputer:** Sawise jeneng telpon ditampilake ing layar, klik *Network configuration* banjur tututi pandhuan kanggo masangake komputer.
 - 4 Sawise rampung masangake, pedhot sambungan kabel USB saka piranti kalorone.
